**O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ H’A’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

***qol jazba h’uqi’qi’nda***

***UDK:** 494,3*

**QANAATOVA GU’LISTAN WORALBAY QI’ZI’**

# Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplar

5A120102 **– lingvistika** (qaraqalpaq tili)

**Magistr**
**akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an**
**d i s s e r t a c i y a**

MAK da jaqlawg’a ruxsat
Magistratura bo’limi basli’g’i’
_________ doc. A.B.Gulimov

**Ilimiy basshi’:** f.i.k., prof. **Qudaybergenov M.S.**
**Kafedra basli’g’i’:** f.i.k., prof. **Qudaybergenov M.S.**

**NO’KİS – 2013**

# MAZMUNI’


| | | |
|---|---|---|
| | **Kirisiw**.................................................. | 3 |
| **I bap.** | **Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’n’ klassifikaciyasi’**.................................................. | 9 |
| **1.** | Darali’q laqaplar.................................................. | 12 |
| **2.** | Toparli’q laqaplar.................................................. | 24 |
| | **I bap** boyi’nsha juwmaq.................................................. | 41 |
| **II bap.** | **Tariyxi’y adam atlari’na, h’ayal-qi’zlarg’a tiyisli laqaplar h’a’m laqapli’q toponimler**.................................................. | 42 |
| **1.** | Tariyxi’y adam atlari’na tiyisli laqaplar.................................................. | 43 |
| **2.** | Hayal-qi’zlarg’a baylani’sli’ laqaplar.................................................. | 57 |
| **3.** | Laqaplardan jasalg’an toponimler.................................................. | 62 |
| | **II bap** boyi’nsha juwmaq.................................................. | 63 |
| **III bap.** | **Buxara qaraqalpaqlari’ laqaplari’ni’n’ fonetikali’q h’a’m grammatikali’q wo’zgeshelikleri**.................................................. | 64 |
| **1.** | Fonetikali’q wo’zgeshelikler.................................................. | 64 |
| **2.** | Grammatikali’q wo’zgeshelikler.................................................. | 69 |
| | **III bap** boyi’nsha juwmaq.................................................. | 78 |
| | **Juwmaq**.................................................. | 79 |
| | **Qosi’msha**.................................................. | 83 |
| | **A’debiyatlar dizimi**.................................................. | 85 |

# K I R I S I W

**Temani'n' aktualli'g'i'.** Tu'rkiy tilleri antroponimiyasi'ni'n' belgili bir bo'legin laqaplar quraydi'. Laqaplar – xali'qti'n' ko'rkem woylawi'n, si'nshi'lli'g'i'n, yumorli'q til sheberligin wo'zinde sa'wlelendiredi. Laqaplardi' izertlew til biliminin' mashqalalari'n g'ana sheshiw menen sheklenbesten, milliy mentalitetti, a'sirler dawami'nda qa'liplesken a'dep normalari' menen qa'diriyatlardi' ani'qlawg'a da xi'zmet etedi.

Qaraqalpaq tilindegi laqaplardi' izertlew isi wo'tken a'sirdin' son'g'i' shereginde baslandi'.[1] Biraq, qaraqalpaq tilinin' jergilikli so'ylesimlerindegi laqaplar h'a'zirge shekem wo'z aldi'na izertlew obektine aylanbadi'. Soni'n' ishinde, dialektlik areallar shen'berindegi laqaplardi' u'yreniw wo'z na'wbetin ku'tip turg'an jumi'slardan yesaplanadi'. Bul jumi'slar qatari'na Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplardi' izertlew ma'selesi de kiredi.

Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' lokal til wo'zgesheliklerine, wo'zine ta'n qa'diriyatlari'na iye yekenligi ilimiy miynetlerde belgili da'rejede so'z yetilip kiyati'r.[2] Usi'nday wo'zinshelikler wolardi'n' turmi's ta'rizinde, folklori'nda, jergilikli so'ylesimlerinde h'a'zir de ayqi'ni'raq seziledi.[3] A'sirese, laqaplar qoyi'wda tu'rkiy tillerine wortaq bolg'an arxaikali'q elementler wo'zinin' da'stu'riy joli'n saqlag'an. Bul jag'day qaraqalpaq tilinin' wo'z so'zlik qatlami'n, tariyxi'y leksikasi'n u'yreniwde de qi'zi'qli' faktlerdi ju'zege shi'g'aratug'i'nli'g'i' so'zsiz.

---

[1] Хожалепесова Ю. Прозвища в системе каракалпакской антропономии. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Нукус, 1995.

[2] Ҳамидов Ҳ. Бухара қарақалпақларының тили бойынша бақлаўлар // ӨзРИА ҚҚФ Хабаршысы. – Нөкис, 1964. -№3; Толстова Л.С. Некоторые сведения о бухарских каракалпаках // Вестник ККФАН УзССР. – Нукус, 1961. -№1; Султанов А. Бухаралы қарақалпақлар // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1991. -№2.

[3] Мақсетов Қ. Бухарадағы қарақалпақ жыраў-бақсылары // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1960. -№6; Насыров Д., Толстова Л. Этническое и языковое развитие локальных групп каракалпаков *(бухарской, ферганской, самаркандской)* // Этнические процессы у национальных групп Средней Азии и Казахстана. – М., 1980.

Usi’ ko’zqarastan Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’ u’yreniw, qurami’n ani’qlaw usi’ni’lg’an izertlew jumi’si’ni’n’ aktualli’g’i’n belgileydi.

**Temani’n’ u’yreniliw da’rejesi.** Laqaplar tu’rkologiya ilimindegi az u’yrenilgen ma’seleler qatari’na kiredi. Tu’rkiy tillerdi izertlewshilerden V.Gordlevskiy osmanli’ tu’rklerdin’ onomastikasi’n izertlew arqali’ wolardi’n’ laqaplari’na da kewil awdarg’an.[4] F.Oldenburg Shi’g’i’s Tu’rkistan *(Qashg’ariya)* u’lkesi turg’i’nlari’ni’n’ bir-birin laqaplar menen ataytug’i’nli’g’i’n h’a’m oni’n’ wo’zgesheliklerin so’z yetken edi.[5] A’lbette bul izertlewler tu’rkiy laqaptani’wi’ bag’dari’ndag’i’ jumi’slardi’n’ baslamalari’ boli’p tabi’ladi’.

Tu’rkiy xali’qlar arasi’nda laqaplardi’ ken’ ko’lemde izertlew isleri XX a’sirdin’ ekinshi yari’mi’nan baslap qolg’a ali’na basladi’. Ko’rnekli tyurkolog E.Begmatovti’n’ «Wo’zbek tilinin’ antroponimikasi’» atamasi’ndag’i’ kandidatli’q dissertaciyasi’ni’n’ yekinshi babi’nda laqaplar wo’z aldi’na qarasti’ri’ldi’ h’a’m wonda wo’zbek tilindegi laqaplardi’n’ klassifikaciyasi’, semantikasi’ h’a’m grammatikali’q du’zilisi so’z yetildi.[6] Soni’n’ menen qatar, «Qaraqalpaqlardi’n’ tariyxi’ h’a’m etnografiyasi’ boyi’nsha Xiywa xanlari’ arxivindegi h’u’jjetler» degen miynettegi laqaplar h’aqqi’nda R.Safaev ta ayi’ri’m maqala ja’riyaladi’.[7] Sonday-aq qazaq izertlewshisi T.Januzaqovti’n’ «Qazaq ismlerinin’ tariyxi’» monografiyasi’nda da laqaplar tuwrali’ so’z boli’p, wolardi’n’ wo’zgeshelikleri ko’rsetilip berildi.[8]

Tu’rkologiya ilimindegi laqaplar boyi’nsha jazi’lg’an arnawli’ izertlew jumi’si’ A.Pashaevti’n’ «A’zerbayjan tilindegi laqaplar» dep atalg’an

---

[4] Гордлевский В.А. К личной ономастике у османцев // Древности восточное. – СПб., 1913. – С. 153; Гордлевский В.А. Избранные сочинение. том IV. – М.: Изд-во восточной литературы, 1968. – С. 131-136.

[5] Ольденбург Ф. «Лакамы» – прозвища жителей городов Восточного Туркестана // Сб. Музея антропологии и этнографии, Т. V, Вып.1. – СПб., 1918. – С. 93-96.

[6] Бегматов Э. Антропонимика узбекского языка. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Ташкент, 1965.

[7] Документы архива хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков. – М.: Наука, 1967.

[8] Жанұзақов Т. Қазақ есімдерінің тарихы. – Алматы: Ғылым, 1971. – Б. 77-82.

kandidatli'q dissertaciyasi' boli'p sanaladi'.[9] Soni'n' menen birge, Yu.Xojalepesovani'n' «Qaraqalpaq antroponimiyasi' sistemasi'nda laqaplar» dep atalg'an dissertaciyali'q jumi'si' da bul tarawdag'i' izertlewler qatari'n toli'qti'rdi'.[10]

Con'g'i' waqi'tlarda A.Baxamovani'n' «Uyg'i'r laqaplari' h'a'm wolardi'n' etnolingvistikali'q si'patlamasi'» atli' kandidatli'q dissertaciyasi' tu'rkiy xali'qlari'na ta'n laqaplardi'n' wo'zgesheliklerin ashi'p bergen jumi'slardi'n' biri boldi'.[11] Dag'i'stan u'lkesinde jasawshi' qumi'q xalqi'ni'n' laqaplari'n izertlegen R.Musaevani'n' «Qumi'q antroponimikasi': laqap h'a'm qi'sqa at» dep atalg'an kandidatli'q dissertaciyasi' da bul bag'dardag'i' izertlewlerge jan'asha ko'zqarastan qaralg'an jumi'slardan boli'p sanaladi'.[12]

Uluwma alg'anda, tu'rkiy tillerde laqaplardi' h'a'rta'repleme izertlewge kewil bo'linbekte. Solay yeken, qaraqalpaq antroponimiyasi'ni'n' dialektlik areali'nda turg'an laqaplardi' u'yreniw gezek ku'tip turg'an ma'selelerdin' biri yekenligi shubh'asi'z.

**İzertlewdin' obekti h'a'm predmeti.** Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' so'ylew tilinde qollani'li'p kiyati'rg'an laqaplar h'a'm laqaplarg'a baylani'sli' materiallar izertlewdin' obekti boli'p xi'zmet yetedi. Antroponimiya tarawi'ndag'i' teoriyali'q da'rekler, laqaptani'w bag'dari'nda toplang'an ilimiy ta'jiriybeler, dialektologiyali'q so'zlikler Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplardi' sali'sti'rmali' tu'rde u'yreniwdin' predmetin quraydi'.

**İzertlewdin' maqset h'a'm wazi'ypalari'.** Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplardi' u'yreniw, klassifikaciyalaw h'a'm wolardi'n' jergilikli

---

[9] Пашаев А. Прозвища в азербайджанском языке. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Баку, 1987.

[10] Хожалепесова Ю.Н. Прозвища в системе каракалпакской антропономии. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Нукус, 1995.

[11] Бахамова А.Г. Уйгурские прзвища и их этнолингвистическая характеристика. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Алматы, 2004.

[12] Мусаева Р.А. Кумыкская антропонимика: прозвища и полуимена. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Махачкала, 2008.

wo’zgesheliklerin ashi’p beriw jumi’sti’n’ bas maqseti boli’p, wonda to’mendegi ma’selelerdi ani’qlaw wazi’ypa yetip qoyi’ldi’:

– Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’ tariyxi’y-etnografiyali’q ko’zqarastan qarasti’ri’w;

– Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’ tu’rlerge aji’rati’w h’a’m klassifikaciyalaw;

– Buxara qaraqalpaqlari’ laqaplari’nda jiyi bayqalatug’i’n wo’zgesheliklerdi ko’rsetip wo’tiw;

– Buxara qaraqalpaqlari’ laqaplari’ni’n’ jasali’wi’ndag’i’ fonetika-grammatikali’q wo’zgesheliklerdi ani’qlaw.

**İzertlewdin’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri.** Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’ u’yreniwde to’mendegi na’tiyjeler ku’tiledi:

– laqaplar lingvistikali’q h’a’m etnikali’q ma’limleme jetkiziwshi tariyxi’y, ma’deniy h’a’m socialli’q qubi’li’s boli’p yesaplanadi’;

– laqaplardi’n’ do’reliwinde tildin’ rawajlani’wi’ndag’i’ tiykarg’i’ ni’zamli’li’qlar saqlani’p qaladi’;

– laqaplar mazmuni’nda milletke ta’n bolg’an tu’siniklerdin’ saqlani’wi’ h’a’m dawam yetiwi, woni’n’ etnoma’deniy a’h’miyetin ko’rsetedi.

**Jumi’sti’n’ ilimiy jan’ali’g’i’.** Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplar – qaraqalpaq til bilimi tarawi’ndag’i’ ti’n’ turg’an temalardi’n’ biri. Bul ma’sele birinshi ma’rte ken’ tu’rde usi’ izertlew obektinde monografiyali’q bag’darda izertlendi. İzertlew jumi’si’ni’n’ ilimiy-teoriyali’q juwmaqlari’ni’n’ jan’ali’g’i’ to’mendegilerden ibarat:

– Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplar boyi’nsha uluwma mag’luwmatlar toplandi’;

– Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’n’ uluwma qaraqalpaq laqaplari’ menen wortaq ta’repleri, uqsasli’qlari’ h’a’m jergilikli wo’zinshelikleri ashi’p berildi;

– Buxara qaraqalpaqlari’ arasi’nan toplang’an laqaplardi’ sistemalasti’ri’w, klassifikaciyalaw tyurkologiya ilimindegi jan’a izlenislerdin’ biri boldi’;

– Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi tu’p so’zlerden h’a’m wo’zge tillerden kirgen so’zlerden jasalg’an laqaplardi’n’ wo’zgeshelikleri ani’qlandi’.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q h’a’m metodologiyali’q tiykarlari’.** Dissertaciyali’q jumi’sti’n’ teoriyali’q h’a’m metodologiyali’q tiykari’ si’pati’nda tu’rkologiya ilimindegi izlenisler, yerisilgen jetiskenlikler, Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti İ.Karimov miynetlerinde belgilep wo’tilgen milliy wo’zlikti an’law, xali’qli’q qa’diriyatlar menen tariyxi’y da’stu’rlerdi rawajlandi’ri’w bag’dari’ndag’i’ ilimiy-teoriyali’q ko’zqaraslar basshi’li’qqa ali’ndi’. İzertlew sali’sti’rmali’-tariyxi’y h’a’m sali’sti’rmali’-tipologiyali’q metodlar tiykari’nda ali’p bari’ldi’.

Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ mazmuni’n sa’wlelendiriwde V.A.Gordlevskiy, F.Oldenburg, A.M.Selichev, V.K.Chichegov, L.M.Shetinin, E.Begmatov, E.M.Murzaev, T.Januzaqov, L.İ.Shubov, M.N.Chobanov, Sh.Japarov, A.M.Pashaev, A.V.Superanskaya, Z.P.Nikulina, E.M.Chernyaxovskaya, Yu.N.Xojalepesova, A.G.Baxamova, R.A.Musaeva, Yu.B.Voroncova h’a’m D.S.Nasi’rov, A.Da’wletov, A.Bekbergenov, Wo.Dospanov, Wo.Sayi’mbetov, M.S.Qudaybergenov, A.A.Pirekeeva miynetlerindegi ilimiy-teoriyali’q pikirler menen juwmaqlarg’a su’yenildi.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q a’h’miyeti h’a’m praktikali’q bah’ali’li’g’i’.** Jumi’sti’n’ izertleniw bari’si’nda ju’zege kelgen na’tiyjeler qaraqalpaq laqaplari’ni’n’ jergilikli wo’zinsheliklerin, woni’n’ tariyxi’y tiykarlari’n tani’wda ayri’qsha a’h’miyetke iye.

Dissertaciya materiallari’nan qaraqalpaq antroponimiyasi’ boyi’nsha joqarg’i’ woqi’w wori’nlari’, worta arnawli’ h’a’m ka’siplik bilimlendiriw ma’kemeleri, ka’sip-wo’ner kolledjleri, liseyler, uluwma bilim beriw mektepleri ushi’n sabaqli’qlar menen woqi’w-metodikali’q qollanbalar, bag’darlamalar jazi’wda, dialektologiya, lingvistika, lingvoma’deniyattani’w bag’darlari’nan

fakultativ kurslar, seminarlar sho'lkemlestiriwde, izertlew jumi'slari'n ali'p bari'wda, qaraqalpaq laqaplari'ni'n' arnawli' so'zligin du'ziwde paydalani'w mu'mkin.

**İzertlewdin' tiykarg'i' da'rekleri.** Dissertaciyada Wo'zRİA QB İlimiy kitapxanasi'ni'n' qori'ndag'i' qoljazbalar, respublikali'q h'a'm jergilikli basi'li'mlarda ja'riyalang'an materiallar, internet saytlari' menen forumlari'ndag'i' mag'luwmatlar, sonday-aq izertlewshinin' u'y arxivinde saqlawli' jazbalar menen 2012-2013 ji'llari' buxarali' qaraqalpaqlar[13] arasi'nda ju'rgizip kelgen dala jazi'wlari' **tiykarg'i' da'rek** si'pati'nda paydalani'ldi'.

**İzertlew na'tiyjelerinin' ja'riyalang'anli'g'i'.** Dissertaciya boyi'nsha izertlew maqalalar menen bayanatlar respublikali'q «Bilim bulag'i'» ilimiy-metodikali'q jurnali'nda, «Magistrantlardi'n' ilimiy miynetleri» toplami'nda, «Ha'zirgi da'wirde filologiya teoriyasi' h'a'm metodikasi'ni'n' aktual ma'seleleri» atamasi'ndag'i' respublikali'q ilimiy-teoriyali'q konferenciya materiallari'nda, akademik A.Da'wletovti'n' 70 ji'lli'g'i'na arnalg'an ilimiy-teoriyali'q konferenciyani'n' h'a'm professor J.Wori'nbaevti'n' tuwi'lg'ani'na 100 ji'l boli'wi' menen baylani'sli' wo'tkerilgen «Worta Aziya wo'rkeniyati': wo'tmishi h'a'm keleshegi» atli' xali'qarali'q ilimiy-teoriyali'q konferenciyani'n' materiallari' toplami'nda, Tu'rkistan qalasi'nda boli'p wo'tken «Tu'rkiy du'nya: Tu'rkistan jerindegi quraltay» atamasi'ndag'i' xali'qarali'q ilimiy-a'meliy konferenciya materiallari'nda ja'riyalandi'. İzertlew na'tiyjeleri boyi'nsha ja'mi 6 maqala ilimiy ja'miyetshilikke usi'ni'ldi'.

**Dissertaciya quri'li'si'.** Dissertaciya kirisiw, u'sh bap, juwmaq, paydalang'an a'debiyatlar h'a'm informatorlar diziminen ibarat boli'p, ja'mi 94 betti quraydi'.

---

[13] Bul jerde Tawelibay (Nur Ata, Kenimex, Gi'jduwan, Tamdi', U'shqudi'q) qaraqalpaqlari' na'zerde tuti'lg'an.

# I. BUXARA QARAQALPAQLARI’ TİLİNDEGİ LAQAPLARDI’N’ KLASSİFİKACİYASI’

Adamzat turmi’si’nda adam balasi’ni’n’ jeke wo’z ati’na iye boli’w tariyxi’ alg’ashqi’ ja’miyetten berli bar yekenligi belgili.[14] Da’slepki adam atlari’ tiykari’nan laqaplardan ibarat bolg’an. Bul boyi’nsha T.Januzaqov «Ha’tteki, alg’ashqi’ ja’miyette-aq adamlar dene pishimi h’a’m tulg’asi’na say laqaplar menen atali’p woti’rg’an», - dep jazadi’.[15] Al adamzat sanasi’ni’n’ wo’siwi h’a’m wolardi’n’ ma’deniy turmi’s da’rejesinin’ jetilisip bari’wi’ menen menshikli adam atlari’ qa’liplesip, woni’n’ a’h’miyetine kewil awdari’la baslag’an. Usi’ sebepli adam atlari’ni’n’ wo’zi de yeki tu’rli jag’daydag’i’ qollani’li’w wo’gesheligine iye bolg’anli’g’i’ ko’rinedi. Woni’n’ birinshisi, adamni’n’ tiykarg’i’ ra’smiy ismi bolsa, yekinshisi, biyra’smiy ismi, yag’ni’y qosi’msha ati’ boli’p tabi’ladi’.

A’lbette, antroponimiyada adamni’n’ h’aqi’yqi’y isminen ti’s qollani’latug’i’n qosi’msha atlardi’n’ tu’rleri ko’p. Bunday qosi’msha atlar tu’rkiy xali’qlar ushi’n da ta’n. Wolardi’n’ tiykarg’i’lari’: turmi’sta ken’ qollani’latug’i’n h’u’rmetlew h’a’m yerkeletiw ma’nisinde qoyi’lg’an qi’sqarg’an atlar,[16] salt penen baylani’sli’ tabu tu’rinde qa’liplesken si’natlar[17] ja’ne si’n’atlar[18] boli’p yesaplanadi’. Sonday-aq siyasiy iskerlerdin’, jazi’wshi’-shayi’rlardi’n’ jasi’ri’n atlari’ menen a’debiy ismleri de biyra’smiy atlar qatari’nan wori’n aladi’.[19] Lekin, tu’rkiy xali’qlardi’n’ ma’deniy wortali’g’i’na islam ma’deniyati’ arqali’ yengen quniyatlar[20] bul quramg’a kirmeydi.

---

[14] Морган Л.Г. Древнее общество. – Л.: Изд-во народов севера, 1935. – С. 17-46.

[15] Жанұзақов Т. Қазақ есімдерінің тарихы. – Алматы: Ғылым, 1971. – Б. 77.

[16] Сайымбетов О. Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис: Билим, 2000. – Б. 42-46.

[17] Орынбаев Қ. Шаңарақ турмысы менен байланыслы шағын сөзлик // Саза. – Нөкис, 2012. -№9 – Б. 75.

[18] Пирназаров М. Қарым-қатнас жүзесинен келип шыққан сөзлер ҳәм мәнилер // Саза. – Нөкис, 2013. -№1. – Б. 22.

[19] Чобанов М.Н. Фамилија. Тахаллус. – Тифлис, 1987. – Б. 50-58.

Qosi’msha atlardi’n’ tag’i’ bir tu’rine **laqaplar** kiredi.[21] Bul h’aqqi’nda qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde de: «Laqap – adamni’n’ minezine, xarakterine baylani’sli’ qosi’msha qoyi’lg’an ati’», - dep tu’sinik berilgen.[22]

Tu’rkiy xali’qlar antroponimiyasi’n izertlewshilerdin’ biri V.Gordlevskiy laqaplardi’ birneshe si’patlar menen baylani’sti’ri’p bo’ledi:

*I. Tu’rli belgilerge baylani’sli’ laqaplar;*

*II. Minez-quli’q, iykemlilik, ayri’qshali’qqa baylani’sli’ laqaplar;*

*III. Tiykarg’i’ ka’sibi, xi’zmetine baylani’sli’ laqaplar;*

*IV. Socialli’q h’a’m ja’miyetlik jag’dayg’a baylani’sli’ laqaplar*.[23] V.Gordlevskiydin’ bul klassifikaciyasi’ basqa da ilimpazlar ta’repinen basshi’li’qqa ali’ng’an.[24]

Qaraqalpaq antroponimiyasi’ sistemasi’ndag’i’ laqaplardi’ arnawli’ izertlegen Yu.Xojalepesova wolardi’ uluwma tu’rde won si’pat penen baylani’sti’ri’p qarasti’rg’an:

*I. Adamni’n’ si’rtqi’ kelbetin ko’rsetiwshi laqaplar;*

*II. Shashi’ni’n’ bar-joqli’g’i’n ko’rsetiwshi laqaplar;*

*III. Dene terisinin’ tu’sin ko’rsetiwshi laqaplar;*

*IV. Dene turpati’ni’n’ wo’zgesheligin ko’rsetiwshi laqaplar;*

*V. Ju’ris-turi’si’ menen turqi’n ko’rsetiwshi laqaplar;*

*VI. Si’rtqi’ ko’rinisin tutas ko’rsetiwshi laqaplar;*

*VII. So’ylew h’a’m minez wo’zgesheligi menen baylani’sli’ laqaplar;*

*VIII. Adamni’n’ sosialli’q jag’dayi’ menen baylani’sli’ laqaplar;*

*IX. Qandaydur si’patli’ ko’rinisin yaki h’alati’n ko’rsetiwshi laqaplar;*

*X. Qaysi’ uri’wg’a qatnasi’n h’a’m tituli’n ko’rsetiwshi laqaplar.*

---

[20] Шәмшетов Ж. Исмиңиздиң мәнисин билесиз бе? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1997. – Б. 4.

[21] Даль В.И. Толковый словарь живого великорусского языка. Т. III. – М.: ГИИНС, 1956. – С. 485.

[22] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. – Б. 102.

[23] Гордлевский В.А. К личной ономастике у османцев // Древности восточное. – СПб., 1913. – С. 153.

[24] Жанұзақов Т. Қазақ есімдерінің тарихы. – Алматы: Ғылым, 1971. – Б. 80-81.

Yu.Xojalepesovani’n’ klassifikaciyasi’nda qaraqalpaq laqaplari’na tiyisli belgiler ken’ qamti’lg’ani’ menen wonda qaytalawshi’li’qlar da wori’n alg’an. Soni’n’ menen birge, bul klassifikaciyada tiykari’nan jeke adamlarg’a berilgen laqaplardi’n’ wo’zgeshelikleri ko’rsetilgen. Tu’rkiy xali’qlar arasi’nda jeke adamg’a qoyi’lg’an laqaplardan ti’sqari’, ayi’ri’m shan’araq iyelerine, belgili bir aymaqti’n’ turg’i’nlari’na, bir-biri menen si’baylas jasawshi’ etnos wa’killerine tan’i’lg’an laqaplar da ushi’rasadi’. Usi’nday toparli’ laqaplar h’aqqi’nda F.Oldenburg miynetinde de yesletilgen edi.[25]

Ko’pshilikke baylani’sli’ qollani’latug’i’n laqaplar slavyan xali’qlari’ni’n’ tariyxi’nan da belgili.[26] Tariyxi’y Ekaterinburg turg’i’nlari’ni’n’ laqaplari’n u’yrengen P.Porotnikov olardi’ «darali’q» h’a’m «toparli’q» dep yekige bo’ledi.[27] Son’g’i’ termindi ayi’ri’m izertlewshiler wo’z bag’dari’ boyi’nsha *regionalli’q laqaplar, regionalli’q-toparli’q laqaplar, ja’ma’a’tlik-aymaqli’q laqaplar* h’a’m t.b. dep atap kiyati’r. Soni’n’ menen birge, *toparli’q laqaplar* terminin qollani’wshi’lar *(A.V.Superanskaya, Z.P.Nikulina)* da ushi’rasadi’.[28] Biz ushi’n Buxara qaraqalpaqlari’ arasi’ndag’i’ laqaplari’n u’yreniwde keyingi ilimpazlardi’n’ pikirlerin basshi’li’qqa alg’ani’mi’z maqsetke muwapi’q keledi. Wo’ytkeni, jeke adamg’a baylani’sli’ qoyi’lg’an qosi’msha atlar **«darali’q»**, al ko’pshilikke *(shan’araqqa, uri’w-taypag’a, yel-xali’qqa, awi’l-aymaqqa h’a’m t.b.)* berilgen atamalar **«toparli’q»** yekenligi ani’q ma’sele. Sonli’qtan Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’ usi’ ta’rizde «darali’q laqaplar» h’a’m «toparli’q laqaplar» dep yeki toparg’a jiklep u’yrengendi maqul ko’rdik.

---

[25] Ольденбург Ф. «Лакамы» – прозвища жителей городов Восточного Туркестана // Сб. Музея антропологии и этнографии, Т. V, Вып.1. – СПб., 1918. – С. 93-96.

[26] Крих А.А. Коллективные прозвища и присловия русских и белорусов Среднего Прииртышья – http: // www.balto-slavica.com

[27] Поротников П.Т. Групповые и индивидуальные прозвища в говорах Талицкого района Свердловской области //Антропонимика. – М.: Наука, 1970. – С. 360.

[28] Воронцова Ю.Б. Коллективные прозвища в русских говорах. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Екатеринбург, 2002. – С. 6.

## 1. Darali'q laqaplar

Qaraqalpaq laqaplari' arasi'nda darali'q laqaplar tiykarg'i' wori'ndi' iyeleydi. Ja'miyette jeke adamni'n' tu'r-tu'si, bet pishini, dene pishimi, minez-qulqi', ju'ris-turi'si', socialli'q shi'g'i'si', ka'sip-ka'ri h'a'm basqa da h'a'rqi'yli' ayri'qshali'qlari'na baylani'sli' darali'q laqaplar ju'zege kelgen. Bunday si'patlar Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplar ushi'n da ta'n. Biz Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi darali'q laqaplardi'n' ishki wo'zinsheliklerin to'mendegishe bo'ldik:

*I. Adamni'n' dene du'zilisi, tu'r-tu'si menen baylani'sli' laqaplar;*

*II. Adamni'n' dawi'si' h'a'm til kemshiligi menen baylani'sli' laqaplar;*

*III. Adamni'n' minez-qulqi' h'a'm h'a'reketi menen baylani'sli' laqaplar;*

*IV. Adamni'n' ka'sibi, qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' menen baylani'sli' laqaplar;*

*V. Adamni'n' jasag'an wortali'g'i', shi'g'i'si' menen baylani'sli' laqaplar.* A'lbette bul jikleniw wo'z ishinde de jeke-dara si'patlanadi'.

### I. Adamni'n' dene du'zilisi, tu'r-tu'si menen baylani'sli' laqaplar

Adamni'n' dene du'zilisi menen baylani'sli' laqaplarg'a bas, ko'z, qulaq, muri'n, bet-ju'z, awi'z-yerin, tis-jaq, jelke-moyi'n, ayaq, qol, barmaq, ti'rnaq wo'zgesheliklerine, sonday-aq uluwma boy-si'ni'na berilgen atamalar jatadi'. Bulardi'n' ishinde adamni'n' bas pishinine baylani'sli' laqaplar ko'birek do'retilgen. Yu.Xojalepesovani'n' jumi'si'nda adamni'n' bas wo'zgesheligin ko'rsetiwshi *A'bdimurat* ***qabaqbas****, A'bdikerim* ***qazanbas****, Da'wlet* ***shi'mshi'qbas****, Ma'tmurat* ***yekibas****, Jan'abay* ***jari'qbas*** degen laqap iyeleri keltirilgen[29]. Usi' ta'rizli atali'wlar Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplarda da wo'z wo'zgesheligi menen ko'rinedi:

1) **Bas wo'zgesheligi boyi'nsha:** Jamalatdin **shotbas**, Yeshim **shon'bas**, Sharap **ketpenbas**, Saqi'y **qi'ysi'qbas**, Ra'w **ga'wbas**, Qanat **ka'ttebas**, A'bdi

---

[29] Хожалепесова Ю.Н. Прозвища в системе каракалпакской антропономии. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Нукус, 1995. – С. 10.

**ma’yekbas**, Sapar **sopaqbas**, A’tem **awi’qbas**, Asan **qag’anaqbas**, Qospanbet **taypi’qbas**, Wo’temis **woyi’qbas**, Jari’lqasi’n **jarti’bas**, Qalbay **qalaqbas**.

Bul laqaplarda qaraqalpaq tili ushi’n wortaq bolg’an so’zlerden jasalg’an laqaplar da, jergilikli so’ylesim iyeleri ushi’n ta’n atamalar da bar. Ma’selen, Yu.Xojalepesova ko’rsetip wo’tken *Qazanbas, Qabaqbas* degen laqaplar sali’sti’ri’li’p woti’rg’an yeki regionda da qollani’ladi’. Al, qaraqalpaq tilinin’ arqa dialektinde *Yekibas* boli’p ayti’latug’i’n laqaplar Buxara qaraqalpaqlari’nda *Shotbas* tu’rinde belgili. *Ga’wbas, Ka’ttebas, Shon’bas* degen laqaplar jergilikli so’ylesim ushi’n xarakterli boli’p, olar *si’yi’rbas, u’lkenbas* ma’nilerin an’latadi’. A’dette, *si’yi’rbas, u’lkenbas* degen epitetler aytarli’qtay yumorli’q si’patqa iye yemes. Sonli’qtan da so’ylesim iyeleri wo’z so’zlik qori’nda bar dialektizmlerden uti’mli’ paydalang’an. **«Ma’yekbas»** laqabi’ni’n’ birinshi komponentin du’zgen «ma’yek» so’zi h’a’zirgi waqi’tta bul aymaqta ayi’ri’m u’lken jastag’i’ kisiler tilinde g’ana qollanadi’. Worta jastan asqan adamlar menen jaslardi’n’ tilinde «tuqi’m» so’zinin’ qollani’li’wi’ basi’m. «Ma’yek» so’zi qaraqalpaq mektebi bar, sonday-aq qaraqalpaq tili h’a’m a’debiyati’ pa’nleri fakultativ sabaq retinde woqi’ti’latug’i’n wori’nlardag’i’ woqi’wshi’lar arasi’nda g’ana ayti’ladi’. Sog’an qaramastan, xali’q tilinde *ma’yekbas* tu’sinigi saqlani’p qalg’an.

Adamni’n’ bas pitimin ko’rsetiwde «sheke» so’zi menen birikken laqaplar da jasalg’an: *İzbasar **torsi’qsheke**, Qali’y **qaqsheke**, Qoldas **quwi’ssheke***. Yu.Xojalepesova miynetinde «sheke» so’zi menen baylani’sli’ *Serjan **shekelek*** laqabi’ ko’rsetilgen.[30]

**2) Ko’z wo’zgesheligi boyi’nsha:** Xojalepes **qi’ranko’z**, A’bdirman **qi’zi’lko’z**, Aman **ko’kko’z**, Quti’bay **adi’raqko’z**, Tasqi’nbay **tasi’raqko’z**, G’ani’y **qi’ysi’q**, Aymi’rza **aqi’y**, Men’libay **jumi’q** h’a’m t.b. laqaplar, soni’n’ menen birge, ati’ son’i’nan ayti’latug’i’n **Alawko’z** Almas, **Birko’z** Ta’jibay,

---

[30] Хожалепесова Ю.Н. Прозвища в системе каракалпакской антропономии. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Нукус, 1995. – Б. 10.

**Tawi'qko'z** Toba, **Alaqko'z** Qosan, **Uri'ko'z** Turdi'bek, **Shegirko'z** Shegenbay, **Jipsikko'z** Jaqash si'yaqli' laqap iyeleri boli'p, wolarg'a qoyi'lg'an laqaplar sol adamlardi'n' da'l ani'qlamasi'n bergen. Bulardan ti'sqari' *Api'rash-shapi'rash, Alan'ko'z, Badi'raqko'z, Mun'li'ko'z, Ji'lmi'n'ko'z, Pitikko'z, İytko'z, Wo'liko'z* degen adamlar boli'p, wolardi'n' ati' yemes, tiykari'nan laqabi' ayti'ladi'. Hayallarg'a baylani'sli' *Ku'limko'z, Mo'ldirko'z, Ma'shel*[31] degen qosi'msha atlar h'a'm ko'za'ynek tag'i'wi', ko'z janari'n wo'zgertiwi menen baylani'sli' *To'rtko'z, A'ynekko'z, Shi'ni'ko'z* laqaplari' ju'zege kelgen.

**3) Moyi'n h'a'm alqi'm wo'zgesheligi boyi'nsha:** Jalg'asbay **qi'lmoyi'n**, Qosi'mbet **bosmoyi'n**, Berdan **basmoyi'n**, Alashbay **shalmoyi'n**, Qi'li'sh **shi'lmoyi'n**, A'shim **shiymoyi'n**, Qoyshi'bay **shoyjelke**, Si'ri'mbet **quwjelke**, Turg'anbay **bug'aq**, A'bdiraman **ken'irdek**, Qi'li'shbay **qi'lken'irdek**, Aqsi'payi' **salpi'tamaq** h'a'm t.b. Bul laqaplarda moyi'nni'n' jin'ishkeligin ko'rsetiwshi *shiymoyi'n, qi'lmoyi'n*, juwanli'g'i'n, toli'qli'g'i'n, tutasli'g'i'n ko'rsetiwshi *shi'lmoyi'n, bosmoyi'n, basmoyi'n*, jelkenin' jalpaqli'g'i'n, azg'i'nli'g'i'n an'lati'wshi' *shoyjelke, quwjelke* h'a'm de basqa da so'zler usi' si'rtqi' ko'rinisti ani'qlawi'shli'q xi'zmetti atqarg'an.

**4) Qulaq wo'zgesheligi boyi'nsha:** A'bdiwaqap **qalqanqulaq**, Qasi'm **tikqulaq**, Ja'diger **jarti'qulaq**, Woralbay **japi'ran'qulaq**, Qi'di'rbay **taqqulaq**, Yeset **kesikqulaq**, Begimbay **ba'rekqulaq**, Berikbay **ba'rrequlaq**, Alpi'sbay **salpan'qulaq** ismleri h'a'm qulaqti'n' kelteligine baylani'sli' *Shunaq*, ayri'qsha u'lkenligi ushi'n *Si'pi'ra*, iyirilip pitiwi sebepli *Uli'wshi'q*, jalpaqli'g'i'na qaray *Jarg'aq* si'yaqli' laqaplar kelip shi'qqan. Usi'nday laqap ali'wshi'lar arasi'nda tek *Qulaq* dep atali'wshi'lardi'n' wo'zi birneshew. Bul dizimde na'zerimizdegi so'ylesim iyelerine g'ana ta'n ***japi'ran'*** *(jabi'si'n'qi')*, ***ba'rek*** *(bo'rek)*, ***ba'rre*** *(qoshantay)*, ***uli'wshi'q*** *(uli'wsha)*[32] si'yaqli' so'zlerden jasalg'an laqaplar da wori'n alg'an.

---

[31] **Ma'shel** – shi'raqsha, mashala *(маяк).*

[32] **Uli'wsha** – suwo'giz, u'yirshik, shi'n'g'anaq *(улитка).*

**5) Muri’n wo’zgesheligi boyi’nsha:** Worazsha **zormuri’n**, Uzaqbay **ko’n’muri’n**, Jiyemurat **zormuri’n**, Qulaxmet **qusmuri’n**, Shamurat **shon’muri’n**, Bati’r **topi’rmuri’n**, Wori’nbay **ko’kmuri’n**, Mun’aytpas **gu’bimuri’n** h’a’m de ati’ qosi’mtasi’z h’alda ayti’latug’i’n ***Ta’n’ki, Qon’qaq, Tumsi’q, Talpaq tanaw, Bati’q, Ay man’qa*** si’yaqli’ laqaplar qa’liplesken. Bulardi’n’ ayi’ri’mlari’ Yu.Xojalepesova dizimge alg’an ***Zon’qi’ muri’n, Dombi’ra muri’n, Tomar muri’n, Tan’qi’ muri’n***[33] si’yaqli’ laqaplardi’n’ dialektlik si’n’arlari’ boli’p tabi’ladi’. Bul attag’i’ adamlardi’n’ tumsi’q du’zilisindegi belgiler jergilikli sharayatqa baylani’sli’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’z fizionomiyasi’nan sezilerli da’rejede wo’zgeshelenip turg’anli’qtan da usi’nday laqaplar payda bolg’an. Laqaplardi’n’ qoyi’li’wi’nda sinonim so’zler ken’ paydalani’lg’an.

6) **Bet-ju’z, tu’r-tu’s wo’zgesheligi boyi’nsha:** Qoshan **qoti’rash**, Bazarbay **bi’lshi’qbet**, **Qi’zi’lbet** Qalbay, **Almabet** Yerqasi’m, **Bezewbet** Wa’liy, **Shi’barbet** Mustapa, **Tapabet** G’appar, **Ti’rti’qbet** Dosek, **Buji’rbet** Jumaq, **Go’nebet W**o’ten, **Su’yirbet** Ysen, **Sepkilbet** Perdebay, **Qara** Sha’kir, **Sari’** Sa’rsen, **Boqsari’** Jubani’sh, **Aqquba** Ra’sh, **Aydaw qara** h’a’m de Uzaqbay **murt**, Patpa **Ra’piyda** ta’rizli laqaplar bar. Tu’r-tu’s wo’zgesheligine baylani’sli’ laqaplar arasi’nda *qara* h’a’m *sari’* kelbetliginen qa’liplesken qosi’msha atlar jiyi ushi’rasi’p woti’radi’. Sonli’qtan wolardan bir-yeki mi’sallar beriw menen sheklendik.

7) **Awi’z-yerin h’a’m tis wo’zgesheligi boyi’nsha:** Paleke **lapi’shawi’z**, Yerejep **kerawi’z**, Qonarbay **ko’kawi’z**, Aytbay **jayi’nawi’z**, Toqsuli’w **woymaqawi’z**, Qaljan **jalaq**, Da’wlet **uri’tis**, Alpi’s **iritis**, Biysenbay **shiriktis**, Won’lasi’n **soylaq**, Bazari’mbet **aqsi’y** h’a’m t.b. laqaplardi’ ushi’rati’wg’a boladi’. Tiske baylani’sli’ atamalar arasi’nda tek izertlenip woti’rg’an aymaqqa g’ana ta’n bolg’an ***Mo’ritis*** *(mo’rli tis)* laqabi’n jiyi ushi’rati’wg’a boladi’. Bul

---

[33] Хожалепесова Ю.Н. Прозвища в системе каракалпакской антропономии. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Нукус, 1995. – Б. 10.

laqap h’ayal-qi’zlarg’a qatnasli’ ko’birek qollani’ladi’. Wo’ytkeni, h’ayal-qi’zlardi’n’ tisi daqli’ boli’wi’ ko’zge ko’rimsiz tuyi’ladi’. Sharwashi’li’q wori’nlari’nda go’sh wo’niminin’ ko’p paydalani’li’wi’ sebepli h’ayal-qi’zlardi’n’ tislerin qon’i’r daq qaplap ketiwi usi’nday laqaplardi’ ju’zege keltirgen.

8) **Ayaq wo’zgesheligi boyi’nsha:** Toli’s **tobanayaq**, Ni’san **uzi’nayaq**, Ti’ni’s **shiyput**, Sari’bay **sal**, A’skerbay **la’n’**, Qozi’bay **mayri’q**, Aymi’rza **taltaq**, A’sen **ma’ntirsek**, Qoshqarbay **sholaq**, Qarshi’bay **sholtan’**, Arti’qbay **piltaban**, Almagu’l **aqbalti’r**, Qoysi’n **si’yraq**, Aysan **juwansan**, Ta’jigu’l **taltan’**, Toydi’q **awi’q**, Aysha **shoydi’q baspal**,[34] Ulbosi’n **jari’q taban**, Zu’lpa’sh **uzi’nbashpay** h’a’m t.b. Ayi’ri’m adam ismleri bir awi’l-aymaqta birneshew bolg’anli’qtan wolar tiykari’nan laqaplari’ arqali’ aji’rati’ladi’: ***İyttaban*** *İygilik*, ***Qustaban*** *İygilik*. Bul laqap iyesinin’ birinshisi II Jerju’zilik uri’sqa qatnasi’w ushi’n tayarli’q wo’tip ati’rg’an jerde-aq suwi’qqa ton’lap qali’p, tobanayaq boli’p qalg’anlaqtan qa’yininileri usi’ laqapti’ tan’g’an. Al yekinshisi, bashpaylari’ *(ayaq barmaqlari’)* jin’ishke bolg’ani’ ushi’n usi’layi’nsha atalg’an.

9) **Qol, barmaq h’a’m ti’rnaq wo’zgesheligi boyi’nsha:** Jumat **jumi’ri’q**, Jaqsan **jalg’i’zqol**, Biysenbay **terisqol**, Yeshimbet **shu’yelqol**, Sari’tay **arti’q**, Shah’nazar **shaqa**, Ha’wes **tog’i’zbarmaq**, Wo’lmes **ko’beti’rnaq**, Ju’rsinay **jezti’rnaq** h’a’m t.b. Mi’salg’a ali’ng’an laqaplardag’i’ *shaqa, arti’q* degen ani’qlawi’shlar qoldag’i’ zi’yat barmaqti’n’ boli’wi’n bildirse, *tog’i’zbarmaq* tu’sinigi bir sawsaqti’n’ kemisligin an’latadi’. Qoldi’n’ qayi’ri’li’p pitiwine baylani’sli’ *Terisqol*, al bir qoldawdi’n’ joq boli’wi’ sebepli *Jalg’i’zqol* laqaplari’ kelip shi’qqan. *Jalg’i’zqol* degen laqap tiykari’nan evfemizm ma’nisinde payda boli’p, wol *sholaq* so’zinin’ orni’nda jumsalg’an. Qaraqalpaq tilinin’ basqa dialektleri si’yaqli’ Buxara qaraqalpaqlari’ tilinde

[34] **Baspal** – ayaqti’n’ tabannan joqarg’i’ ta’repi *(стуна)*.

*Sholaq* degen laqap qol kemisligine de, ayaqti'n' aqsaqli'g'i'na h'a'm kemtikligine baylani'sli' da qollani'ladi'.

10) **Boy-si'n wo'zgesheligi boyi'nsha:** Ashi'l **da'w**, Yeliwbay **badar**,[35] Aqmi'rza **qaqi'y**, Panabay **aspani'y**, Aytuwar **quni'sh**, Sag'i'ndi'q **ga'wde**, Ka'mil **ka'lte**, Qarshi'bek **sharg'a**, Quti'sh **jerqurt**, Yeshmurat **ishtikbay**,[36] Baytilew **gu'jban**, Du'ysenbay **go'jepalwan**, Jaylaw **mes**, Aydar **shoshqa**, Baytilew **ayi'w**, I'qlas **bu'rge**, Qarajan **qatpa**, İymanbay **iynelik**, Qosshi'g'ul **qi'lqurt**, Ma'nsu'r **wo'limtik**, Ba'shen **tu'lkishek**, A'zim **mi'qi'r**, Begali' **ti'shqan** h'a'm h'ayal-qi'zlarg'a baylani'sli' **Tu'yequs** Ba'h'a'r, Woraz **soray**, Gu'lbani'w **ishla'n'ki**,[37] Qursanay **qi'ldi'ri'q**, Gu'lshan **qi'pshabel**, Juldi'zay **juwanbel**, Aysara **sandi'q**, Qali'sh **qazaqi'**, Toyjan **shu'mbil** h'a'm t.b. Bul si'patlawlarda uzi'nboyli'li'qti' an'lati'wshi' ***soray** (sorri'yg'an), **badar** (bo'rene)*, al kelteboyli'qti' bildiretug'i'n ***qi'lqurt** (qi'lday), **qi'ldi'ri'q** (jin'ishke barmaq), **wo'limtik** (quwsu'yek), **tu'lkishek** (qatpa),* yetli-tenlilikti ko'rsetetug'i'n ***sandi'q** (gebejejambas), **qazaqi'** (ayri'quyri'q)* h'a'm t.b. so'zler isletiledi. Bul so'zler laqaplarda antonimlik ma'niste de qollani'ladi'. Bunday laqaplarda janzat h'a'm ja'nliklerdin' ati' da ken'nen paydalani'lg'anli'g'i'n ko'remiz: *Ayi'w, Shoshqa, Ti'shqan, İynelik.*

11) **Shash, saqal h'a'm tu'k wo'zgesheligi boyi'nsha:** Sa'rwar **ka'l**, Sha'kir **ka'lshek**, Tutqabay **ag'i'bash**, Ma'nibek **ji'lti'rsheke**, Qalqaman **qasqabas**, Asanxan **duwdarbas**, Ta'jen **jin'ga'lek**, Jayli'bay **jalbi'rshash**, Tag'aybek **tayqar**,[38] Qoyshi'bay **shoqsaqal**, Beken **tekesaqal**, A'ben **sari'murt**, Qayi'rbay **qaramurt**, İysa **qi'zi'lmurt**, Ta'n'irqul **ju'nto's** h'a'm **Moylaw mamay**, U'zildik **u'pelekbas**, Yerkinay **u'rpekbas** t.b. Adamni'n' shashi'ni'n' quwday boli'p yerte ag'ari'p ketiwi qaraqalpaqlarda siyrek. Bunday belgiler Worta Aziyada tu'rkmenlerde h'a'm h'ind xali'qlari' menen aralasi'p

---

[35] **Badar** – bag'ana, wo're, bo'rene *(столба).*

[36] Uzi'n gu'rek *(штыковая лопатка).*

[37] Shubalma *(шланга).*

[38] **Tayqar** – yeshektin' yeki jastag'i' to'li *(yeresek gu'rre).*

kelgen Buxara a’tirapi’ndag’i’ etnikali’q toparlarda bayqaladi’. Sonday-aq, shashti’n’ tolqi’nlani’p wo’siwi de qaraqalpaqlarg’a ta’n bolmag’anli’qtan usi’nday wo’zgeshelikke iye adamlarg’a say laqaplar payda bolg’an.

## II. Adamni’n’ dawi’si’ h’a’m til kemshiligi menen baylani’sli’ laqaplar

Adamni’n’ dawi’si’, so’ylew wo’zgesheligi menen baylani’sli’ laqaplar basqa laqaplarg’a qarag’anda azshi’li’qti’ quraydi’. Solay da bolsa bul tu’rdegi laqaplar da Buxara qaraqalpaqlari’nda ushi’rasadi’ h’a’m wonda xali’qti’n’ laqap qoyg’i’shli’q qa’siyeti ayqi’n ko’rinedi: **Qati’ndawi’s** Qazi’bek, **Bi’di’r-bi’di’r** Qaldash, **Miyaw** Serik, **Qi’ri’ldawi’q** Saparbay, **Shawqi’m** İslam, Tureke **g’awqi’m**, Ah’at **lawlaw**, **Lawlaw-g’awg’aw**, Qarli’g’an **qara dawi’l**, Yerkebay **kekesh**, Da’wesh **naskesh**,[39] Toqtarbay **tuti’q**, Azat **ttt**, Jaqash **jan’i’ltpash**, Su’yin **tu’siniksiz**, Tasbay **ga’ldir**, Shiyrin **shu’ldir**, Aypash shu’ljin’, Sara **man’qa**, Sapa **saqaw** h’a’m t.b. Adamni’n’ dawi’si’na baylani’sli’ ayti’latug’i’n usi’ qosi’msha atlar qaraqalpaq tilinin’ g’ana yemes, tuwi’sqan xali’qlardag’i’ at-atawlar menen sa’ykes keledi.

XVII-XVIII a’sirdegi Da’shti Qi’pshaq h’u’kimdari’ Ta’wke xanni’n’ jeti ken’esshisinin’ biri Qaz dawi’sli’ Qazi’bek biy bolg’an.[40] Qaraqalpaq xalqi’ arasi’nda da Qazi’bek biy ismi ken’nen belgili. Sebebi, qaraqalpaqlardi’n’ u’lken bir bo’leginin’ Ta’wke xan qolasti’ndag’i’ jerlerde jasag’anli’g’i’ h’a’m ataqli’ Sas biydin’ «Bas biy» da’rejesine eriskenligi ilimiy da’reklerden belgili.[41] Usi’nday qari’m-qatnasi’qlar arqali’ xali’q tilinde uqsas tu’siniklerdin’ payda boli’wi’ da ta’biyiy. ***Qati’ndawi’s*** laqabi’ni’n’ payda boli’wi’n da usi’nday da’rekler menen baylani’sti’rami’z.

---

[39] **Naskesh** – nasi’baykesh.

[40] Қаз дауысты Қазыбек би // Құрастырушы С.Дәуітов. – Алматы: ҚАЗақпарат, 2011. – Б. 192.

[41] Тұрдымұратов Ж. Қарақалпақ билерінің қоғамда тұтқан орны // Қазақтың ата заңдары. Х т. – Алматы: Жеті жарғы, 2008. – Б. 285-286.

Kelesi bir adam atlari'na qosi'lg'an *shawqi'm, lawlaw, g'awqi'm* ma'nileri adamni'n' gu'rildek iri dawi'si'n bildiriw maqsetinde ayti'lg'an. Usi' jerdegi *shawqi'm* so'zi qaraqalpaq a'debiy tiline ta'n bolg'ani' menen de, bizin' na'zerimizdegi so'ylesimde tek kekse a'wlad wa'killeri tilinde g'ana qollani'ladi', jaslar so'yleminde ushi'raspaydi'. Al qaraqalpaq tilinin' arqa dialektindegi *lawlamay, g'awqi'ldaq* degen so'zlerge bolsa, usi' so'ylesimdegi *lawlaw, g'awqi'm* tu'sinikleri sa'ykes keledi.

***Naskesh*** laqabi' – nasi'bay atqan si'yaqli' boli'p tilin to'sep so'ylegenlikke, ***Jan'i'ltpash*** – tez so'ylegende jan'i'li'p, tutli'g'i'wi'na, ***Bi'di'r-bi'di'r***, ***Tu'siniksiz***, ***Ga'ldir*** laqaplari' so'zin h'esh an'lap bolmaytug'i'n da'rejede bi'di'rlap so'ylewlerine baylani'sli' qoyi'lg'an.

## III. Adamni'n' minez-qulqi' h'a'm h'a'reketi menen baylani'sli' laqaplar

Adam ati'na qosi'lg'an qosi'msha ismler arasi'nda minez-quli'qtan kelip shi'g'atug'i'n laqaplar jetekshi wori'ndi' tutadi'. Bularda adamni'n' ishki du'nyasi' menen h'aqi'yqi'y kelbeti ko'rinedi: **Ji'ti'r** A'liy, **Qasi'qjutqan** Qasi'mbek, **İnteresniy** Seyitbek, **Ko'ta'l** Axmet, **Biyopa** (Woral), **Maqul-maqul** Yesirkep, **Nemis** İslam, Aypan **shi'li'mkesh**, **Aqpaqulaq** Nurbek, **Ko'kjo'tel** Jari'lqasi'n, **Suwayt** (Nurjanbay), **Polqi'** (Ta'shmurat), **Suwmuri'n** (Seyilqan), **A'biger** (A'bdiwa'liy), **Quyi'nput** Yergeshbay, **Qoyanshi'q** (Pa'yiz), **Caldi'r-gu'ldir** Ru'stem, **Pati'rlaq** Axmet, Axan **Aldama ta'wekel** h'a'm t.b. Laqaplardag'i' ko'ta'l *(porsan'ko't)*, ji'ti'r *(suwdi'r)*, polqi' *(wolpi')* si'yaqli' so'zler qaraqalpaq tilinin' jergilikli so'ylesimlerine g'ana ta'n.

Ko'rsetilgen laqaplardag'i' minez iyeleri wo'z a'detleri menen wo'zgeshelenedi. ***Maqul-maqul*** *Yesirkep* – usi' adamni'n' i'raykeshligi h'a'm kim ne dese de «maqul, maqul» dep bas iyzey bergenligi ushi'n qoyi'lg'an. ***Biyopa*** *Woral* – jora-joldaslari' wortasi'nda ba'rqulla wo'z wa'desi u'stinen shi'g'a almag'anli'g'i'nan usi' laqapqa tan'i'lg'an. ***Nemis*** *İslam* – bul laqap iyesinin' minez-qulqi'ndag'i' qatti'qolli'g'i' h'a'm suwi'qli'g'i'n an'latsa, ***Ko'kjo'tel*** *Jari'lqasi'n* – woni'n' keseline yemes, al qa'liplesip ketken a'detine

baylani'sli' berilgen. ***Quyi'nput*** ma'nisi usi' laqap iyesinin' ju'rdekligin, awi'l aralag'i'shli'g'i'n bildirse, ***Qoyanshi'q*** laqabi' adamdag'i' usi'nday kesellikti yesletetug'i'n alag'ayi'm h'a'reketleri sebepli ayti'lg'an. ***İnteresniy*** laqabi' Seyitbek degen adamni'n' aldag'ang'a inana beretug'i'n an'qawli'g'i', kewilshekligi ushi'n qoyi'lg'an. Adamlar awqat jeyin dep turg'an payi'tta «Seyitbek awqat jemeydi, tek shay ishedi» dese: «Mag'an shay da boladi'», - dep dasturxannan keyin sheginip woti'radi' eken. Bul adamni'n' sol qi'zi'q minezi h'aqqi'nda:

*İnteresniy Seyitbek,*

*Go'sh jemeydi, shay ished(i)*, - degen ushi'rma so'z de kelip shi'qqan.

Laqaplar arasi'nda yen' ko'p taralg'an qosi'msha atlar adamlardi'n' minez-qulqi', ju'ris-turi'si', yersi qi'li'g'i' boyi'nsha qa'liplesken.

## IV. Adamni'n' ka'sibi, qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' menen baylani'sli' laqaplar

**Aqqoybag'ar** Rayi'mbek, A'bdiraman **birtartar**, **İytbag'ar** Ko'bey, A'bdibek **awi'lnay**, Beket **sha'rket**, Ju'sip **wo'ndiris**, Ha'sem **belsendi**, **Ali'm**, **Tawperi**, **Duwaxan**, **İnjiner** Qalbay, Kenbay **shani'shqi'li'** h'a'm t.b.

Tiykari'nda adamni'n' ka'sibi laqap bola almaydi'. Wo'ytkeni, wol woni'n' negizgi xi'zmeti boli'p yesaplanadi'. Al bul saladag'i' laqaplar belgili bir ayi'rma beriw sebebinen kelip shi'qqan. Alayi'q, ***Aqqoybag'ar*** *Rayi'mbek* – «Sari'bel» shirket xojali'g'i'ni'n' belgili qoyshi'si' boli'p, sharwa xojali'g'i'ni'n' qoylari'n qabi'llaw waqti'nda: «Men basqa qoy baqpayman, tek aq qoy bag'aman», - degeni ushi'n usi'nday laqapqa iye bolg'an. Sharwa xojali'qlari'nda aq qoydi' yen' jaqsi' sharwakeshler, ataqli' shopanlar g'ana bag'adi'. Ha'zirgi waqi'tta «aqqoybag'ar» tu'sinigi usi'nday sebepke baylani'sli' ayti'ladi'. Tiykari'nda bul kisinin' ka'sibi – qoyshi'.

***İytbag'ar*** *Ko'bey* tuwrali' da usi'nday pikirdi keltiriwge boladi'. Bul kisinin' ka'sibi an'shi' bolg'an, al iyt an'shi'ni'n' tiykarg'i' sherigi. İytbag'ar Ko'bey si'pi'ra iyt ji'ynap, wolardi' shubi'rti'p wo'z izine yertip ju'retug'i'n bolg'anli'qtan wo'z ismine qosi'msha ayti'lg'an laqapqa miyasar bolg'an.

Son’g’i’ zamanlarda ko’p iyt saqlaw qaraqalpaqlar ushi’n a’det bolmag’anli’qtan bul laqap iyesinin’ h’a’reketi xali’qqa yersi tuyi’lg’an. Ha’tteki, woni’n’ tuqi’m-teberikleri de **«İytertkennin’ a’wladi’»** degen laqap alg’an.

***Tawperi*** jalg’i’z wo’zi tawda tas qopari’p, woni’ jay sali’wshi’larg’a sati’p ku’neltken. Taw ishinde qori’qpastan bir wo’zi jasag’anli’qtan usi’ laqapti’ alg’an. A’bdibek **awi’lnay** Ken’es h’a’kimiyati’ wornap, Tamdi’ rayoni’ du’zilgennen keyin «Shi’bi’qli’» aymag’i’ni’n’ awi’l aqsaqali’ bolg’an. Dalada maydanlag’an jerinde mo’rin joyti’p alg’an h’a’m sol sebepten qamali’p ketken. Usi’g’an baylani’sli’ **«awi’lnay»** lawazi’mi’ wol kisinin’ laqabi’na aylang’an. «Awi’lnay» lawazi’mi’ «аульный правитель» degen so’zdin’ qi’sqarti’li’p h’a’m buzi’li’p ayti’lg’an formasi’. Bul h’aqqi’nda Sh.Babashevtin’ miynetinde de keltirilip wo’tedi.[42]

Sonday-aq, wo’tken a’sirdin’ woti’zi’nshi’ ji’llari’ «Qosshi’» awqamlari’nda lawazi’m si’pati’nda yengizilgen «wo’ndiris», «sha’rket» *(shirketshi)* si’yaqli’ xi’zmet tu’rleri keyin ala yersi sanalg’anli’qtan da usi’ ka’r menen shug’i’llang’an adamlarg’a buri’ng’i’ jumi’slari’ laqap boli’p qalg’an. *Wo’ndiris* – xali’qtan sali’q wo’ndiriw menen shug’i’llansa, *Sha’rket* – teri-tersek ji’ynaw menen aylani’sqan. Jumi’s babi’ menen baylani’sli’ kelip shi’qqan usi’nday laqap iyeleri qatari’nda *Ha’sem* ***belsendi*** h’aqqi’nda da toqtap ketiw ori’nli’. Wo’tken a’sirdin’ birinshi shereginde awi’llarda xali’q belsendileri awi’llarda teperish h’a’reket yetken h’a’m jergilikli basqari’w uyi’mlari’na saylang’an. Belsendilerdin’ arasi’nda h’ayal-qi’zlar da boli’p, xali’q wolardi’n’ basshi’li’q jumi’slarg’a tarti’li’wi’n qa’lemegen. Hayal-qi’zlardi’n’ yer-azamatlar worni’nda ju’riwin yersi sanag’anli’qtan wolardi’n’ ismine «belsendi» degen so’zdi da’lkek si’pati’nda tirkep aytqan. Qaraqalpaq h’ayal-qi’zlari’ wortasi’nan shi’qqan Ha’sem belsendi h’aqi’yqati’nda da isker

---

[42] Бабашев Ш. Жазықсыз жазаланған репрессия қурбанлары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2007. – Б. 306.

g'ayratkerlerdin' biri boli'p, wo'zine tag'i'lg'an laqapti' h'aqi'yqi'y aqlap shi'qqan. Bul laqap iyesi Men'libay qobi'zshi'ni'n' wo'mirlik joldasi' Ha'sem Qarjaw qi'zi' yedi.

***Ali'm*** atag'i' usi' laqap iyesine ilim menen shug'i'llang'anli'g'i' ushi'n yemes, kim menen so'ylesse de, «u'lken a'n'gime» aytqan boli'p so'ylep, wo'zin ko'rsetiwge qumar bolg'ani' ushi'n berilgen. ***İnjiner*** *Qalbay* won ji'lli'qti' pitkerip ati'rg'an waqi'tta mektep basshi'lari': «Qa'ne, kim – kim boladi'?», - dep sawal taslag'anda, «Men **injiner**[43] bolaman», - dep juwap bergen. Biraq, bul arzi'wi' a'melge aspay, awi'lda shopan boli'p qalg'an. Sol sebepten wol «**İnjiner** Qalbay» dep atani'p ketken. *Duwaxan* laqabi'ni'n' iyesi wo'zine tag'i'lg'an atti' palg'a, i'ri'mg'a ko'p isengenligi ushi'n iyelengen. *Kenbay* ***shani'shqi'li'*** – bul adamni'n' son'g'i' ji'llardag'i' laqabi'. Ata-tegi boyi'nsha qaraqalpaqti'n' qon'i'rat ari'si' qi'yat taypasi'nan shi'qqan Kenbay A'dil uli' 1997-ji'li' du'zilgen «Shani'shqi'li'» qa'wimlesligi menen qatnas wornatqanli'g'i' h'a'm basqa jaqtan tuwi'sqan izlep, wo'z ag'ayinlerin solarg'a qosi'li'wg'a u'ndegeni ushi'n uri'wlaslari' ta'repinen jan'a laqapqa iye bolg'an.

## IV. Adamni'n' jasag'an wortasi', shi'g'i'si' menen baylani'sli' laqaplar

Adamni'n' jasag'an wortasi' h'a'm shi'g'i'si' menen baylani'sli' laqaplar h'a'mmege qoyi'la bermeydi. Ko'binese wol wo'zi wo'sken worta menen wo'z shi'g'i'si'na ta'n qa'siyetlerdi saqlap qalg'an adamlarg'a qoyi'ladi'. Bul ta'rizli laqaplar qay-qaysi' wortali'qta da ko'p ushi'rasadi' h'a'm atamani'n' qoyi'li'wi' etnonimler menen baylani'sli' boli'p keledi. Biz Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nan usi' toparg'a kiretug'i'n mi'naday laqaplardi' ani'qladi'q: ***Qazaq*** *Sa'rsen*, ***Sart kempir***, ***Ta'jik kempir***, ***Tatar kempir***, ***Tatar***, ***Qazaq qati'n***, ***Sart qati'n***, *Yeran* ***qazaq***, *Qiyam* ***sart***, *Allanazar* ***ayi'lli'***, *Bayman* ***arbali'***, *Qosi'm* ***qazayaqli'***, *Doshi'm* ***mayli'*** h'a'm t.b.

---

[43] **Injiner** – инженер.

Bul dizimde ushi’rasatug’i’n ***Qazaq*** *Sa’rsen* h’a’m *Yeran* ***qazaq*** yekewi yeki millettin’ adami’. ***Qazaq*** *Sa’rsen* – wo’z shi’g’i’si’ boyi’nsha qaraqalpaq boli’p, qazaq xalqi’ wa’killeri ko’birek jasaytug’i’n «Xojatop» worami’nda tuwi’li’p-wo’skenlikten usi’lay atalg’an. Woni’n’ wo’z jora-joldaslari’ wortasi’ndag’i’ tag’i’ basqa qosi’msha atali’wi’ ***Sari’*** *Sa’rsen* h’a’m ***Qu’diret*** *Sa’rsen* boli’p, wol laqaplari’ son’g’i’si’ si’yaqli’ ken’ belgili bolmag’an. Al, ***Yeran qazaq*** – shi’ni’nda da qazaq milletinin’ wa’kili h’a’m wog’an bul laqap wog’an dayi’ jurti’ ta’repinen berilgen. Laqap iyesinin’ shi’n ati’-jo’ni: Yerali’ Axmet uli’.

***Sart kempir*** *(Shiyrin Tag’aeva),* ***Ta’jik kempir*** *(Mu’na’wwar Narzullaeva),* ***Qazaq qati’n*** *(Jamal Kenjebaeva),* ***Sart qati’n*** *(Sa’rwar Sherimova), Qiyam* ***sart*** *(Xiёmiddin Naimov),* ***Tatar*** *(Raisa Bilalova)* si’yaqli’ laqap iyeleri jergilikli xali’qqa aralasqani’na qansha ji’llar bolsa da, wo’z tilin joyi’tpag’anli’g’i’ h’a’m ata-babalari’ni’n’ bazi’bir da’stu’rlerin tuti’ng’anli’g’i’ ushi’n usi’lay atali’p ketken. Qaraqalpaq uri’w-taypalari’ ati’nan kelip shi’qqan laqaplar tiykari’nan tariyxi’y tulg’alar ati’nda saqlani’p qalg’an. Alayi’q, *Allanazar* ***ayi’lli’***[44] – Ayi’lli’ Woraq bati’rdi’n’ a’wladi’ si’pati’nda ata-babalari’ joli’n uli’g’lag’an ji’raw bolg’anli’g’i’ ushi’n usi’ laqap penen atalg’an. *Bayman* ***arbali’***, *Aqi’mbet* ***qayraqli’***, *Doshi’m* ***mayli’***,[45] *Qosi’m* ***qazayaqli’*** ismli insanlar da belgili a’wladlardan shi’g’i’p, ata-teginin’ ari’na shapqanli’g’i’ sebebinen usi’nday laqaplarg’a miyasar bolg’an. Al, *Tag’aymurat* ***tatli’***, *Arzi’bay* ***si’rg’ali’*** si’yaqli’ laqaplar yeki ma’niste de qollani’lg’an. Birinshiden, Buxara qaraqalpaqlari’ni’n’ etnikali’q du’zilisinde *tatli’* – man’g’i’tlardi’n’, *si’rg’ali’* – qon’i’ratlardi’n’ qurami’ndag’i’ uri’w-taypalar si’pati’nda ati’ ko’rsetilgen adamlardi’n’ shi’qqan tegin bildirip tur. Yekinshiden, Tag’aymurat atli’ adamni’n’ shiyrin tilli boli’wi’n, al Arzi’bay ismli kisinin’ jalg’i’z perzent bolg’ani’ ushi’n balali’g’i’nda i’ri’m boyi’nsha si’rg’a tag’i’p, shi’qqan tegi

---

[44] Жыраў намалары / Дүзген: Адамбаева Т., Жийемуратов М. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. – Б. 17.

[45] **Mayli’** – mayli’balta uri’wi’ni’n’ qi’sqarg’an atamasi’.

menen birge usi' sebeptin' de laqap boli'p qali'wi'n ko'rsetip tur. Bul atamalardi'n' etnonim si'pati'nda payda boli'wi'ni'n' da wo'zinshe tariyxi' bar. Biz bul wori'nda wog'an wo'z aldi'na toqtap woti'rmaymi'z.

Buxara qaraqalpaqlari' etnografiyasi'nda totemlik tu'sinikler menen baylani'sli' saqlani'p qalg'an *bu'rkitli, tuyg'i'nli', sun'qarli', tu'lkili, bo'rili*[46] h'a'm t.b. etnonimler h'a'zirgi a'wlad wa'killerine qi'zi'q tuyi'latug'i'n bolg'anli'g'i' ushi'n bul atamalar da adam atlari'na qosi'msha *(laqap)* si'pati'nda ayti'li'p kiyati'r.

Uluwma alg'anda, darali'q laqaplar adamlardi'n' si'rtqi' h'a'm ishki qa'lpin da'l ashi'p beredi, wolarg'a baylani'sli' ayri'qshali'q belgilerdi ayi'ri'p ko'rsetedi h'a'm wonda qandaydur yumorli'q belgiler bar yekeni ayqi'n sezilip turadi'.

**2. Toparli'q laqaplar**

Toparli'q laqaplar tuwrali' ko'plegen izertlewler jari'qqa shi'qqan. Tu'rkiy xali'qlar arasi'ndag'i' toparli' laqaplar h'aqqi'nda da'slepki mag'li'wmat F.Oldenburg miynetinen belgili. İzertlewshi wo'zinin' «**Laqamlar** – Shi'g'i's Tu'rkistan qalalari' turg'i'nlari'ni'n' laqaplari'» degen maqalasi'nda Qashg'ariya u'lkesindegi toparli'q laqaplardi' so'z yetedi. Avtordi'n' ko'rsetiwinshe Xami qalasi' turg'i'nlari' «ko'k i'shtanli'lar», al Turfan qalasi' turg'i'nlari' «muri'nlar» dep atalg'an. Maqalada wolardi'n' kelip shi'g'i'w sebepleri de keltirilgen.[47]

Tariyxi'y da'reklerge qarag'anda ayi'ri'm xali'qlardi'n' wo'z atamasi' bolmag'anli'qtan da basqalar wolardi' laqaplar menen atag'an. Ma'selen, h'a'zirgi Ukraina ma'mleketinde jasawshi' tu'pkilikli xali'qti'n' tiykarg'i' milliy atamasi' bolmag'an. Bul jerdin' jergilikli millet wa'killeri wo'zlerin «украинец» *(«shet u'lkeli»)* degen atama menen ju'ritken. Rossiyali'lar

---

[46] Қарақалпақ *(шежирелик дүзилме)*. – Нөкис: «Әмир Едиге сарайы» китапханасы, 2009.

[47] Ольденбург Ф. «Лакамы» – прозвища жителей городов Восточного Туркестана // Сб. Музея антропологии и этнографии, Т. V, Вып.1. – СПб., 1918. – С. 93-96.

wolardi’ «xoxli’» *(«aydarli’lar»)* dep atag’an.[48] Patsha Rossiyasi’ zamani’nda wolardi’ basqa da h’a’rqi’yli’ atamalar menen atag’an. Usi’g’an uqsas atama qaraqalpaqlar arasi’nda da saqlang’an. Bunday jag’day tu’rkiy xali’qlarda da ushi’rasadi’. XX a’sirdin’ birinshi won ji’lli’g’i’na shekem Qashg’ariya *(Shi’n’jan’)* turg’i’nlari’ wo’z atamasi’na iye bolmag’an. Bul jerdin’ woti’ri’qshi’ xalqi’ wo’zlerin **«yerli»** *(«jergilikli»)* dep tani’sti’rg’an h’a’m wo’z ishinde bir-birin iri qalalari’ni’n’ atlari’ menen «qashg’arli’», «xotanli’», «aqsuwli’» h’a’m t.b. dep atap kelgen. Bulardi’ do’geregindegi ko’shpeli xali’qlar **«taranshi’lar»** dep atag’an. Tek 1921-ji’li’ g’ana wolar Tashkent qalasi’nda wo’tken uluwmaxali’qli’q quraltayda «uyg’i’r» degen atamani’ ra’smiy tu’rde qabi’l yetti.[49] Bul atama olarg’a tariyxi’y Uyg’i’r qag’anli’g’i’ jerinde jasap kiyati’rg’anli’g’i’na baylani’sli’ berilgen yedi.[50]

A’lbette, tariyxta bunday mi’sallar ko’plep tabi’ladi’. Toparli’q laqaplar tek milletlerge g’ana tiyisli bolmastan, jekelegen shan’araq ag’zalari’na, jerles adamlarg’a, ja’ma’a’tke, meshit qa’wimge, uri’w-taypag’a, yel-xali’qqa, awi’l-aymaqqa h’a’m bo’leklenip ju’rgen sherikleslerge de ayti’ladi’. Biz olardi’ usi’nday si’patlari’na qaray uluwma tu’rde to’rt toparg’a aji’rati’p qaradi’q:

*1) etnos wa’killerine tiyisli laqaplar;*

*2) aymaqli’q-ja’ma’a’tlik laqaplar;*

*3) a’wladli’q-uri’wli’q laqaplar;*

*4) sheriklik-uyi’mli’q laqaplar.*

### *1) Etnos wa’killerine tiyisli laqaplar*

Etnos wa’killerine qatnasli’ laqaplar wolarg’a basqa milletler ta’repinen qoyi’lg’an laqaplar boli’p yesaplanadi’. Ma’selen, qaraqalpaqlar wori’slar

---

[48] Каппелер А. Мазепинцы, малороссы, хохлы: украинцы в этнической иерархии Российской империи // Россия – Украина: история и взаимоотношений. – М.: Школа «Язык русской культуры», 1997. – С. 126.

[49] Кайдаров А.Т. Развитие современного уйгурского литературного языка. Т. I. – А.-А: Наука, 1969. – С. 322.

[50] Гумилев Л.Н. Древние тюрки. – М.: Кристалл, 2003. – С. 253-295.

menen ukrainlardi’ bir-birinen aji’rati’w ushi’n **«sari’ wori’s»**, **«qara wori’s»** dep atag’an. Usi’g’an baylani’sli’ xali’q awzi’nda *«Qara wori’sti’ ko’rgende, sari’ wori’sti’ «a’kem» dersen’»* degen ushi’rma ga’p ayti’ladi’. Bul tu’sinikler son’g’i’ a’sirlerdin’ jemisi bolsa da, xali’q arasi’nda ken’nen belgili. Sonday-aq, qazaq h’a’m qaraqalpaq xalqi’ni’n’ awi’zeki so’ylew tilinde iranli’lar yelege shekem **«qi’zi’lbas»** dep ayti’ladi’. Bul laqap basqa tu’rkiy xali’qlar arasi’na da belgili boli’wi’ mu’mkin. Al, Tashkent a’tirapi’ndag’i’ woti’ri’qshi’ xali’qti’n’ laqabi’ **«qarawnas»** bolg’an. Soni’n’ menen qatar, qaraqalpaqlar wo’zbek milleti wa’killerin **«ta’shmatlar»**, al qazaq xalqi’n **«woybaylar»** dep ataydi’. Bul laqaplar da, woni’n’ sebepleri de ko’pshilikke tu’sinikli. «Ta’shmat» laqabi’ – wo’zbek xalqi’ arasi’nda yer adamlar ati’nda ko’p ushi’rasatug’i’nli’g’i’ menen baylani’sli’. Al qazaq xalqi’ni’n’ wa’killeri so’ylegen payi’ti’nda «woybay» so’zin jiyi qollani’wi’ menen usi’ laqapqa miyasar bolg’anli’g’i’ seziledi.

Wo’z gezeginde bunday laqaplar qaraqalpaqlarg’a da qoyi’lg’an. Joqari’ jaqti’n’ xalqi’ qaraqalpaqlardi’ si’rti’nan **«awalar»** dese, ayi’ri’mlari’ **«jalpaqlar»** *(«жҫalpaqlar»)* dep ataydi’. Qazaq xalqi’ da qaraqalpaqlardi’ birneshe laqap penen atap kelgen. Abi’lay xanni’n’ waqti’nda Jetisuwg’a qoni’slandi’ri’lg’an qaraqalpaqlar jergilikli xali’q ta’repinen **«ketpen»** yamasa **«ketpenshiler»** dep atalg’an.[51] Arqa jaqti’n’ qazaqlari’ qaraqalpaqlarg’a Muh’ammed isminin’ awi’zeki varianti’ bolg’an «Ma’mbet» atamasi’n qollang’an. Laqapti’n’ ma’nisi, usi’ ismnin’ qaraqalpaqlarda ko’p qoyi’li’wi’ menen baylani’sadi’. Buni’n’ tag’i’ bir sebebi, qaraqalpaqlardi’n’ Tu’rkistanda islam dinin yen jaydi’ri’wda belsendilik ko’rsetip, «Muh’ammedti qollawshi’lar» degen dan’qqa yeriskenligi menen baylani’sti’ri’ladi’.[52] Qazaq

---

[51] Рейимов А., Хожаназаров Ә. Қарақалпақлар етекли ел болған... // Ақмаңғыт таңы. – Ақмаңғыт, 2006. №13. – Б. 3.

[52] Қанаатов Т. Қарақалпақ тарийхының кең жийеклери // Әмиўдәрья. – Нөкис, 2007. -№1. – Б. 106.

tilinde Muh’ammed ismi ko’binese «Muxambet», «Maxambet» boli’p ayti’ladi’. Al bunnan basqa qi’sqarg’an formalari’ *(Mamat, Ma’met)* siyrek qollani’ladi’.

Qi’rdi’n’ qazaqlari’ qaraqalpaqlardi’n’ tag’i’ bir topari’n **«aqudaylar»**,[53] ja’ne bir bo’legin **«shani’shqi’li’lar»**[54] degen laqaplar menen atag’an. Soni’n’ menen birge, «qaraqalpaq» etnoniminin’ tariyxi’y varinati’ bolg’an **«qalpaq»** atamasi’ h’a’m shejirelik etnonim tu’rinde ayti’li’p kelgen **«jayi’lg’an»** *(«jayi’lqan»)*[55] eponimi de laqap si’pati’nda tu’sinilgen. Usi’nday laqaplar qaraqalpaqlar ta’repinen basqa da xali’qlarg’a qollani’li’p kiyati’r. Bul ma’selede Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplarda wo’zgeshelik ushi’rasadi’.

Buxara qaraqalpaqlari’ tilinde yevropali’ millet wa’killerine **«aqqulaq»** laqabi’ qollani’lsa, tawli’lar *(kavkazli’lar)* **«woraqtumsi’q»** degen atamag’a iye. Bul laqaplarda wolardi’n’ dene wo’zgesheligindegi si’patlarg’a itibar berilgen. Al ta’jik xalqi’na **«ka’ttetoppi’»** laqabi’ tan’i’lsa, wo’zbek milleti wa’killerine **«alashapan»** dep ayti’ladi’. Qi’rdi’n’ qazaqlari’n bolsa, **«kiyizti’maq»** dep atag’an. Bunday laqaplarda h’a’r xali’qti’n’ kiyim kiyiwindegi ayri’qshali’qlar itibarg’a ali’ng’an. Ta’jik milleti wa’killeri kiyetug’i’n toppi’ *(doppi’)*[56] wo’zbeklerdin’ taqi’yasi’na qarag’anda biyigirek boladi’. Wolardi’n’ «ka’ttetoppi’» atani’wi’ sonli’qtan. Baskiyimnin’ «ti’maq» dep atalg’an tu’rin jergilikli qaraqalpaqlar da kiyedi. Biraq qaraqalpaqlardi’n’ ti’mag’i’ paxta menen si’ri’li’p, si’rti’ maqpal menen ti’slang’an boladi’. Qazaq sharwalari’ kiygen ti’maqlar juqa basi’lg’an kiyizden boladi’, al man’layli’g’i’ menen qulag’i’ qoyanni’n’ yamasa tu’lkinin’ terisinen tigiledi. «Kiyizti’maq» laqabi’ da mine usi’lay payda bolg’an. Ha’zirgi waqi’tta qazaq xalqi’na baylani’sli’

---

[53] **Аќђдайлар** – http://www.kazakh.ru/talk/mmess.phtml?idt=35027

[54] Олжабаев С. Түркистан үлкесиниң байырғы халқы ҳәм олардың этномәдений жағдайы // Сб. Международная научно-практическая конференция – Насиональный фольклор народов Центральной Азии и проблема духовного обновления общества. – Нукус. 2008, 27-28 ноябрь. – С. 148.

[55] **Jayi’lg’an** // **Jayi’lqan** – qaraqalpaqti’n’ qon’i’rat ari’si’ni’n’ urani’ h’a’m sharwalar piri.

[56] **Toppi’** *(doppi’)* – baskiyim tu’ri: to’rt qi’rli’ ala taqi’ya.

**«nemis»** degen laqap ta isletiledi. Bul laqap nemis tilindegi si'yaqli' qazaq xalqi'ni'n' da «ya»[57] degen so'zdi qollani'wi' sebepli kelip shi'qqan.

Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' u'lken bir bo'legi Nurataw bawraylari'nda jasaydi'. Nurataw – Tu'rkistan tawlari'ni'n' dizbekli dawami'. Usi' taw arasi'nda jasaytug'i'n «tu'rikpen-qalpaqlar» yamasa **«jaman tu'rikpenler»** XVIII a'sirde Qi'li'shbek bati'rdi'n' basshi'li'g'i'ndag'i' qaraqalpaq jasag'i' qurami'nda jun'g'arlarg'a qarsi' uri'sqa qatnasqan.[58] «Jaman tu'rikpen» – usi' jerdegi tawli' qaraqalpaqlardi'n' laqabi'. Bul h'aqqi'nda tariyx izertlewshisi A'.Bayniyazov wo'zinin' «Nur qaraqalpaqlari'» maqalasi'nda *«Nur-Ata diyari'ndag'i' jasaytug'i'n qaraqalpaqlar ko'binese* ***«jaman tu'rikpen»*** *degen atama menen belgili. Tu'rkmenler qol asti'nda jasap, keyin Nur-Ata tawlari'na qayti'p kelgennen keyin usi'lay atali'p ketipti. Wolar tiykari'nan qon'i'rat ari'si'ni'n' ayi'lli', balg'ali', qostamg'ali', qazayaqli', qanji'g'ali', bo'gejeli, uwaqtamg'ali' h'a'm t.b. qa'wimleri»* dep jazadi'.[59] «Jaman tu'rikpen» laqabi' menen belgili bul topardi'n' wo'zlerin «Yelibay qon'i'ratlari'mi'z» dep te ataytug'i'nli'g'i' tuwrali' da'rekler bar.[60]

Xali'q arasi'nda «Yelibay qon'i'ratlari'» h'aqqi'nda h'a'rqi'yli' an'i'zlar saqlani'p qalg'an. An'i'z boyi'nsha wolardi'n' ata-babalari' Man'g'i'shlaw *(Man'qi'slaw)* degen jerde jasag'an. Uzaq ji'llar tu'rkmen beklerine qarasli' boli'p, keyin **«Atajurt Tu'rkistan»** aymag'i'ndag'i' qaraqalpaqlarg'a bari'p qosi'lg'an. Biraq, Jun'g'ariya qalmaqlari'ni'n' shapqi'nshi'li'qlari' aqi'betinde wol jerde uzaq turaqlay almay, Buxara xanli'g'i' sorami'ndag'i' qaraqalpaq iyeliklerine ko'ship kelgen. Ko'p a'sirlik ayrali'q sebebinen tilde, tu'rde wo'zgerisler bolg'annan keyin wolar **«jaman tu'rikpen»** degen laqap alg'ani' ayti'ladi'. İnformatorlardi'n' mag'luwmatlari' boyi'nsha «jaman tu'rikpen» laqabi' Buxara xanli'g'i' zamani'nan berli bar. Solay yeken, laqapti'n'

---

[57] Qazaq a'debiy tilindegi **«ia'»** so'zi jergilikli qazaq so'ylesimlerinde **«iya»** *(«ya»)* dep ayti'ladi'.

[58] Тілеумұратов М. Алты алашқа танымал батыр // Нұрлы жол. – Ташкент, 2005, -№31.

[59] Байниязов Ә. Нур қарақалпақлары // Сәният. – Нөкис, 2009. -№1-2. – Б. 15.

[60] Бабашев Ш. Тауелібайдың тарихы тереңде // Нұрлы жол. – Ташкент, 2005. -№93.

qoyi’li’wi’ «ja’niyler»[61] menen baylani’sli’ boladi’. Ja’niyler *(ashtarxani’ylar)* – Astraxan xanli’g’i’nan i’g’i’si’p kelgen h’u’kimdarlar yedi. Qaraqalpaqlardi’n’ bul dinastiya h’u’kimdarli’q yetken da’wirlerde wo’zlerinin’ siyasiy belsendiligi menen ko’ringenligi belgili.[62]

Qullasi’, etnoslarg’a baylani’sli’ laqaplardi’n’ payda boli’wi’, yekinshi bir a’wlad wa’killeri ta’repinen qoyi’lg’an boladi’. Wo’ytkeni, xali’q wo’zine-wo’zi ku’lkili atama qoymaytug’i’nli’g’i’ ta’biyiy. Biz mi’salg’a alg’an laqaplardan da usi’ni’ ko’remiz.

***2) Aymaqli’q-ja’ma’a’tlik laqaplar***

Awi’l-aymaq h’a’m turg’i’nlar menen baylani’sli’ laqaplar toparli’q laqaplardi’n’ ken’ tarag’an tu’rlerine kiredi. Soni’n’ ishinde tiykarg’i’ wori’ndi’ jerge, yag’ni’y, ma’nzil-ma’kang’a tiyisli laqaplar iyeleydi. Al, jergilikli turg’i’nlar ja’ma’a’ti menen baylani’sli’ laqaplar wonsha ko’p yemes.

Awi’l-aymaqqa baylani’sli’ beriletug’i’n laqaplardi’n’ etnos atamasi’na yamasa a’wladli’q bo’liniwlerge h’eshqanday qatnasi’ joq. Laqapti’n’ bul topari’ ko’binese «ja’ma’a’tlik laqaplar» yamasa «ja’ma’a’tlik-aymaqli’q laqaplar» dep ataladi’ h’a’m wolar toponimnin’ qosi’msha atamasi’ si’pati’nda ayti’ladi’.[63] A’dette, bunday laqaplardi’n’ payda boli’wi’na qanday da bir tosi’nli’g’i’ yamasa si’rtqi’ uqsasli’g’i’ yaki wo’zgeshelikleri ta’sir yetedi.

Q.Ayi’mbetovti’n’ jazi’wi’ boyi’nsha, Allayar Dosnazarov tuwi’li’p-wo’sken ma’kandi’ xali’q **«Uf-tin’ awi’li’»** dep atag’an.[64] Laqapti’n’ kelip shi’g’i’wi’na Dosnazardi’n’ Allayari’ni’n’ awi’li’na **«-ov»**[65] boli’p worali’wi’ ta’sir yetken. Wol waqi’tlari’ qaraqalpaqlar ushi’n bunday familiyali’q atali’wlar

---

[61] **Ja’niyler** – Ja’nibek (Janmuhammed) xan a’wladlari’. Bul a’wlad *(dinastiya)* wa’killeri 1601-ji’ldan 1747-ji’lg’a deyin, yag’ni’y ha’kimiyat basi’na man’g’i’tlar kelgenge shekem Buxarani’ biylegen.

[62] Юсупов О. Бухара и каракалпаки // Вести Каракалпакстана. – Нукус, 1997. -№26.

[63] Печерских Т.А. Вторичные топонимы типа Камчатка // Вопросы ономастики. – Свердловск, 1974. -№8-9. – С. 25-27.

[64] Айымбетов Қ. Өткен күнлерден елеслер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1972. – Б.113.

[65] ***-ov*** – familiya jasawshi’ qosi’mta.

u'rdis bolmag'anli'qtan da xali'qqa bul h'a'diyse tan' qalarli'q jan'ali'q boli'p tuyi'lg'an. Usi' laqap biraz waqi'tlarg'a shekem A.Dosnazarov wo'sken awi'ldi'n' qosi'msha ati'na aylani'p qalg'an.

Ha'zirgi waqi'tta jaslar h'a'm worta jastag'i' a'wlad wa'killeri arasi'nda respublikag'a belgili qala atamalari' da ayi'ri'm laqaplar menen ataladi'. No'kis – **Nyu-York**, Shi'mbay – **Chikago**, Taqi'yatas – **Texas**, Qanli'ko'l – **Kaliforniya**, Moynaq – **Mexiko**, Bostan – **Boston** h'a'm t.b. Bul laqaplardi'n' payda boli'wi'na qala h'a'm aymaq atamalari'ni'n' Amerika materigindegi toponimler menen ayti'li'w uqsasli'qlari' sebep bolg'anli'g'i' seziledi.

Geypara laqaplar tutas si'rt ko'rinisine de qarap qoyi'ladi'. Mi'sali', wo'tken a'sirdin' 80-ji'llari'na shekem No'kis qalasi'ni'n' Go'neqala aymag'i'ndag'i' bir woram *(kvartal)* **«Shanxay awi'l»** dep atalg'an. Sebebi, bul jerde tiykari'nan korey *(koreec)* milletinin' wa'killeri jasag'an h'a'm wolardi'n' salg'an u'yleri de wo'zlerinin' milliy arxitekturali'q u'lgisine say quri'lg'an bolg'an. Bul ma'kanni'n' Qi'tay Xali'q Respublikasi'ndag'i' Shanxay qalasi'na qatnasi' bolmasa da, woni'n' quri'li'si'ndag'i' uqsasli'qlar jan'a laqapti' payda yetken.

No'kis qalasi'na tu'slik rayonlar ta'repten keletug'i'n u'lken ko'pirdin' arqa jag'i'nda jaylasqan ma'kan **«Ci'gan awi'l»** degen laqapqa iye. Tiykari'nda bul jerdegi awi'ldi'n' ra'smiy ati' **«Nawqanbag'»** dep ataladi'.[66] Bul jerdin' «Si'gan awi'l» atali'w sebebi, jaqi'n waqi'tqa shekem da'stu'riy tu'rde h'a'r ji'li' tu'slik u'lkelerden topar-topar boli'p keletug'i'n loli'lar *(jo'giler)*[67] usi' jerdegi ko'pirdin' asti'na h'a'm sol jerden wo'tip turg'an temirjol boyi'na jaylasi'p, birneshe ma'wsimdi usi' jerde wo'tkizetug'i'n yedi. Sol ushi'n da bul jerdegi awi'ldi'n' qosi'msha ati' buri'ng'i' laqabi' boyi'nsha atali'p kiyati'r.

To'rtku'l qalasi'nan won segiz shaqi'ri'm jerde wornalasqan «уральскийлер» *(woralli' wori'slar)* qalashasi'n da xali'q **«Babayqala»** dep

---

[66] Informator: Yesnazarov Barli'qbay. 1957 j.t. qaraqalpaq (qon'i'rat, i'rg'aqli', sari'tonli', sari'atan).

[67] Loli'lar wo'zlerin **«mug'atlar»** dep ataydi'.

atag’an.[68] Sebebi, bul jerdegiw wori’slardi’n’ ko’pshiligi Rossiyadag’i’ «a’skeriy qatlam» sanalg’an kazaklardi’n’ a’wladlari’ boli’p, wolar qariyalar si’yaqli’ uzi’n saqal qoyi’wdi’ u’rdis etken. Usi’ni’n’ sebebinen, tu’pkilikli «babay» *(«baba»)* so’zi woralli’larg’a tiyisli de qollani’li’p ketken.

Buxara qaraqalpaqlari’ wo’tken a’sirde No’kis qalasi’n **«U’lken Tamdi’»** dep atag’an. Buni’n’ qoyi’li’wi’na sebep, birinshiden, No’kis – Tamdi’ qaraqalpaqlari’ ushi’n woray bolsa, yekinshiden, woni’n’ paytaxt si’pati’ndag’i’ kelbeti kishigirim qalashalardan pari’q qi’lmag’an. Sonli’qtan si’rttan keliwshiler arasi’nda **«Kurica – ne ptica, Nukus – ne stolica»** *(«Tawi’qti’ h’eshkim qus demes, al No’kis – paytaxt yemes»)* degen ibara tarqalg’an.[69] «U’lken Tamdi’» laqabi’ da usi’nday ku’lkili mu’na’sibet penen qoyi’lg’an.

Tawelibay u’lkesinin’ worayli’q bo’leginde jaylasqan **«Sari’bel»** awi’li’ h’a’zirgi waqi’tta **«Kishi No’kis»** dep ayti’ladi’.[70] Lekin bul laqapti’n’ qoyi’li’wi’nda aldi’ng’i’si’nan ayi’rmashi’li’q bar. Tiykari’nda bul jerdin’ turg’i’nlari’ni’n’ basi’m ko’pshiligi qaraqalpaqlardan ibarat boli’p, wolar son’g’i’ jigirma ji’l ishinde No’kis qalasi’ menen ti’g’i’z qari’m-qatnasi’qti’ jolg’a qoydi’ h’a’m soni’n’ na’tiyjesinde bari’s-kelis ku’sheydi. Jergilikli turg’i’nlardi’n’ balalari’ ko’birek No’kis qalasi’nda woqi’wg’a talpi’ndi’. Jan’adan ashi’lg’an qaraqalpaq klasslari’ ushi’n qaraqalpaq tili h’a’m a’debiyati’ pa’ni woqi’ti’wshi’lari’ jetispeytug’i’n bolg’anli’qtan birneshe mug’allimler No’kis qalasi’nan kelip, sabaq berdi. Sonday-aq, Sari’bel turg’i’nlari’ wo’z toylari’na wo’nerpazlardi’ No’kis qalasi’nan shaqi’rtti’ri’wdi’ da u’rdiske aylandi’rdi’. Bul jag’day do’geregindegi xali’qlar ushi’n ayri’qsha jan’ali’q boli’p esaplandi’. Sonli’qtan awi’ldi’n’ **«Kishi No’kis»** atali’wi’ tezden ko’pshilikke tarali’p ketti h’a’m h’a’mmege maqul tu’sti. Da’slepki waqi’tlari’

---

[68] Айымбетов Қ. Өткен күнлерден елеслер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1972. – Б. 127.

[69] Камалов Қ. Нөкис көз алдымызда көркеймекте // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2003. -№1-3. – Б. 12.

[70] Informator: Jorabayev Yesqabi’l. 1961 j.t. qaraqalpaq (qon’i’rat, qi’yat, u’shtamg’ali’, wotashi’).

ku'lki tuwdi'ri'w ushi'n ayti'latug'i'n bul laqap h'a'zir u'yrenshikli atamag'a aylani'p qaldi'.

Buxara qaraqalpaqlari' so'ylesiminde usi'nday laqap-toponimler menen birge, sol aymaqta jasawshi'larg'a baylani'sli' laqaplar da ko'birek tarag'an. Ma'selen, ataqli' «sawda worayi'» si'pati'nda ati' shi'qqan tariyxi'y G'i'jduwan sha'h'a'ri xalqi'n a'tirapi'ndag'i' qaraqalpaqlar **«sha'kkiler»** dep ataydi'. Xali'q arasi'nda bul laqapti'n' tarqali'wi' boyi'nsha yeki tu'rli versiya bar:

*Birinshisi*, jergilikli xali'qlar, soni'n' ishinde qaraqalpaqlar qati'qti'n' su'zbesin «sha'kki»[71] dep ataydi' h'a'm ag'arg'anni'n' usi' tu'rin sati'wdi' g'i'jduwanli'lar turaqli' ka'sip yetip kelgen. Birqatar informatorlar laqapti'n' usi'g'an baylani'sli' kelip shi'qqanli'g'i'na tu'sindirme beredi.

*Yekinshisi*, g'i'jduwanli'lar basqa xali'qlar ushi'n buri'n ko'z ko'rmegen sawdagershiliktin' ko'plegen tu'rlerin ka'sip qi'li'p kelmekte. G'i'jduwan bazarlari'nda qum da, qumalaq ta, qati'q ta, qara suw da sati'ladi'. Bul ko'rinisler do'geregindegi xali'qlarg'a, a'sirese, qaraqalpaqlarg'a qi'zi'q h'a'm qolaysi'z ko'ringen. Jergilikli qaraqalpaq awi'llari'nda qara suw menen ag'arg'an sati'w yelege shekem «ayi'p» sanaladi'. Al, qumalaq, tezek, japa sati'w, wog'i'ri' yersi. Sol ushi'n wolar g'i'jduwanli'lardi' «sha'kkiler» dep atay baslag'an.[72] Jergilikli so'ylesimde «sha'kki» so'zinin' tag'i' bir ma'nisi «a'ntek», «a'bes», «yersi» mag'anasi'nda da jumsaladi'. Bizin'she, usi' yeki sebeptin' de laqapti'n' payda boli'wi'na ta'siri barli'g'i' seziledi.

G'i'jduwanli'lar wo'z gezeginde Qi'zi'lqum ken'isliklerinde jasawshi' qaraqalpaqlardi'[73] birneshe a'sirler boyi' **«da'shtiler»** *(«sah'rayi'lar», «jabanli'lar»)* dep atap kelgen. Bul laqap sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wshi' qaraqalpaqlarg'a woti'ri'qshi' qanalaslari' ta'repinen de

---

[71] Пирекеева А. Конимех қорақалпоқлари шеваси. Филол. фан. ном. дисс. …автореф. – Нукус, 2012. – Б. 12.

[72] Informator: Dosatov A'liqul. 1934 j.t. qaraqalpaq (man'g'i't, gu'rman'g'i't, tamg'ali').

[73] Qi'rdan ko'ship kelgen qazaq sharwalari' **«shubi'rindi'lar»** degen laqap penen ju'ritilip kelgen.

qollani’lg’an. Biraq, wolar bul laqapti’ wo’z so’ylesimine sa’ykes **«da’shshiler»** dep aytadi’. Bul laqapti’n’ qarama-qarsi’ ma’nisi **«yelibaylar»** *(«yelibayli’lar»)* atamasi’ sharwa xali’qti’n’ jag’dayli’ boli’wi’ menen baylani’sli’ kelip shi’qqan. Waqi’tti’n’ wo’tiwi menen son’g’i’ atama *(«yelibay»)* usi’ aymaqqa da berilgen boli’wi’ mu’mkin.

«Da’shtiler» *(«da’shshiler»)* degen uluwma atama menen ju’ritiletug’i’n awi’llardi’n’ da bir-birinen ayi’ri’li’p ayti’latug’i’n laqaplari’ bar. Alayi’q, Tawelibay u’lkesinin’ yen’ shetki qoni’si’ bolg’an buri’ng’i’ Dalaqudi’q awi’li’ turg’i’nlari’ **«arqali’lar»** dep atalg’an. Sebebi, bul jerde «ko’zime basi’ joq tu’ye ko’rindi», «jalg’i’zayaq bala ko’rdim», «perilerdin’ awi’li’na tap boldi’m», «sa’n-saltanat penen kiyati’rg’an ka’rwang’a joli’qti’m» degen si’yaqli’ g’ayri’ta’biyiy waqi’yalar ko’p ayti’ladi’. Bunday h’a’diyselerdi bul jerdin’ kishkentay balasi’nan kekseygen qariyasi’na shekem mayi’n tami’zi’p gu’rrin’ yetip beretug’i’nli’qtan da bulardi’ **«arqali’lar»** atandi’rg’an.

«Birlik» shirket xojali’g’i’ aymag’i’ndag’i’ «Aqqabaq» awi’li’ni’n’ turg’i’nlari’ **«quti’ri’ng’i’rlar»** dep ataladi’. Wo’ytkeni, bul jerdin’ yer adamlari’ ti’ni’shsi’zlaw, tenteklew boli’p keledi. Yeski so’zler boyi’nsha qay jerdin’ asti’nda alti’n yaki basqa da g’a’ziyne bolsa, sol bayli’q adamdi’ ko’terip, quti’rtadi’-mi’sh. Shi’ni’nda da son’g’i’ ji’llari’ «Aqqabaq» awi’li’ni’n’ asti’nda uranni’n’ wog’ada mol qori’ bar yekenligi ani’qlandi’ h’a’m bi’yi’ldan baslap wol jerde ka’n wo’ndiriwshiler ma’kani’ boy ko’termekte.

Sonday-aq, bul u’lkede **«Aqmi’lti’q awi’l»**, **«Atqoyg’i’sh awi’l»** degen laqap alg’an ma’kanlar da ushi’rasadi’.[74] «Aqmi’lti’q awi’l» laqabi’ni’n’ payda boli’wi’na wol jerdin’ xalqi’ni’n’ shetinen ko’zi wo’tkir boli’p, bir-birinen wo’tetug’i’n waqi’yalardi’ ju’zege keltirgeni sebep bolg’an. Yeki ag’ayinli jigittin’ biri jay sali’p, soni’n’ pitiwi menen ag’asi’n miymang’a shaqi’radi’.

---

[74] Informator: Boranbayeva A’wes. 1932 j.t. qaraqalpaq (qi’tay, qayshi’li’, ko’rpe, jan’bi’rshi’).

Ag’asi’ sawlatli’ boli’p sali’ng’an dan’g’i’rlag’an jaydi’ ko’rip, «Pah’ inim, woqi’masan’ woqi’ma, mi’nanday jay bul do’gerekte buri’n-son’li’ bolg’an yemes» degeninshe, imarat gu’rs etip qulap tu’sedi. Woni’ ko’rip turg’an inisi ne qi’lari’n bilmey «Wa’y ag’a, quday ko’zdi de wo’zin’e bergen yeken-aw?!» dep aytqan waqi’tta a’jag’asi’ni’n’ yeki ko’zi birden ag’i’p tu’sedi. Usi’ waqi’yadan keyin bul awi’l **«Aqmi’lti’q»** degen laqapti’ aladi’. «Aqmi’lti’q» so’zi jergilikli so’ylesimde ko’zi qatti’ adamg’a qarati’la ayti’ladi’.

«Jan’asharwa» shirket xojali’g’i’ni’n’ worayi’ So’kitli awi’li’ni’n’ adamlari’ bul awi’lg’a kim kelse de, yerten’ine-aq laqap tag’atug’i’n bolg’anli’qtan **«Atqoyg’i’sh awi’l»** atang’an. Sol sebepli bul awi’lg’a kim barsa da, wo’zine, so’zine nayati’y saq boli’wi’ kerekligi ayri’qsha yesletilgen.

Wo’tken a’sirde h’a’rbir xojali’q birlespelerinin’ basshi’lari’ wo’z awi’llari’ndag’i’ jas shan’araq iyelerine jan’adan jaylar sali’p beriwi menen jan’a ma’h’a’lle-ma’kanlar, yag’ni’y woramlar payda bolg’an. Usi’nday ma’kanlar qalalarda g’ana yemes, zamanago’y tipte sali’ng’an awi’llarda da qa’d tiklegen. Xali’qqa wa’de yetilgenindey, wolarg’a jan’adan wotaw qurg’an jaslar wornalasti’ri’lg’an. Tamdi’ aymag’i’ndag’i’ awi’lllarda ata-yenesinen bo’lek shi’qqan usi’nday jas xojali’qlar qoni’sli’g’i’ **«Yenebiyzarlar worami’»** dep ataladi’.[75] Bir uqsasli’g’i’, ata-yenesinen basqa shi’qqanlardan quralg’an ma’kan Shomanay qalasi’nda da bar boli’p, woni’ jergilikli turg’i’nlar **«Atabiyzarlar awi’li’»** dep ataydi’.[76]

Buri’ng’i’ waqi’tta jazi’lmas kesellikke ushi’rag’an adamlarg’a awi’ldi’n’ yaki qalani’n’ bir shetinen wori’n aji’rati’lg’anli’qtan da wolar wo’z aldi’na ma’h’a’lle boli’p woti’rg’an. U’lken sha’h’a’rli jerlerde *(Buxara, Xiywa)* bunday qoni’sli’qti’ **«Maqaw ma’h’a’lle»** dep atag’an bolsa, al qaraqalpaqlar arasi’nda **«Toppi’li’ awi’l»**, **«Keppeli»**,[77] **«Meshekli»** dep atag’an. Bul ma’kanlardi’n’

---

[75] Informator: Basharova Aqtuli’m. 1941 j.t. qaraqalpaq (qi’pshaq, baltali’, mayli’balta, madan).

[76] Informator: Jamalova Wori’ngu’l. 1960 j.t. qaraqalpaq (xoja, qorasan). Shomanay qalasi’, Qarabalayev ko’shesi.

[77] **Keppe** – jen’il baskiyim tu’ri.

laqabi’ sol jerdegi keselbent adamlardi’n’ baskiyimdi basti’ra kiyip, yaki a’llebir kep worap, basqalardan bo’leklenip ju’riwi menen baylani’sli’ kelip shi’qqan. Usi’lardi’n’ arasi’nda *Meshekli* awi’li’ni’n’ ati’ laqap tu’rinde payda bolsa da, son’i’ra ra’smiy atama si’pati’nda qa’liplesken. Meshekli awi’li’ atamasi’ni’n’ payda boli’wi’n birazlar bul jerde jasawshi’ keselbent adamlardi’n’ u’stine meshek *(qapshi’q)* kiyip ju’riwi menen baylani’sti’rsa, yendi birewler «menshikli» so’zinen kelip shi’qqan dep yesaplaydi’.

***3) A’wladli’q-uri’wli’q laqaplar***

A’wladli’q-uri’wli’q laqaplar ko’plegen xali’qlardi’n’ o’tmishinde belgili wori’n iyelep kelgen qosi’msha atamalardi’n’ bir tu’ri yekenligi menen aji’rali’p turadi’. Bunday laqaplar a’wladta-a’wladqa miyras boli’p wo’tedi. P.T.Porotnikov bul topardag’i’ laqaplardi’ «semyali’q-uri’wli’q laqaplar» dep bo’lgen.[78] Tu’rkiy xali’qlar shejiresinde uri’wli’q jikleniske baylani’sli’ laqaplar qosi’msha atama si’pati’nda ataladi’. Biraq, wolarg’a qoyi’lg’an laqaplar qaysi’bir uri’wdi’n’ uluwma atamasi’na yamasa sol uri’wdi’n’ belgili bir a’wladi’ni’n’ wa’killerine tiyisli boladi’. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ «jeti jik» dep atalg’an jeti basqi’shli’ shejirelik jiklenisinde son’g’i’ jetinshi buwi’n wa’killeri **«ko’she»** yamasa **«a’wlad»** dep atalg’an bir topardi’ quraydi’. Buxara qaraqalpaqlari’nda bul atama tiykari’nan «a’wlad» dep ju’ritiledi.[79] Wo’z gezeginde a’wlad ishindegi shan’araqli’q bo’linis «tu’tin», «u’ye», «u’yelmen», «ja’miya» h’a’m t.b. dep ataladi’. Bul atamalar wori’s tilindegi «семья» ma’nisin beredi. Usi’lardi’n’ barli’g’i’n qamti’w ma’nisinde biz bul toparlarg’a tiyisli qosi’msha atlardi’ ***«a’wladli’q-toparli’q laqaplar»*** dep aldi’q.

A’wladli’q-uri’wli’q laqaplar atadan balag’a tag’i’li’p bara beredi. A’wladli’q-toparli’q laqaplar tikkeley a’wlad wa’killerine tiyisli boladi’. Tamdi’

---

[78] Поротников П.Т. Групповse и индивидуальные прозвища в говорах Талицкого района Свердловской области //Антропонимика. – М.: Наука, 1970. – С. 360.

[79] Қанаатов Т. Бухара қарақалпақларының балаларды генеалогиялық саналылыққа бағдарлаў салты // ҚМУ хабаршысы. – Нөкис. 2009, -№3. – Б. 202-206.

rayoni’ni’n’ «Birlik» shirket xojali’g’i’nda jasawshi’ Jumabay jag’altaydi’n’[80] bes balasi’ **«Bestentek»** degen laqap penen ataladi’. Bulardi’n’ ismleri *Qosaman, Yelaman, Jolaman, Qalqaman, Tan’atar* boli’p, yendi wolardi’n’ balalari’ da a’kelerine tan’i’lg’an laqap penen atali’p kiyati’r.[81] Buxara qaraqalpaqlari’ arasi’nda **«Ayko’rgen tuqi’mi’»** degen laqap penen atali’p ketken a’wlad wa’killeri bolsa, h’a’zirgi waqi’tta birqansha shan’araqlardan ibarat. «Ayko’rgen» degen laqap alg’an «qara shan’araq» yamasa «u’lken u’y» iyeleri Buxara wa’layati’ni’n’ G’i’jduwan rayoni’ Ko’kshe awi’li’nda jasaydi’. Bul a’wladti’n’ laqap ali’wi’ boyi’nsha mi’nanday waqi’ya ayti’ladi’:

*Ko’rpe*[82] *Qayi’p qariya isik qabaqli’ kisi boli’p, wog’an qosa qali’n’ qaslari’ da qi’si’n’qi’ ko’zlerin jawi’p turadi’ yeken. Birde Qayi’p qariya ku’ndegi talabi’ boyi’nsha ko’mir wo’rtep ati’rsa, din’ aspandag’i’ ag’aran’lap turg’an ayg’a ko’zi tu’sedi. Bul «qu’diret» qariyani’ nayati’y tan’landi’rg’anli’g’i’ sonshelli, woni’ ko’re sala u’yine jetip keledi de bo’rte yeshkisin bawi’zlamag’a kirisedi.*

*Yeshkinin’ ne sebep pi’shaqqa ilingenin an’lag’an qon’si’si’ Turg’anbay baba «Ha, Qayi’p! Jasag’an iyemiz bir bo’rte eshkin’e ko’nse, ne jaqsi’?! Haw, bul ay yerten’ tag’i’ da ko’rinedi g’oy» dep liykinli h’a’zillesedi. Qariya ga’ptin’ ra’ma’wizin an’g’ari’w bi’lay tursi’n, soni’n’ arasi’nsha woynap ju’rgen balalardi’ awi’l jasulli’lari’ni’n’ u’ylerine juwi’rtti’ri’p, «quda joli’»*[83] *xabari’n aytti’rti’p ta u’lgeredi.*

*Qazan da atlandi’ri’ladi’. Bir zamannan qazang’a tu’sken as ta tayar boli’p, «qudayi’ tamaq» tarti’ladi’. Shaqi’ri’lg’an aqsaqallar da’stu’rxang’a kelgen astan awi’z tiyip, pa’tiya islenip boli’ng’annan keyin bul sadaqani’n’ sebebin soraydi’. Qayi’p qariya bolsa, bu’gin bir «a’ndiyshe» ju’z bergenligin,*

---

[80] **Jag’altay** – qaraqalpaq qi’pshaqlari’ni’n’ u’lken uri’wlari’ni’n’ biri.

[81] Informator: Abi’lova Dariyxa. 1951 j.t. qaraqalpaq (qi’tay, qamshi’li’, a’lseyit, sayaq).

[82] **Ko’rpe** – qaraqalpaqti’n’ qi’tay arisi’na kiretug’i’n ko’p sanli’ uri’w, Qayi’p qari’yani’n’ shi’qqan tegi.

[83] **Quda joli’** – qudayi’ sadaqa.

*ku'pa'-ku'ndiz aydi' ko'rgenligin h'ayran qali'p ayta baslaydi'. U'y iyesi so'zin pitirer-pitirmesten h'a'mme duw etip ku'lip jiberedi. Bul h'a'diysege birinshi ma'rte gu'wa bolg'an qariya aydi'n' ku'ndiz de ko'rinetug'i'nli'g'i'nan na'wiye xabari' joq yeken. Usi' waqi'yadan keyin Qayi'p qariyani'n' wo'zine g'ana emes, pu'tkil tuqi'm-teberigine de «Ayko'rgenler» degen laqap tan'i'li'p, bul topar yeleberin sol atama menen atali'p kiyati'r.*[84]

Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' XIX-a'sirdin' aqi'ri' XX a'sir basi'ndag'i' ko'semlerinin' biri Buqi'sh biydin' uri'wi' **«jamanqi'tay»** degen laqapqa iye bolg'an.[85] Tiykari'nda bul uri'wdi'n' wo'z atamasi' «a'lseyit»[86] dep ataladi'. An'i'zda a'lseyitlerdin' arg'i' babalari' «jamantay» degen laqap ali'p, usi' atama keyin ala **«jamanqi'tay»** boli'p atalg'an dep ayti'ladi'. Usi'g'an uqsas waqi'yalar Aralboyi' qaraqalpaqlari'ni'n' an'i'zlari'nda da saqlang'an.

Bir an'i'zda Bug'i'bas bati'rdi'n' a'wladlari' «bug'i'li'qi'tay» atali'p, son'i'nan wol **«boqli'qi'tay»** *(«boqli'qtay»)* laqabi' menen atali'p ketkeni tilge ali'nadi'. Bul atamani' tag'i' bir jerlerde «bag'li'qi'tay», «bag'i'tay» dep te ataydi'. «Jamanqon'i'rat» atamasi' boyi'nsha da usi'nday an'i'zlar ju'zege kelgen. Xali'q arasi'nda bul etnonimlerdin' tiykarg'i' wo'z atamasi' da ayti'ladi'.

Ko'rnekli ali'm T.Januzaqov *qara qi'pshaq, qarakesek, semiz nayman, shoy moyi'n* h'a'm t.b. etnonimlerdi laqaplar qatari'na qosadi'.[87] Bizin'she uri'w-taypa atamalari' tu'rinde qa'liplesip ketken etnonimlerdin' ayi'ri'mlari' da'slepki waqi'tta laqap bolg'ani' menen de, yendi wolardi' «laqap» dep ataw qi'ysi'ng'a kelmeydi. Eger, etnonim ati'na qosi'msha tu'rde tag'i' bir atamag'a iye bolsa, wonda woni' laqaplar qatari'na qosi'wg'a bolar yedi.

---

[84] **Айкөрген көрпелер** / Тамды тамашалары. – авт. С.Әмирлан // Саза. – Нөкис, 2013. -№4. – Б. 38.

[85] Полатов Х. Буқыш бий әўладлары // Әмиўдәрья. – Нөкис, 2010. -№5. – Б. 100.

[86] Qi'tay ari'si'ni'n' qamshi'li' taypasi'na kiretugi'n u'lken uri'wlardi'n' biri.

[87] Жанұзақов Т. Қазақ есімдерінің тарихы. – Алматы: Ғылым, 1971. – Б. 77.

Shejirede qi'pshaqti'n' mayli'balta uri'wi'nan tarag'an **to'lemis** ko'shesi Tu'rkistan h'a'm Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nda **«bessoqi'r»** degen laqap penen atali'p ketken.[88] Bir bati'rdi'n' bes balasi'na birdey sheshek shi'g'i'p, ko'zli boli'p qali'wi' sebepli bul a'wlad **«bessoqi'r»** degen laqap penen atalsa, ayi'ri'm wori'nlarda wolardi' **«ko'psoqi'r»**[89] dep ataydi'. Bul a'wlad wa'killeri wo'zlerinin' toparli'q laqabi'n da, tiykarg'i' ati'n da saqlap qalg'an.

Buxara qaraqalpaqlari' qurami'nda **«Qarako'kirek»** dep atalatug'i'n uri'w ko'shesi bar. Bular qon'i'rat ari'si'ni'n' qoldawli' taypasi'ni'n' beskempir uri'wi'nan tarag'an a'wlad boli'p yesaplanadi'.[90] Bul a'wladti'n' laqap ali'wi'na baylani'sli' da birneshe an'i'zlar bar. Lekin h'a'zirgi waqi'tta «Qarako'kirek» atamasi' laqapli'q a'h'miyetin joyi'ti'p, etnonimlik ma'nide qollani'lmaqta.

Buxara qaraqalpaqlari' arasi'ndag'i' abi'rayli' a'wladlardi'n' biri qi'pshaqti'n' jabi' *(yabi')* uri'wi'ni'n' irijabi' tarmag'i'nan tarag'an shayqi'jabi' ko'shesinin' bir topari' **«Kiyiksawg'an»** degen laqapqa iye. Bul topar XVIII-XIX a'sirde jasap wo'tken ataqli' A'nnet iyshanni'n' a'wladlari' boli'p, wol kisi du'zdegi kiyiklerdi ka'ramati' menen quwi'p a'kelgen h'alda u'yinin' aldi'na dizip qoyi'p, gu'wensiz-aq sawi'p ishken, ash-ari'qti' toydi'rg'an.[91] A'nnet babani'n' a'wladlari' h'a'zirge shekem «kiyiksawg'an» degen laqap penen atali'p kelmekte. A'nnet iyshanni'n' ka'ramati' h'aqqi'ndag'i' h'a'rqi'yli' waqi'yalar da a'wladtan-a'wladqa an'i'z tu'rinde ayti'li'p kiyati'r.[92]

A'wladli'q-uri'wli'q laqaplar arasi'nda laqapti'n' shan'araq iyelerinin' birine jubaylasti'ri'p yaki kishireytip ataw jag'daylari' da ushi'rasadi'. Uyg'i'rlarg'a ta'n toparli'q laqaplardi' izertlegen A.G.Baxamova bul taqi'letles atali'wlardi'n' a'wladtan-a'wladqa wo'tip kiyati'rg'an yeski atlar yekenligine

---

[88] Дәўен Е. Нәсепнама. – Зәрепшан: Атамура, 1993. – Б. 8.

[89] Қарақалпақ *(шежире)* // Арал. – Нөкис. 1990. -№1.

[90] Informator: Wo'mirbayev Womar. 1940 j.t. qaraqalpaq (qon'irat, qoldawli', beskempir, ko'kirek, qara).

[91] Informator: A'bdireyimov Qosanbay. 1936 j.t. qaraqalpaq (qi'pshaq, bayi'rli', jabi', iri jabi', tog'i'z).

[92] Сийпатдинов Ш. Атам айтқан бир ўақыя // Жипек жолы. – Нөкис, 2007. -№17. – Б. 28.

itibar berip, «Qarig'oja» *(qaratorg'ay)*; «Yeyiq» *(ayi'w);* «Toshqan» *(qoyan);* «G'oraz» *(qoraz)* si'yaqli' laqap iyelerinin' h'ayallari' «Tawi'q», balalari' «Qonji'q» *(ayi'wsha),* «Go'jek», «Palapan» dep atalatug'i'nli'g'i'n mi'sal si'pati'nda keltiredi.[93] Bundaylar qatari'na *Jorabay* ***wo'giz***[94] degen laqap penen tani'lg'an adamni'n' balalari'ni'n' ***Wo'jek*** *(buzaw)*, ***Wo'gizshe***, al «Sart» dep laqap alg'anlardi'n' perzentlerinin' ***Sartay***, ***Sartaq***, ***Sarti'mbet*** h'a'm ***Sarti'maq***[95] dep atalg'anli'g'i'n qosi'wg'a boladi'. Bul ta'rizli laqaplar h'a'r awi'lda biren'-saran' bolmasa, wonsha ko'p yemes.

Sali'sti'ri'p qarag'ani'mi'zda, a'wladli'q-uri'wli'q laqaplar qaraqalpaq antroponimiyasi' ushi'n da ta'n boli'p, bul wo'zgesheliklerdin' de tiyislisinshe u'yreniliwi za'ru'r yekenligi seziledi.

***4) Sheriklik-uyi'mli'q laqaplar***

Sheriklik-uyi'mli'q laqaplar xali'q arasi'nda yerteden kiyati'rg'an atamalarg'a jatadi'. Ha'r da'wirdin' wo'zine say sherik-uyi'mli'q laqap alg'an toparlari' bolg'an. Du'nya xali'qlari'na ken' tarag'an ***Qi'ri'q qaraqshi'***, Buxara qaraqalpaqlari' an'i'zlari'ndag'i' ***Qi'ri'q qaydaq***, ***Segiz serkesh*** h'a'm t.b. topar iyeleri usi'nday laqaplar qatari'na kiredi. Bulardi'n' a'wladli'q-uri'wli'q laqaplardan parqi' bunday laqap alg'anlardi'n' wo'zara tuwi'sqanli'q jaqi'nli'g'i'nan ko're, wolar arasi'nda wortaq maqsetke birigiwshilik bolg'an. Wolardi'n' bir topari' tek wo'z yerki menen ju'rgen si'bay-saltan' ju'rgen *(Qi'ri'q qaydaq, Segiz serkesh, Alti' qayqi', U'sh tenti)* adamlar bolsa, yendi birewleri xali'qtan tasalani'p, jurtshi'li'qqa ja'bir jetkizgen toparlar bolg'an.

XIX a'sirde Buxara a'mirligi aymag'i'nda h'a'rqi'yli' qashi'p-pi'si'p ju'rgen adamlardan quralg'an **«Tog'i'z tori'wi'l»**, **«Bes joltosar»** degen tonawshi'lar toparlari' bolg'an. Xali'q an'i'zlari'nda Buqi'sh biydin' inisi

---

[93] Бахамова А.Г. Уйгурские прозвища и их этнолингвистическая характеристика. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Алматы, 2004. – Б. 58.

[94] Қанаатов Т. Дала дилўары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. – Б. 35.

[95] Қарақалпақ *(шежирелик дүзилме)*. – Нөкис: «Әмир Едиге сарайы» китапханасы, 2009.

Man'g'i'tbay palwanni'n' «Tog'i'z tori'wi'l» dep at keshken tonawshi'lar topari'na joli'qqani', al sol aymaqti'n' mollasi'ni'n' «Bes joltosar» laqapli' baskeserlerge ushi'rasqanli'g'i' qi'zi'qli' bayanlanadi'.[96] Buri'n Buxara qaraqalpaqlari'nan shi'qqan a'skeriy qatlam arasi'nda «tori'wi'l» so'zi «ayg'aqshi'», «sholi'wshi'» ma'nisinde qollani'lg'an. Biraq, keyingi da'wirlerde wolardi'n' bazi' birewleri wo'z betinshe topar du'zip, jalg'i'z-jari'm adamlardi' tonap «du'z adami'» boli'p ketiwine baylani'sli', «tori'wi'l» so'zi de basqa ma'niske awi'sqan. Usi'g'an baylani'sli' *«Aydawi'ldi'n' aldi'na tu'spe, tori'wi'ldi'n' tori'na tu'spe»* degen naqi'l do'regen.

Wo'tken a'sirlerde **«Bala urlag'i'sh u'shew»**, **«Alti' alarman»** degen toparlar da bolg'an. Wolardi'n' da'slepkileri Buxaradan İrang'a bari'p bala urlap a'kelip, woni' Qi'rdag'i' sharwalarg'a «qolbala»[97] ushi'n sati'w menen shug'i'llansa, son'g'i'lari' kiyati'rg'an ka'rwanlardi'n' izindegi tu'yelerin sheship ali'p qalg'an, wo'zlerine biildirmesten bazarshi'lardi'n' zati'n tu'sirip ali'p qali'wdi' ka'sip yetken.

Bunday birigip bas qosi'wshi'lardi'n' arasi'nda h'eshkimge zi'yani' joq toparlar da bolg'an: **«Bes boydaq»**, **«To'rt yerke»**, **«U'sh sa'ten'»**. Xali'q yertegindegi **«U'sh yerinshek»** te usi'nday laqap iyeleri qatari'na kiredi. Xali'qtan bo'leklenip wo'z aldi'na topar boli'p ju'rgenler de usi' ta'rizli laqap iyeleri boli'p yesaplanadi'.

Qullasi', sheriklik-uyi'mli'q laqap iyeleri qandaydur maqset sebebinen birigedi h'a'm wo'z aldi'na topar boli'p ayi'ri'li'p turadi'. Wolardi'n' sani' keminde u'shewden baslanadi'. Sog'an qaray wolardi'n' laqaplari'nda da sani' ko'rsetilip ayti'ladi'. Tek sani' ko'rsetip ayti'latug'i'n **«U'shew»**, **«Beslan»**, **«Alti'li'q»** degen sherik-uyi'mli'q laqap iyeleri de ushi'rasadi'. Solay yeken, bul topardag'i' laqaplar wo'z aldi'na bir du'rkindi quraydi'.

---

[96] Informator: Dosqabi'lov Jari'lqasi'n. 1955 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qayshi'li', ma'jek, sirma'jek).

[97] **Qolbala** – mal baqti'ri'w ushi'n saqlaytug'i'n na'wshe bala, malay.

## Birinshi bap boyi’nsha juwmaq

Qaraqalpaq tilindegi laqaplardi’ birinshi ma’rte u’yrenip shi’qqan Yu.Xojalepesovani’n’ izertlewinde tiykari’nan jeke adamg’a baylani’sli’ laqaplar tallang’an yedi. Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’ u’yrengenimizde laqaplardi’n’ tiykarg’i’ yeki u’lken tarmaqqa aji’ralatug’i’nli’g’i’ ayqi’n boldi’. Woni’n’ birinshisi, ***darali’q laqaplar*** bolsa, yekinshisi, ***toparli’q laqaplar*** boli’p yesaplanadi’.

***Darali’q laqaplar*** bir adamg’a yamasa bir jupli’qqa ta’n atamalar boli’p, woni’ da wo’z ishinde bes tu’rge bo’lip qaradi’q. *Birinshisinde,* adamni’n’ dene du’zilisi, tu’r-tu’si menen baylani’sli’ wo’zgesheliklerge baylani’sli’ laqaplar qamti’ldi’. *Yekinshisinde,* adamni’n’ dawi’si’ h’a’m til kemshiligi menen baylani’sli’ laqaplar toplap berildi. *U’shinshisinde,* adamni’n’ minez-qulqi’ h’a’m h’a’reketi menen baylani’sli’ laqaplar ko’rsetildi. Bir jupli’qqa ta’n bolg’an laqaplar da usi’lar qatari’na kirgizildi. *To’rtinshisinde,* adamni’n’ ka’sibi h’a’m qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ menen baylani’sli’ laqaplar aji’rati’p ali’ndi’. *Besinshisinde,* adamni’n’ jasag’an wortali’g’i’ h’a’m shi’g’i’si’ menen baylani’sli’ laqaplar daralap qarasti’ri’ldi’.

***Toparli’q laqaplar*** belgili bir etnosli’q h’a’m socialli’q shi’g’i’si’na qaray qosi’msha atamalarg’a iye bolg’an toparlarg’a qollani’ladi’. Wolar to’mendegishe to’rt toparg’a aji’rati’li’p u’yrenildi: *etnos wa’killerine tiyisli laqaplar, aymaqli’q-ja’ma’a’tlik laqaplar, a’wladli’q-uri’wli’q laqaplar, sheriklik-uyi’mli’q laqaplar*.

Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi darali’q laqaplarda da, toparli’q laqaplarda da qaraqalpaq xalqi’ni’n’ laqap qoyi’w wo’zinsheligi toli’q wo’z da’stu’riyligin saqlag’anli’g’i’ ko’zge taslanadi’. Ha’rqanday laqapta laqap qoyi’wshi’lardi’n’ xali’qti’n’ til bayli’g’i’nan ken’ paydalani’lg’anli’g’i’ ko’rinip turadi’.

## II. TARİYXI'Y ADAM ATLARI'NA, HAYAL-QI'ZLARG'A TİYİSLİ LAQAPLAR HA'M LAQAPLI'Q TOPONİMLER

Antroponimlerdin' tariyxi'y-ma'deniy h'a'm sosialli'q xi'zmetin duri's ko'rsetip bergen V.A.Nikonov: ««Xali'qti'n' wo'tmishtegi etnikali'k tutasli'g'i'n h'a'm migrasiyasi'n ani'qlawda, sa'nesin, jazba yesteliklerin h'a'm t.b. aji'rati'p shi'g'ari'wda antroponimiya bah'ali' da'rek boli'p xi'zmet yetiwi mu'mkin. Antroponimika tilde wo'z aldi'na wo'zgeshe bir sistema jaratadi', woni' ani'qlawda etnografiyasi'z, tariyxsi'z, sociologiyasi'z, h'uqi'qsi'z bir g'ana lingvistika metodlari' a'zzi boladi'»,[98] - dep jazadi'. Bul ani'qlama antroponimler sistemasi'na kiretug'i'n laqaplarg'a da tiyisli.

Laqaplar adamzat ja'miyeti qa'lipleskennen berli bar bolg'anli'qtan woni'n' da wo'z da'wirine say tariyxi' bar. Tariyxi'y adam atlari'na qoyi'lg'an laqaplar tariyx h'a'm til ilimi ushi'n g'ana yemes, h'a'tteki, sol adamni'n' jeke shaxsiyati'n ani'qlaw ushi'n da qi'zi'qli' mag'li'wmatlardi' beredi. Ha'rbir tariyxi'y tulg'a – wo'z xalqi' tariyxi'ni'n' aji'ralmas bir bo'legi bolg'anli'qtan wolardi'n' laqaplari'n u'yreniw ma'selesi de na'zerden shette qalmawi' tiyis. Buxara qaraqalpaqlari' tariyxi'nda ismi an'i'z-a'psanag'a aylang'an adamlar menen tulg'alar ko'p bolg'an. Wolardi'n' bazi'lari'ni'n' tek ati' g'ana belgili bolsa, al ayi'ri'm jaqi'n da'wirlerde jasag'an tulg'alardi'n' wo'mir joli', xi'zmeti h'aqqi'ndag'i' da'rekler saqlang'an. Al wolarg'a xali'q ta'repinen qoyi'lg'an laqaplar yelege shekem ayti'li'p kelmekte. Bul jag'day tariyxta wo'tken insanlardi' h'a'miyshe yesletip turadi'. Wo'ytkeni, millet tariyxi'ndag'i' a'h'miyetli waqi'yalar tildin' argumentlik, ma'deniy-tani'mli'q xi'zmeti arqali' jeke tulg'alardi'n' ismleri menen ti'g'i'z baylani'sqan boladi' h'a'm sol sebepli wolar xali'q yadi'nda uzaq saqlanadi'.

---

[98] Никонов В.А. Имя и общество. – М.: Наука, 1974. – Б. 56.

**1. Tariyxi'y adam atlari'na tiyisli laqaplar**

Buxara qaraqalpaqlari' birneshe a'sirler dawami'ndag'i' tariyxi'y waqi'yalarda wo'zlerinin' siyasiy belsendiligi menen ko'rinedi. Akademik B.Ah'medov XV-XVIII a'sirlerdegi tariyxi'y waqi'yalar h'aqqi'nda toqtag'anda, 1578-1584 ji'llar arali'g'i'nda qaraqalpaqlardi'n' Buxara xanli'g'i'ndag'i' siyasiy gu'reslerge belsene aralasqanli'g'i'n ko'rsetip wo'tken.[99] Qaraqalpaqlar Buxara taxti'na waqti'n-waqti'n wo'z ko'semlerin de usi'ni'p kelgen.[100] L.Tolstova Buxara xanli'g'i'nan son' h'a'kimiyat basi'na kelgen Buxar a'mirleri h'u'kimiranli'g'i' da'wirinde de qaraqalpaqlardi'n' a'mirliktin' basqari'w apparati'ndag'i' lawazi'mlardi' iyelegenligi, a'skerbasi'li'q da'rejelerde bolg'anli'g'i' boyi'nsha da'reklerdi keltiredi.[101] Qaraqalpaqlardi'n' Buxarada belgili bir siyasiy-a'skeriy ku'shke iye bolg'anli'g'i' boyi'nsha basqa da birqansha mag'li'wmatlar ushi'rasadi'.[102]

Buxara qaraqalpaqlari' tariyxi'nda XIX a'sirdin' basi'ndag'i' iri siyasiy iskerlerdin' biri **Ko'kko'z biy** bolg'an. Ko'kko'z biydin' Buxara sorami'nda bolg'anli'g'i' h'aqqi'nda Munis h'a'm Agah'iydin' «Firdaus-ul iqbal» miynetinde de keltirilgen.[103] Ko'kko'z biy iyeligine Buxara a'mirliginen Xiywa xanli'g'i'na shekemgi ken' alap tiyisli bolg'an. Wol jerler h'a'zirgi Tamdi', U'shqudi'q h'a'm Beruniy, Yellikqala rayonlari'ni'n' aymag'i'n wo'z ishine aladi'. Shejirelik da'reklerde Ko'kko'z biydin' shi'n ati' Manas yekenligi ko'rsetilgen.[104] Ko'kko'z bati'r XVIII a'sir wortalari'nda qaraqalpaqlardi' shapqan qazaq sultani' Ko'kjal Baraqti' jen'genligi ushi'n wog'an «Shah'aman»

---

[99] Ахмедов Б. Историко-географическая литература Средней Азии XV-XVIII вв. – Ташкент: Фан, 1985. – С. 62.

[100] Аян А. Сыйқым султан ким болған? // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2002. -№1-2. – Б. 25-26.

[101] Толстова Л.С. Жоқарғы қарақалпақлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1975. – Б. 76-82.

[102] Каракалпаки – http://www.ast.uz/ru/catalog.php?bid=638sid=518aid=245

[103] Мунис и Агехи. Фирдаусу-ль икбаль // Материалы по истории каракалпаков – Труды института востоковедения, Т. VII. – М.-Л., 1935.

[104] Төлеңгіт шежіресі / С.Серікбайұлы. – Алматы: Sundet, 1995. – Б. 5.

degen ataq ta berilgen. Sonday-aq, Ko'kko'z bati'rdi'n' wo'z a'wladlari' h'a'm qaramag'i'ndag'i' a'skerleri «to'len'git» degen a'skeriy titulg'a iye bolg'an.[105]

Bul da'reklerdi u'yrengenimizde, biydin' laqabi' ko'zinin' ko'k boli'wi' menen baylani'sli' ekenligin, al atag'i' jen'impazli'g'i' sebepli berilgenligin tu'sinemiz. Ko'kko'z biydin' a'wladlari' *(qi'tay-qazayaqli'lar)* bolsa, yelege shekem «to'len'git» degen atama menen atali'p kiyati'r.[106] Xali'q arasi'nda wolardi' tu'p babasi'ni'n' laqabi' menen «Ko'kko'z tuqi'mi'» yamasa **«Ko'kko'ziyler»** dep te ataydi'.[107] Usi'layi'nsha darali'q laqap waqi'tti'n' wo'tiwi menen toparli'q laqapqa aylang'an. «Ko'kko'ziy» laqabi'ndag'i' tariyxi'y antroponimlerge tiyisli *-iy (-i'y)* qosi'mtasi' xali'q tilinde yumorli'q ottenkte de qollani'ladi'.

XIX a'sirdegi xali'q bati'rlari'ni'n' biri **Yesekeyli Yer Yesim**. Yesekey *(Yesenmurat)* – Yesim bati'rdi'n' a'kesi. Yesim bati'rdi'n' da shi'n ati' Yesemurat bolg'an. Xali'q awzi'nda woni'n' jawdi' ko'rmese tura almaytug'i'ni' h'aqqi'nda:

*Buqi'sh daw dep ji'lar,*

*Yesim jaw dep ji'lar,*

*Qasqa at jol dep ji'lar*, - degen ju'yeli so'z ayti'ladi'.[108] Esim bati'rdin' wo'zi ataqli' Buqi'sh *(Baqmurat)* biydin' a'kesi yekenligi belgili.[109] Xali'q bul tulg'ani' «Yesekeyli Yer Yesim» dep ardaqlaw menen birge, laqabi' boyi'nsha *Yesim* ***qaraqshi'*** dep te ataydi'.

Bati'r ati'na tan'i'lg'an «qaraqshi'» degen so'zdin' birinshi ma'nisi qaraqalpaq tilinde «uri'-qaraqshi'», «tonawshi'» degen tu'siniklerdi an'latadi'.

---

105 Қанаатов Т. Төлеңгитлер кимлер?.. // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1999. №5-6. – Б. 98-105.

106 Моллабай-улы К. Туўысқанларымызды тапсақ еди... // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2002. -№7. – Б. 79.

107 Informator: Tan'atarov A'bdirahman. 1947 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qazayaqli', to'len'git, ko'kko'z).

108 Қанаатов Т. Ер Есимниң баласы Буқыш еди... // Қарақалпақстан хаўазы. – Нөкис, 1996. -№5.

109 Informator: Jan'abergenova Baqti'qu'l. 1955 j.t. qaraqalpaq (qon'i'rat, qi'yat, balg'ali', a'limqarag'an).

Bul so'zdin' Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi yekinshi ma'nisi «belgi», «ayg'aq» degendi bildiredi.[110]

Tawelibay u'lkesinde h'a'rbir biyiklikke qoyi'lg'an belgiler ko'p h'a'm wolardi'n' wo'z atamalari' bar. Ali'stan qarag'anda bunday belgiler uzaqqa ko'z tigip woti'rg'an adamg'a uqsap ko'rinedi. Bul belgilerdin' «qaraqshi'» dep atali'wi' da sonli'qtan bolsa kerek. Xali'q tilinde «qaraq» degen so'z «ko'z» ma'nisin de bildiredi. Balani' shaqi'rg'anda ayti'latug'i'n «qarag'i'm» degen qaratpa so'z «ko'zim» degen ma'nisti an'latadi'. Balalardi'n' bir-birine ko'z qadasi'p woynasi'wi' da «ko'zqaraq» *(ko'z-ko'z)*[111] dep ataladi'. Sonda «qaraqshi'» so'zinin' tag'i' bir ma'nisi «ko'z tigiwshi»[112] boli'p shi'g'adi'. Yesim bati'r h'aqqi'ndag'i' an'i'zlarda da woni'n' To'rtku'lto'be degen biyiklikte jalg'i'zdan-jalg'i'z qaraqshi'day boli'p woti'ratug'i'nli'g'i' ayti'ladi'. Solay yeken, bati'rdi'n' laqabi'n da usi' ma'nis penen baylani'sti'rami'z. Xali'q arasi'nda bunday ku'lkili atamalardi' ko'binese qatar-qurbi'lar, h'a'zili jarasqan adamlar beredi. Al, bati'rdi'n' «Yesekeyli Yer Yesim» degen ma'rtebeli atag'i', woni'n' milliy patronimiya boyi'nsha *(«Yesekey uli' Yer Yesim»)* atali'wi'nan kelip shi'qqanli'g'i' ayqi'n.[113]

Buxar a'mirligi zamani'ndag'i' tariyxi'y tulg'alardi'n' biri – **Dosbay bati'r**. Wol worasan iri boli'wi'na qaramastan xali'q woni' *Dosbay* ***bala*** dep atag'an. Woni'n' «Dosbay bala» boli'p atali'wi' to'mendegi waqi'ya menen baylani'sti'ri'ladi':

Dosbay bati'r Buxar a'mirliginin' Si'rda'ryag'a jaqi'n jerdegi shetki ma'kanlari'ni'n' birinde du'nyag'a keledi. Tiykari'nan bul jerlerde sharwa qaraqalpaqlar jasag'an. Sharwalar jaylawdan qaytqanda, wolardi'n' awi'llari'n

---

[110] Қанаатов Т. Таўелибай тарийхынан там-тум сыр. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. – Б. 48.

[111] Bul woyi'n ayi'ri'm wori'nlarda **«ko'ztaydi'rmay»** degen atamag'a da iye.

[112] Qarawshi', qarag'i'lawshi' *(смотрящий)*.

[113] Informator: Tag'aymuratov Shadman. 1955 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qanjarli', ta'n'ke, anna).

jaw shawi’p, basqi’nshi’lar mal-mu’lik penen qosa bala-shag’ani’ da aldi’na sali’p aydap a’ketedi. Solardi’n’ ishinde bala Dosbay da boladi’.

Wol da’wirde Qi’rda basqi’nshi’li’q, basi’mshi’li’q ayri’qsha tu’s alg’an waqti’ yeken. Bende yetip a’kelingen balalar qoydi’n’ son’i’na sali’nadi’. Dosbaydi’n’ ku’ni de sonday boladi’. Ata-anadan ayi’ri’li’p jetim qalg’an Dosbay bir baydi’n’ ko’terem qozi’lari’n bag’i’p ju’redi. Birneshe ji’ldan keyin Qi’rdag’i’ baylardi’n’ biri bir ji’l buri’n du’nyadan wo’tken a’kesine arnap u’lken as[114] beredi.

Dan’g’arali’ asti’n’ xabari’ Buxartan[115] jerine de kelip jetedi. As saltanati’na qatnasi’w ushi’n Baynazar toqsaba baslag’an bir topar adamlar Qi’rg’a atlanadi’. Wolar bati’ri’ menen palwani’, ji’rawi’ menen ji’rshi’si’, i’laqshi’si’ menen si’nshi’si’, jawi’ri’nshi’si’[116] menen si’ni’qshi’si’ boli’p, ja’mi woti’z qarali’ adam baradi’. Wolar tu’sken qoni’q u’y jergilikli qi’pshaqlardi’n’ biri yeken. Kelgen miymanlar da qi’pshaqlar bolg’an. U’y iyeleri bulardi’ jaqi’n tartadi’ h’a’m wol qi’ynali’s bildirgen si’layda yerten’gi ko’kmar woyi’ni’nda serke worni’na kishkene balani’ salayi’n dep ati’rg’anli’g’i’n ayti’p beredi. Qonaqlar bul tosi’n jan’ali’qqa u’rpiyisip qaladi’.

Yerten’ine asti’n’ «i’laq woyi’ni’» baslanadi’. At shabi’latug’i’n maydang’a i’laqshi’lardi’ baslap Baynazar menen inisi Beknazar da baradi’. Wolar shabandozlar ji’ynali’p turg’an jerge jetip kelgeninde, shi’ni’nda da wortag’a si’zi’lg’an shen’berdin’ ishinde na’wshe bir bala jati’rg’ani’na ko’zi tu’sedi. I’laqshi’lar birinin’ izinen biri du’rkin-du’rkin kele beredi. Sol waqi’tta wortada jatqan ayaq-qoli’ kisenlewli bala «Ulli’taw!», «Toqsaba!», «Aybas!»,[117] «Ay-way!» dep jan dawi’si’ menen baqi’radi’.

---

[114] **As** – as-toy, du’niyadan wo’tken ataqli’ adamlarg’a arnali’p beriletug’i’n salt tu’ri.

[115] **Buxartan** – tari’yxi’y Buxara jerlerinin’ uli’wma atamasi’.

[116] **Jawi’ri’nshi’** – jawi’ri’n su’yek penen bolajaqti’ boljawshi’ ko’zashi’q *(sa’wego’y).*

[117] **Aybas** – qi’pshaq uri’wlari’ni’n’ urang’a shi’qqan ataqli’ bati’ri’.

Bir zamannan i’laqshi’lardi’n’ qarasi’ ko’beyedi. Bala wolardi’ ko’rip, wonnan sayi’n dawi’si’n ko’tere zarlanadi’. Bala shi’ni’nda da «sali’m»[118] worni’na sali’ng’an yeken. Heshna’rseden uwayi’mi’ joq qamsemiz baylar buni’ ko’rip, qi’zi’g’a tamashalap turadi’. Bala biyshara qi’shqi’ra-qi’shqi’ra tamag’i’ qarli’g’i’p:

*«Ay-way!» desem, zari’mdi’ quday yesitpes,*

*«Aybas!» desem, qi’pshag’i’w qi’tay yesitpes,* - dep quli’ndag’i’ dawi’si’ shi’g’a shi’rqi’rag’ani’nda, bug’an shi’damag’an Baynazar menen Beknazar i’laqshi’lardi’ i’si’ri’p sali’p, wortag’a ta’p beredi.

Baynazar toqsaba wortada shi’rlap ati’rg’an balani’ jerden tarti’p ala sala, aldi’na wo’n’gerip aladi’ da, as iyelerine qaray shawi’p baradi’. Birden api’r-topi’r ju’z bergen bul h’a’reketke ilaj yete almay, ashi’wdan jari’la jazlap turg’an as iyesinin’ aldi’na shi’jlan toli’ tillani’ i’laqti’ri’p, «mi’naw ashi’wi’n’a, mi’naw shashi’wi’n’a» deydi de, balani’ wo’zleri menen birge ali’p ketedi.

Baynazar toqsaba wo’z topari’ menen toydan qayti’p ketedi. Wolardi’ wo’zlerine niyetles adamlar Si’rda’ryadan wo’tkizip saladi’. Jolda bala wo’zinin’ ati’ni’n’ Dosbay, ata-teginin’ qara qi’pshaqlardan yekenligin h’a’m awi’li’n az sanli’ baskeserler shawi’p, tuwg’an-tuwi’sqanlari’nan ayi’ri’li’p qalg’anli’g’i’n ayti’p beredi.

Baynazar toqsaba ali’p kelgen bul jas wo’spirimdi awi’l-yeldin’ ba’ri ko’rip, woni’ «Dosbay bala» dep atap ketedi.[119] Dosbay yerjete kele yel-jurti’n uri’-qaraqshi’lardan, tosi’n basqi’nshi’lardan qorg’ag’an yer jigit boli’p shi’g’adi’. Birneshe ma’rte awi’l-aymag’i’n jawdan qutqari’p, Dosbay bati’r atanadi’. Biraq, xali’q awzi’nda bati’rdi’n’ balali’g’i’ndag’i’ waqi’ya boyi’nsha Dosbay bala degen laqabi’ qali’p ketedi.

---

[118] **Sali’m** – bul jerde: ko’kmar (i’laq) woyi’ni’nda wortag’a taslanatug’i’n poslaq.

[119] Informator: Qanaatova Patshagu’l. 1947 j.t. qaraqalpaq (qi’pshaq, baltali’, mayli’balta, madan).

Ati’shuwli’, alptulg’ali’ bati’rg’a tag’i’lg’an «Bala» degen laqap ku’lkili tuyi’lsa da, bul antroponimde tariyxti’n’ tamg’alani’wi’ wo’z sa’wleleniwin tapqan.

XIX a’sirde Buxara qaraqalpaqlari’nan shi’qqan a’skeriyler arasi’nda abi’rayli’ a’skerbasi’lardi’n’ biri **Qalbay Tobatay uli’** bolg’an. Qalbay bati’r a’mirliktin’ tu’ngi a’skerin basqarg’an.[120] Tu’ngi a’skerler «tu’nqatarlar» dep ataladi’. Qalbay bati’r ayaq-qoli’ balg’aday, boyi’ yen’gezerdey a’lipqa’wmet adam bolg’an. Sog’an baylani’sli’ bati’rdi’n’ ati’-laqabi’ *Qalbay* ***daraz*** dep ayti’ladi’. «Daraz» so’zi «darday» degen ma’niske iye. «Dar» so’zi yeski dari’ *(dariy-ta’jik)* tilinde «yesik» degendi bildiredi. Buxar a’mirleri man’g’i’tlar bolsa da, a’mirliktin’ ra’smiy tili ta’jikshe bolg’an. Buxara qalasi’ni’n’ a’tirapi’nda ta’jikler menen ta’jiktekles xali’qlar[121] jasag’an h’a’m wolar a’mirdin’ armiyasi’nda da xi’zmet yetken. Ba’lki, bul laqap a’skerbasi’ni’n’ parsi’-ta’jik xali’qlari’nan shi’qqan qurallaslari’ ta’repinen berilgen boli’wi’ da mu’mkin. Lekin, jergilikli so’ylesim iyeleri tilinde de «daraz» so’zi isletiledi.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ arasi’nan at qulag’i’nda woynag’an shabandozlar ko’p shi’qqan. Solardi’n’ ishinde ataqli’si’ **A’bdiraman birtartar**.[122] Buxara a’mirinin’ atalas tuwi’sqanlari’nan bolg’an A’bdiraman birtartar wo’zinin’ bati’rli’g’i’ h’a’m shabandozli’g’i’ menen at shi’g’arg’an, ko’p sha’kirtler tayarlag’an. Wol – Nur qaraqalpaqlari’ sa’rdari’ Jorabay ji’ri’qti’n’ za’n’gilesi. A’bdiraman birtartar dodag’a tu’skende h’eshkimdi shi’datpag’an. Wol i’laqti’ bir tartqannan-aq juli’p ali’p, h’eshkimge sali’m saldi’rtpag’an. Wo’zi de bul h’aqqi’nda «Biziki – tek bir tarti’w» deydi yeken. Usi’ so’zleri h’a’m woni’n’ h’aqi’yqi’y ko’zilmes sha’bdesligi ataqli’ shabandozdi’n’ «**Birtartar**» degen laqapti’ ali’wi’na sebepshi bolg’an.

---

[120] Қанаатов Т. Таўелибай тарийхынан там-тум сыр. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. – Б. 45.

[121] Buxara qaraqalpaqlari’ so’ylemlerinde persiyanlar «yerani’» *(iraniy)* dep ju’ritiledi.

[122] Пайзуллаева Ш. Әбдираман биртартар // Ғумша. – Нөкис, 1992. -№1. – Б. 6.

Buxarali’ qaraqalpaqlar tariyxi’nda atqa shi’qqan atayi’ shabandozlardi’n’ biri **Nurnazar Janmurat uli’**. Woni’n’ i’laq woyi’ni’nda at ko’tergen laqabi’ **Aylanbas**. Sol ushi’n woni’n’ shi’n ati’ ayti’lmay, xali’q wo’zinin’ su’yikli i’laqshi’si’n «Aylanbas shabandoz» dep atap ketken.[123] İzine yertken wonlag’an h’aqi’yqi’y izbasarlari’na iye bolg’an Nurnazar Janmurat uli’ Buxara a’mirinin’ de yesapta turg’an i’laqshi’si’ sanalg’an. Bir mag’li’wmatlarda, bul shabandozdi’n’ Tarlanko’k ati’ da, wo’zi de h’eshkimge bash bermeytug’i’nli’g’i’ ushi’n usi’ laqapqa miyasar bolg’ani’ ayti’ladi’. Tag’i’ bir da’rekte, woni’n’ «Aylanbas» atali’wi’, shabandozdi’n’ wo’ktem dawi’s penen «Aylan, bas!» dep qi’shqi’ratug’i’n a’deti bolg’anli’g’i’ menen baylani’sti’ri’ladi’. Bizin’ pikirimizshe, bul tulg’ani’n’ ismine «shabandoz» atag’i’ni’n’ qosi’li’p ayti’li’wi’n yesapqa alsaq, woni’n’ laqabi’ni’n’ «izine qayti’p aylanbaytug’i’n» shalt h’a’reketi menen baylani’sli’ qoyi’lg’anli’g’i’ tuwrali’ pikirlerdin’ duri’sli’g’i’na ko’zimiz jetedi.

Wo’tken a’sirlerde xali’q qorg’ani’ bolg’an za’berdes tulg’alardi’n’ biri **Murat Jaqsi’bay uli’.** XX a’sir basi’nda h’a’r jer, h’a’r jerde toplani’p, xali’qti’ tonap ju’rgen ishki dushpanlar ko’p bolg’an. Murat Jaqsi’bay uli’ usi’nday buzg’i’nshi’larg’a a’sker toplap, qarsi’ shi’qqan. Wol balali’q shag’i’nda da balalardi’n’ basi’n qurap, wolar arasi’nda «ataman» boli’p ju’rgen. Basi’-ayag’i’ joq basqi’nshi’li’qlar h’a’wij alg’an waqi’tta Murat Jaqsi’bay uli’ h’aqi’yqi’y atamang’a aylanadi’. Usi’ ji’llarda wol Qi’zi’lqum qi’ranlari’ni’n’ basshi’si’ boli’p, jurt woni’ *Murat **ataman*** dep atay baslaydi’.[124] Ken’es h’a’kimiyati’ni’n’ da’slepki ji’llari’nda «ataman» tu’sinigi «awi’l aqsaqali’» ma’nisin de bildirgen. Murat Jaqsi’bay uli’na «Ataman» laqabi’ woni’n’ teperishligi, sho’lkemlestiriw qa’bileti ushi’n berilgen boli’wi’ kerek.

Buxara qaraqalpaqlari’ so’ylesiminde «ataman» tu’sinigi birneshe ma’niste qollani’li’p kelgen. Birinshisi, «woyi’nbasi’», yag’ni’y balalar

---

[123] Полатова Г. Айланбас шабандоз ҳаққында // Шымбай ҳаўазы. – Шымбай, 2009. -№13.

[124] Ахмет-улы Б. Тарийхымызға көбирек кеўил бөлинсе... // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2002. -№2-3. – Б. 44.

woyi'nlari' sa'rdari', yekinshisi, biyzari' balalar basshi'si'. Sonday-aq, yertede bul so'z «atali'q» ma'nisin de bildirgen. Bizin'she, Murat ataman isminde usi' ma'nislerdin' barli'g'i' ja'mlesken boli'wi' itimal. İzertlewshilerdin' pikirinshe, slavyan-german tillerindegi «ataman», «getman» degan titullar tu'rkiy tu'birden shi'qqan boli'p, wol «ata» h'a'm «man» so'zlerdin' birigiwinen jasalg'an.[125]

Xali'q arasi'nda ko'z nuri' wo'tkir adamlar da ushi'rasadi'. Buxara sorami'nda wo'tken usi'nday insanlardi'n' biri **Qorg'anbay Beknazar uli'**. Woni'n' ko'zinin' qatti'li'g'i' sonshelli bolg'an, wol nege i'qlaslansa, soni' sol zamati'nda ushi'ri'p tu'sirgen. Yeger adamg'a, jan-ja'niwarg'a ko'zi tiyse, wolar tiri qalmag'an. Ko'zinin' nayati'y wo'tkirligi sebepli xali'q woni' *Qorg'anbay* ***besatar*** dep atag'an. Qorg'anbay besatar bir jaqtan kiyati'ri'p, ali'stan wo'zinin' jurt su'ysingendey suli'w boli'p wo'sip kiyati'rg'an jalg'i'z qi'zi'n tani'may qali'p, qatti' tan'i'rqaydi' h'a'm jas jan a'kesinin' ko'z aldi'nda-aq ushi'p tu'sip, jan tapsi'radi'. Bunday waqi'yalar Qorg'anbay Beknazar uli'ni'n' wo'mirinde ko'p ju'z bergen. Woni'n' ko'zi wo'z zamani'ndag'i' mi'lti'qti'n' zori' – besatardi'n' qu'diretindey bolg'anli'qtan, xali'q wog'an usi' laqapti' taqqan.

Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nda ta'wipshiligi h'a'm ko'zashi'qli'g'i' menen ken' tani'lg'an ko'rnekli tulg'alardan biri – **Tureke Qayi'pnazar uli'**. Wo'z zamani'nda Tawelibay u'lkesinde Turekeden wo'tken ta'wip bolmag'an. Xali'q arasi'nda bul ataqli' yemshi ***Tureke g'awqi'm***[126] dep atalg'an. *Tureke* – ta'wip *(Turi'mbet)* isminin' qi'sqarti'li'p ayti'li'wi' bolsa, *g'awqi'm* – ta'wiptin' ayri'qsha dawi'si' h'a'm uli'-g'awqi'ldi', g'awi'rli'g'a sebep bolatug'i'n ka'ramatlari' ushi'n berilgen laqabi' yekenligi ayti'ladi'. Bizin'she, «g'aw» *(«shaw-shuw»)* tu'biri «g'awg'a», «g'awi'rli'», «g'awqi'ldi'», «g'awqi'ldaq», «g'aw-g'aw» so'zleri si'yaqli' «g'awqi'm» *(«shawqi'm»)* leksemasi'n da keltirip shi'g'arg'an bolsa itimal.

---

[125] **Атаман** – https://ru.vikipedia.org

[126] Әмирлан С. Туреке ғаўқым // Ақмаңғыт таңы. – Ақмаңғыт, 2011. -№21.

XIX a’sirdegi Buxara qaraqalpaqlari’ ji’rawshi’li’q worayi’ni’n’ iri wa’killerinin’ biri **Shan’qay ji’raw** boldi’.[127] Bul tariyxi’y tulg’ani’n’ tiykarg’i’ ismi-sha’ripi *Dosmuh’ammed Worlan*, xali’q bergen atag’i’ *Shan’qay*, al za’n’gilesleri atap ketken laqabi’ *Shan’ko’t* dep ayti’ladi’. Bundag’i’ «shan’qay» so’zi «nag’i’z», «qi’zg’i’nli’»[128] degen ma’nisti bildirse, «shan’ko’t» ug’i’mi’ «ji’ldam», «shuwi’ldaq», «jelayaq», «quyi’nquyri’q» degendi an’latadi’. Shejire da’reklerine qarag’anda, Dosmuh’ammed Worlanni’n’ ata-babalari’ qara-woymawi’tlardi’n’ shan’qut degen topari’nan boli’p,[129] xali’q atqari’wshi’si’ni’n’ laqabi’ da sol a’wladli’q atali’mni’n’ seslik o’zgeriske ushi’rap ayti’li’wi’nan qa’liplesse kerek.

Buxara qaraqalpaqlari’ni’n’ XIX a’sirdegi ko’rnekli da’stan atqari’wshi’lari’ni’n’ biri **Qurban Qoldas uli’** bolg’an. Wog’an jas waqti’nda ***Shala baqshi’*** degen laqap tag’i’lg’an. Baqsi’ni’n’ bul laqapti’ ali’wi’na sha’kirtlik da’wirinde jasko’kireklikke sali’ni’p ustaz si’ni’nan toli’q wo’tpewi, alag’ayi’mli’g’i’ sebep bolg’an. Biraq, Qurban Qoldas uli’ wo’z izinde belgili izbasarlar qaldi’ri’p, ko’plep sha’kirtler tayarlag’an bolsa da, jas waqti’nda alg’an sol laqabi’ ken’ tarqali’p ketken.

Qaraqalpaq xalqi’nda qobi’z shali’p, da’stan ji’rlawdan ti’sqari’, bul a’sbapta saz atqari’wshi’ wo’ner iyeleri de bolg’an. Qobi’zda saz shali’wshi’lardi’ yertede «qobi’zdar», al son’g’i’ gezde «qobi’zshi’» terminleri menen atap kelgen. Soni’n’ menen birge, tek saz atqari’wshi’ ma’nisindegi «qayi’shi’» termini de qollani’lg’an. Q.Ayi’mbetov wo’z miynetinde Ja’nibek qobi’zshi’ h’aqqi’ndag’i’ mag’li’wmatti’ keltirgen.[130] Buxara qaraqalpaqlari’nan shi’qqan usi’nday wo’ner iyelerinin’ tag’i’ biri ataqli’ qobi’zshi’ **Men’libay**

---

[127] Аимбетов К. Каракалпакские народные сказители. Автореф. дис. ... докт. филол. наук. – Ташкент, 1965. – Б. 12; Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1968. – Б. 81-85.

[128] Алымов Ә., Маликова У. Мурынтаў баўрайын жырға бөлеген... // Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының илим, билимлендириў ҳәм тәрбия мәселелерин раўажландырыўдағы орны. Респ. ил.-теор. конф. мат.-ры. II бөлим. – Нөкис, 2010. – Б. 9-11.

[129] Масабаева Н. Шанқай жиров ижоди // Аму тонги. – Нукус, 2001. -№26-27.

[130] Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. – Б. 45.

**Perdebay uli'**. Wol qaraqalpaq xalqi' tariyxi'nda belgili iz qaldi'rg'an bati'ri' h'a'm ko'semi Mo'n'ke biydin' a'wladi'.[131] Men'libay Perdebay uli' wo'zinin' qobi'zshi'li'q wo'neri menen xali'qti' qayi'l qaldi'rti'p, saz shertken waqta jer-ko'kti gu'n'irentip jibergenligi h'a'm quslardi' da qi'yqi'wlati'p ushi'ri'p, qi'yti'wlati'p *(qobi'z sesti menen «qi'yt-qi'yt» saldi'ri'p)* qaytarg'anli'g'i' ushi'n «Qi'yti'w» degen laqap alg'an. Ataqli' saz atqari'wshi'ni' ata-tegin qosi'p, ***Qayshi'li' Qi'yti'w qayi'shi'*** dep te atag'an.[132] Qayshi'li' – atqari'wshi'ni'n' shi'qqan tegi, qayi'shi' – sazshi' yamasa sazende tu'sinigin an'latadi'. «Qi'yti'w» so'zi – «qi'yqi'w» ma'nisin bildiredi.

Qaraqalpaq xalqi' arasi'nda wo'z bati'rli'g'i' menen birge, xali'q kewilin xoshlag'an wo'nerpazlardi'n' biri **Uli'qmurat Bo'rilan** bolg'an. Woni'n' xali'q arasi'ndag'i' laqabi' ***Shon' ag'ashquyri'q***. Uli'qmurat bati'rdi'n' ata-babasi' arasi'nda: Aydi'q, Ka'tte ata, Na'h'a'nmurat, Atay, Taymurat, Ylkeney h'a'm t.b. ismli belgili adamlar o'tkenligi sebepli jen'geleri g'ana yemes, jergilikli xali'q ta wolardi'n' atlari'n ta'kirarlamas ushi'n oni' «Shon'» dep atag'an. Bul tariyxi'y tulg'a ataqli' Buqi'sh biydin' arg'i' babalari'ni'n' biri boli'p, wol atayi' bati'r boli'wi' menen birge, tu'rli woyi'nlardi' ko'rsetiwshi wo'nerpaz, dilwar adam da bolg'an.[133] Sonli'qtan wog'an «ag'ashquyri'q» ati' da tan'i'lg'an. Son'g'i' zamanlarda xali'q arasi'nda woni'n' joli'n dawam yettiriwshi ku'lki ustalari' «ag'ashquyri'q» dep atalg'an. Qaraqalpaq xalqi'nan shi'qqan Asaw ag'ashquyri'q, Palwaniyaz ag'ashquyri'q si'yaqli' laqap iyeleri de usi'nday ushi'rma so'z sheberleri bolg'anli'g'i' ma'lim. Solay yeken, xali'q wo'nerpazi'na tan'i'lg'an «Shon'» degen ism tabu tu'rinde ju'zege kelgen qaraqalpaq onomastikasi'na ta'n adam atlari'ni'n' *(Shon'qi' biy, Shon'qara,*[134]

---

[131] Мөңке батыр // ӨзРИА ҚБ Илимий китапханасының қолжазбалар қоры. Р-585, Инв. №180079. – Б. 2, 17.

[132] Informator: Bazarbayeva Aqshayi'. 1954 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qayshi'li', qi'di'r, toqa).

[133] Аян А. Бөри руўхлы Буқыш бий // Кенимех таңы. – Кенимех, 2012. -№9.

[134] Бердақ. Шежире. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. – Б. 20.

*Shon'g'aq, Shon'bay h'a'm t.b.)* biri bolsa, yeki tu'bir so'zdin' birigiwinen jasali'p, jan'a ma'nige iye bolg'an «ag'ashquyri'q» atamasi' da xali'q tilindegi «ag'ashayaq» termini si'yaqli' «ilmesultan», «ilgir» degen tu'sinikti bildiredi.

Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nan shi'qqan quwtilli adamlardi'n' biri **Jolli'bay To'len'git**. Wol o'zinin' quw tilliligi menen qatar, h'a'rqi'yli' tosi'n h'a'reketleri menen de xali'qti' ku'ldirtken. Woni'n' ko'plegen h'iyleli h'a'reketleri Aldar ko'sege uqsap ketedi. Sonli'qtan woni' xali'q *Jolan* ***laqi'may*** dep atag'an. *Jolan* – woni'n' qi'sqarg'an ati' bolsa, *laqi'may* – xali'qti' ku'ldirtkeni ushi'n berilgen laqabi'. Bul so'z «laqqi'» ma'nisin an'latadi'.

Buxara qaraqalpaqlari'nan shi'qqan h'a'zirjuwap h'a'm shayi'rta'biyatli' insanlardi'n' biri **A'bdireyim Joldas uli'** bolg'an. Bul so'z ustasi'ni'n' xali'q arasi'ndag'i' laqabi' *A'bdireyim* ***taqi'ldaq***. Aqli'g'i' Ergeshbay Joldasovti'n' ayti'wi'nsha, wol kisi bala waqti'nda u'lkenlerdin' sorawlari'na taq-taq etip juwap berip, h'a'rbir so'zin taqmaqlap, naqi'shlap jetkeretug'i'n bolg'ani' ushi'n xali'q ta'repinen «taqi'ldaq» degen laqapqa iye boli'pti'. «Taqi'ldaq» laqabi' «taqi'ldaw» feyilinen do'regen atli'q so'z boli'p, woni'n' tiykarg'i' tu'biri seske yeliklewden kelip shi'qqan dep qaraw mu'mkin.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' yeski so'zlerin h'a'm tariyxi'y gu'rrin'lerin ko'p bilgen quwaqi' tulg'alardi'n' biri **Balapan Tan'atar uli'**[135] bolg'an. Ataqli' so'z ustasi'ni'n' xali'q arasi'na ken' tarag'an laqabi' ***Zuwqi'n*** *Palapan*. So'z iyni kelgende basshi'dan da, qosshi'dan da tarti'nbay h'a'zil-shi'nli' so'ylegen bul adamdi' xali'q wog'ada si'ylag'an. Wol Qanaat boli'sti'n' atqosshi'si' bolg'an. Qanaat boli's bul tilalg'i'sh h'a'm so'zi tati'mli' azamatti' «**Paltilli** Palapan» dep atag'an. Akademik S.Kamalov Balapan Tan'atar uli'ni'n' ziyrekligi h'a'm ilgirligi ushi'n «Alg'i'r adam» dep bah'alag'an.

Zuwqi'n Palapanni'n' ayi'ri'm ushi'rma so'zleri tamdi'li' jurnalist J.A'lxojaev baspag'a tayarlag'an «Tawelibay a'n'gimeleri» toplami'nan da

---

[135] Балапанов Н. Қыдыр-Тоқалар *(шежире)*. – Зәрепшан, 2008. – Б. 2.

wori’n alg’an.[136] Azan shaqi’ri’li’p qoyg’an bul so’z ustasi’ni’n’ azan shaqi’ri’li’p qoyi’lg’an ati’ basqa bolsa da, wol kishkeneliginde su’ykimli bolg’ani’ ushi’n «Palapan» atang’an, al u’lkeye kele woni’n’ bul ni’spati’na «Zuwqi’n» laqabi’ da qosi’lg’an. Jergilikli so’ylesimde «zuwqi’n» so’zi «zuwi’ldaq», «shaqqan», «ilgir» degendi bildiredi. Tawelibay u’lkesinde bul so’z ustasi’ menen adas *(atlas)* tag’i’ bir insan boli’p, xali’q woni’ «Sho’je Palapan» dep atag’an.

Antroponimiya sistemasi’nda *eponimler* de belgili wori’n tutadi’. Eponimler eposli’q qah’arman yaki an’i’zg’a aylang’an ismlerdin’ son’g’i’ jasag’an adamlar ati’na ko’shiwi, yag’ni’y, ten’elip ayti’li’wi’ boli’p tabi’ladi’. Bulardi’ biz «eponimlik laqaplar» tu’rinde ali’p woti’rmi’z. Ma’selen, **Asan qayg’i’, Jiyrenshe sheshen, Aldar ko’se, Si’pi’ra ji’raw** h’a’m t.b. ismlerinin’ solarg’a minez-qulqi’ uqsas adamlarg’a da qoyi’li’p keldi. Eponimlik laqaplarg’a siyasiy tulg’alardi’n’ atlari’, ko’rkem shi’g’armalardi’n’ qah’armanlari’ da kiredi. Bunday laqaplar h’a’r wori’nda wonlap sanaladi’.

Buxara qaraqalpaqlari’ arasi’nda **Telibay tenti** ismi ken’nen belgili bolg’anli’qtan ko’plegen adamlardi’ «Telibay tentinin’ qi’li’g’i’n qi’lasan-aw» dep da’lkekleydi h’a’m sol laqap penen ataydi’.

Xali’q arasi’nda ayri’qsha qa’bileti menen ko’pti tan’ qaldi’ratug’i’n atqa shi’qqan talantli’lar az bolmag’an. Colardi’n’ ishinde «tenti» dep atalatug’i’n wo’ner iyeleri de bolg’an. Tentiler awi’llardi’ aralap, xali’qqa tamasha ko’rsetken. Wolar bir ku’ni mi’na awi’lda bolsa, kelesi ku’ni ana awi’lda, arg’i’ ku’ni tag’i’ bir awi’lda woyi’n berip, ko’pshilikti zawi’qlandi’rg’an. Ata-babalar tentilerdi «serkeshler» dep te atap kelgen. Tiykari’nda tentiler de, serkeshler de, ag’ashayaqlar menen ag’ashquyri’qlar da xali’q tamasha wo’nerin ko’rsetiwshi qi’zi’qpazlar bolg’an. Tawelibay jerinde wo’tken ***Telibay tenti*** ismli tulg’a da usi’nday o’nerpazlardi’n’ biri si’pati’nda tilge ali’nadi’.[137]

---

[136] Таўелибай әңгимелери. – Зәрепшан: Атамура, 1995. – Б. 84-85.

[137] Айымбетов Е. Телибай тенти // Мәденият ҳәм спорт. – Нөкис, 2013. -№3-4. – Б. 8.

«Telibay tenti» laqabi'n alg'an birneshe adam ushi'rasadi'. Sonday-aq, belgili an'i'zli'q tulg'a «Xoja Nasi'ratdin» laqabi' menen de birneshe adamlar ataladi'. Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nda atali'-balali' Jawli'baevlardi' «Qos Xoja Nasi'ratdin» laqabi' menen ataydi'.

Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nda «Alpami's» dep atalg'an a'wlad wa'killeri ushi'rasadi'. Bular tu'p-shi'g'i'si' boyi'nsha qon'i'rat ari'si'ni'n' i'rg'aqli' taypasi' wa'killeri boli'p, soni'n' ishinde baybo'ri ko'shesinen taraydi'. Baybo'ri ko'shesinen «Alpami's tuqi'mi'» dep atalg'an a'wlad wa'killeri birneshe awi'ldi' qurap woti'r. Solardi'n' iishinde de tulg'asi' tu'p babasi'na tartqan h'a'm minez-qulqi'nda sadali'g'i' basi'mlari'n «Alpi'li' Alpami's», «Alpi'nbay Alpami's» dep ataydi'. Usi' tuqi'mnan shi'qqan Xojamqul palwandi' xali'q usi'nday laqap penen atag'an.[138]

Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' adamlarg'a qoyg'an laqaplari'nda «Yernazar Alawko'z» laqabi' da ushi'rasadi'. Bul so'z joq, Yernazar Alako'z ismi menen baylani'sli'. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' XIX a'sirdegi ko'semlerinin' biri bolg'an Yernazar Alako'z tuwrali' ayi'ri'm an'i'zlarda bati'rdi'n' laqabi' woni'n' ko'zinin' alasi' ko'pliginen delinse, geypara da'reklerde na'zerinin' wo'tkir bolg'anli'g'i', soni'n' ushi'n «alawko'z» *(wotli' ko'z)* dep atalg'anli'g'i' keltiriledi.[139] Xali'q tilinde «Alawko'z» degen laqap qah'armanli'qti', qaytpasli'qti', wo'jetlikti bildiredi. Alawko'zli adamlar h'aqqi'nda «ko'zi jani'p tur eken, na'zeri wo'n'mennen wo'tip ketedi» dep ayti'ladi'. Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nda h'a'zir napaqa jasi'na shi'qqan Almas Alawko'z laqapli' kisinin' so'zinin' de, ko'zinin' de wo'tkirligi ushi'n woni' usi'lay atag'an. Wol wo'z waqti'nda joqari' wori'nlardan kelgen basshi'lardi' da wori'nli' so'zi menen toqtati'p, h'a'tte taysaldi'ri'p, a'dilligi ushi'n xali'qti'n' alg'i'si'n alg'an h'a'm jurtshi'li'q arasi'nda abi'rayg'a bo'lenip kiyati'r.

---

[138] Informator: Berdiyev Nartay. 1936 j.t. qaraqalpaq (qon'i'rat, i'rg'aqli', qaratonli', qarabati'r).

[139] Төрениязова Ж. Қарақалпақ тилиниң Шымбай сөйлемине тән базыбир сөзлер // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2004. -№1. – Б. 61.

Yernazar Alako'z tuwrali' tariyxi'y gu'rrin'lerde de woni'n' Xiywa h'u'kimdarlari'n aybi'ndi'rg'ani', susi'ni'n' basi'm kelgenligi ayti'ladi'. Solay yeken, xali'q qah'armani' laqabi'ni'n' da «alawko'z» degen so'z benen baylani'sli' yekenligi isenim tuwdi'radi'. «Alawko'z» laqabi' shejirelik mag'luwmatlarda da ushi'rasadi'.[140]

Al kerisinshe, «alako'z» degen tu'sinik sumli'qli' h'a'm qorqaq adamlarg'a qollani'ladi'. Xali'q tilinde «alako'zleniw» degen so'z «sumli'q woyi' bar», «pi'yg'ali' duri's emes», «ishinen tu'yinip ju'r» degen tu'siniklerge jaqi'n keledi. Sonli'qtan qaraqalpaq xalqi' wo'zinin' qa'dirdan ko'semine jaman niyettegi laqapti' qoyi'wi' isenimsiz. Ba'lki, «alawko'z» so'zi tez ayti'li'wi' arqali' «alako'z» formasi'na wo'zgergen boli'wi' itimal. A'lbette, bul til materiallari' tiykari'nda yele de teren'irek talqi'lawdi' talap yetedi.

«Ali'wshi'» laqabi'n da eponimlerdin' biri dep yesaplaymi'z. Ali'wshi' bati'r – qaraqalpaq xalqi' tariyxi'ndag'i' belgili tulg'alardi'n' biri.[141] Yernazar Alako'z baslag'an xali'q azatli'q ko'terilisine qatnasi'wshi'lardi'n' h'a'm woni' qollap-quwatlawshi'lardi'n' biri bolg'an Ali'wshi' Qutli'bay uli' tu'rkmenler menen bolg'an bir uri'sta yawmi'tlardi'n' a'skerbasi'si'n jen'ip, «Ali'wshi'» degen ataqti' alg'an. Al Yernazar Alako'z ko'terilisinen keyin Buxarag'a ketip, boy tasalawg'a ma'jbu'r bolg'an. Ali'wshi' bati'r Berdaq shayi'r menen de dosli'q qari'm-qatnasi'qta bolg'an h'a'm ulli' so'z zergerinin' wog'an arnag'an qosi'qlari' bar.[142] Ali'wshi' bati'r da wo'z aldi'na fenomen bolg'an. Sog'an baylani'sli' bul laqap woni'n' wo'zinen keyingi uqsas adamlarg'a da berilgen.

---

[140] Байниязов Қ. «Шынғыз ҳаслы кимнен болған...?» *(қыят тайпасы шежиресине байланыслы гейпара дәреклер)* // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2004. -№1. – Б. 22.

[141] Қанаатов Т. Алыўшы батыр // Қарақалпақстан жаслары. – Нөкис. 1993, 9-январь. -№3.

[142] Тилеўбаев С. Бердақ ҳәм Алыўшы батыр // Респ. ил.-теор. конф. – Қарақалпақ жазба әдебияты ҳәм халық мийрасын үйрениў мәселелери: Баян. тез. – Нөкис, 2007. – Б. 103.

Son’g’i’ da’wirde jasag’an tariyxi’y adam atlari’ni’n’ tu’r-tu’sine uqsas adamlarg’a da usi’nday laqaplar qoyi’li’p kelgen. Wolardi’n’ arasi’nda ***Stalin*** *Jumabay*, ***Gitler*** *Yelibay* h’a’m t.b. qi’zi’qli’ laqaplar ushi’rasadi’.

Tariyxi’y adam atlari’na berilgen h’a’rbir laqapta tariyxti’n’ izi bar. Bul faktler qaraqalpaq tilinin’ tariyxi’y leksikasi’ menen dialektologiyasi’ ushi’n da bah’ali’ material boli’p tabi’latug’i’nli’g’i’ so’zsiz.

**2. Hayal-qi’zlarg’a baylani’sli’ laqaplar**

Ja’miyette h’ayal-qi’zlardi’ laqaplari’ menen ataw, yer adamlarg’a qarag’anda siyrek ushi’rasadi’. Solay da bolsa, h’ayal-qi’zlarg’a wolardi’n’ wo’zli-wo’zinin’, qurbi’-qurdaslari’ni’n’, zamanlaslari’ni’n’ h’a’m t.b. laqap qoyi’wi’ buri’n da, h’a’zir de bar bolg’an turmi’sli’q qubi’li’s. Sonli’qtan, laqaplar ko’binese wo’z da’wiri ushi’n g’ana tiyisli boli’p, son’i’nan wolardi’n’ ko’pshiligi umi’ti’ladi’, solardan ja’miyette iyelegen worni’ barlari’ g’ana saqlanadi’. Bunday ismler g’alabaxali’qli’q ta’n ali’ng’an «tariyxi’y laqaplar» boli’p qaladi’. Qaraqalpaq shejiresinde ismleri belgili ***Da’wkempir***,[143] ***Sari’kempir***[144], ***Biykempir***[145] si’yaqli’ laqap iyeleri usi’lar qatari’na kiredi.

Qatar-qurbi’lar, zamanlaslar arasi’nda qoyi’latug’i’n laqaplar tariyxi’y laqaplarg’a qarag’anda h’a’zilnamay si’patqa iye boladi’ h’a’m ko’pshilikti quraydi’. Yu.Xojalepesovani’n’ jumi’si’nda qaraqalpaq h’ayal-qi’zlari’ mi’sali’nda *Za’wre* ***shi’bi’q***, *Uljan* ***porsi’q***, *Dina* ***bi’ji’q***, *Jumagu’l* ***pan’qi’ldaq***, *Worazgu’l* ***a’wpildek***, *Gu’lsara* ***pa’tpelek***, *Qatsha* ***tasman’lay***, *Gu’lnara* ***arqayi’n***, *Ra’biyg’a* ***pismilla*** h’a’m t.b. da birqatar laqap iyeleri keltirilgen. Ha’rqanday laqapta da woni’ qoyg’an wortali’qti’n’, so’ylem iyelerinin’ ko’rkem woylawi’, ilgirligi, yumorli’q til sheberligi, tapqi’rli’g’i’ ko’rinip

---

[143] Султанов К. Өмир дәптери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. – Б. 148.

[144] Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. – М.-Л.: Изд. АН СССР, 1950. – С. 166.

[145] Омар-улы А. Ерназар Алакөздиң Түркистандағы урпақлары // Қарақалпақ халық қаҳарманы Ерназар Алакөздиң туўылғанына 200 жыл толыўына арналған республикалық илимий-териялық конференция материаллары. – Нөкис, 2007. – Б. 42-44.

turadi’. Biz bul izertlewimizde tiykari’nan Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi h’ayal-qi’zlar laqaplari’ h’aqqi’nda so’z etpekshimiz.

Buxara qaraqalpaqlari’ arasi’ndag’i’ h’ayal-qi’zlarg’a baylani’sli’ laqaplar ishinde ***Tilli qi’z***, ***Da’wqi’z***, ***Mi’n’qoy*** si’yaqli’ tariyxi’y ismler saqlani’p qalg’an. Bulardan *Tilli qi’z* – wo’zinin’ dilwarli’g’i’ menen tani’lg’an bolsa, *Da’wqi’z* – yer adamlarg’a ta’qabbil g’ayratli’li’g’i’ arqali’ usi’ laqapqa iye bolg’an. Ha’zirgi waqi’tta ka’nshiler ma’kani’ sanalatug’i’n «Da’wg’i’ztaw» alti’n ka’ni h’a’m usi’ atamadag’i’ qalasha qaraqalpaq qi’zi’ Da’wqi’zdi’n’ ati’nan ali’ng’anli’g’i’ ilimiy izertlewlerde de so’z etilgen. *Mi’n’qoy* – «Alti’ntayaq Axmet» dep atalg’an bir baydi’n’ segizinshi h’ayali’ boli’p, woni’ alg’anda qali’n’mali’ ushi’n mi’n’ qoy berilgenlikten usi’ laqapti’ alg’anli’g’i’ bayanlanadi’.[146]

Yu.Xojalepesova wo’z jumi’si’nda «kempir» so’zi menen baylani’si’p keletug’i’n ***Aq kempir***, ***Qara kempir***, ***Yerkek kempir*** si’yaqli’ laqaplardi’ ko’rsetip wo’tken. Buxara qaraqalpaqlari’ arasi’nda bul taqi’lettegi ***Bay kempir***, ***Baqsi’ kempir***, ***Palshi’ kempir***, ***Sa’wego’y kempir***, ***Sa’wdeger kempir*** h’a’m t.b. laqaplar ushi’rasadi’ . Bul laqaplar olardi’n’ turmi’s ta’rizi, ka’sip-ka’ri h’a’m qa’bileti menen baylani’sli’ kelip shi’qqani’n an’law qi’yi’n yemes. Sonday-aq, qaraqalpaqlar menen turmi’s qurg’annan keyin wo’z ismi ayti’lmay, al shi’g’i’si’, milleti boyi’nsha atalg’an ***Sart kempir***, ***Ta’jik kempir***, ***Tatar kempir***, ***Wori’s kempir***, ***Ka’ris kempir*** si’yaqli’ laqaplar da payda bolg’an. Buxara qaraqalpaqlari’ h’ayal-qi’zlari’na tiyisli bolg’an laqaplarda «mamay» qosi’mshasi’ da isletiledi. «Mamay» so’zi u’lken jastag’i’ analardi’n’ laqaplari’na h’a’m ismlerine jalg’anadi’: ***Jelayaq*** *mamay*, ***Bazarshi’l*** *mamay*, ***Ayti’mshi’*** *mamay*, ***Besikashi’*** *mamay*, ***Quwji’n’*** *mamay*, ***Moylaw*** *mamay*, ***Qi’yali’y*** *mamay*, ***Tentek*** *mamay*. Hayal-qi’zlarg’a baylani’sli’ laqaplardi’n’ tag’i’ bir topari’na «qati’n» so’zi qosi’li’p ayti’ladi’: ***So’ylemshek*** *qati’n*,

---

[146] Informator: Imamnazarova Sholpan. 1935 j.t. qaraqalpaq (qon’i’rat, qazayaqli’, ko’legen, ma’met, sa’tek).

***Jaybasar*** *qati'n,* ***Suli'w*** *qati'n,* ***Ti'shtaqay*** *qati'n,* ***Miyaw*** *qati'n,* ***I'zi'ldaq*** *qati'n,* ***Ku'limko'z*** *qati'n,* ***Pi'si'ldaq*** *qati'n* h'a'm t.b. «Qati'n» so'zine qosi'lg'an ani'qlawi'shlardan laqap iyelerinin' minez-qulqi', is-h'a'reketi, socialli'q jag'dayi' menen baylani'sli' belgiler an'lasi'ladi'. Usi' ta'rizli laqaplar «kelin» so'zi menen baylani'sli' h'alda da jasalg'an: ***Dolap*** *kelin,* ***Yerke*** *kelin,* ***Uyqi'shi'l*** *kelin,* ***Qi'di'rmashi'*** *kelin,* ***To'rkinshil*** *kelin,* ***Mayi'sqaq*** *kelin,* ***Zi'pi'ldaq*** *kelin,* ***Shataq*** *kelin,* ***Jo'lik*** *kelin* h'a'm t.b. Jag'i'mli' h'a'm jag'i'msi'z mag'anadag'i' bunday laqaplar xali'q arasi'nda ko'p qoyi'ladi'.

Laqaplardi'n' tag'i' bir du'rkini h'ayallardi'n' wo'zarasi'nda g'ana qollani'ladi'. Bunday laqaplar «abi'si'n», «sheshey» so'zlerine tirkelip keledi: ***Uzi'n*** *abi'si'n,* ***Pason*** *abi'si'n,* ***Pan'*** *abi'si'n,* ***Awi'rg'i'sh*** *abi'si'n* h'a'm ***Qi'ztuwg'i'sh*** *sheshey,* ***Jaynag'i'r*** *sheshey,* ***Tu'lkishek*** *sheshey,* ***Semizshik*** *sheshey,* ***İrkildek*** *sheshey,* ***Shin'kildek*** *sheshey* t.s.s. Bul laqaplardi'n' tiykari'nan tabular *(ti'yi'm so'zler)* si'pati'nda ju'zege kelgenligi seziledi.

Quda-tami'rli'g'i' bolg'an ta'replerdin' wortasi'nda ayti'latug'i'n laqaplar da wo'z wo'zgesheligine iye: ***Alqali'q*** *qudag'ay,* ***Aqsawsaq*** *qudag'ay,* ***Pat*** *qudag'ay,* ***Waydat*** *qudag'ay,* ***Ku'ygelek*** *qudag'ay,* ***Shi'rri'q*** *qudag'ay,* ***Duwdarbas*** *qudag'ay,* ***Shan'qi'ldaq*** *qudag'ay...* «Qudajurt» atang'an ta'replerdin' wo'zarasi'nda h'a'zil ju'zesinen woynap ayti'lg'an bul laqaplar keyin ala pu'tkil awi'l-aymaqqa jayi'li'p, ko'pshilikke tani'mali' boli'p ketken.

Hayal-qi'zlardi'n' tiykarg'i' ismine qosi'li'p ayti'latug'i'n laqaplar bolsa, wolardi' basqalardan aji'rati'p turadi': *Ha'sem* ***belsendi****, I'ri'sgu'l* ***i'zbay****, Jamal* ***awi'sh****, Jan'ash* ***ji'rpi'ldaq****, Ma'siyma* ***ma'sten****, Perdesh* ***ta'lpish****, I'rzagu'l* ***i'rbi'q****, Jumash* ***shaqqam*** h'a'm t.b. Wo'ytkeni, bunday ismdegi h'ayal-qi'zlar birneshew boli'p, wolar laqaplari' arqali' g'ana bir-birinen aji'rati'ladi'.

Laqaplar arasi'nda ismine de, jaqi'nli'q mu'na'sibetine de baylani'ssi'z, al h'a'reketi, tu'r-tu'si sebepli qoyi'lg'anlari' da ushi'rasadi': ***Sapi'rma sari', Ma'rziya mo'ritis, Pite, Pa'ri, Tilla' tish, Jalti'r man'lay, Bati'q...***

Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' h'ayal-qi'zlarg'a qoyg'an laqaplari' arasi'nda basqa tillerden kirgen so'zler h'a'm tu'sinikler tiykari'nda qa'liplesken laqaplar

da wori'n alg'an: ***Samolët** kempir, **Skori'y** qudag'ay, **Budilnik** sheshey, **Karatist** kelin* h'a'm t.b. Bul laqaplar wolardi'n' ju'rdekligine, shaqqanli'g'i'na, h'a'reketshen'ligine, ti'ni'msi'zli'g'i'na h'a'm t.b. qa'siyetlerine baylani'sli' qoyi'lg'an boli'p, jurtshi'li'q ta'repinen de ta'n ali'ng'an.

Laqaplardi' u'yreniwde statistikali'q da'rekler keltirgen izertlewshiler wolardi'n' h'ayal-qi'zlarg'a az qoyi'latug'i'nli'g'i'n ani'qlag'an. Birneshe millet wa'killeri arasi'ndag'i' h'ayal-qi'zlardi'n' laqaplari'n analizlegen T.Abdraxmanova «Ha'rqanday jurtta h'ayal adamlar yer adamlarg'a sali'sti'rg'anda jumsaq minezli, na'zik ta'biyatli', iybeli boladi', sonli'qtan da h'ayal zati'na ko'p laqap qoyi'lmawi' tiyis» dep jazadi' h'a'm wolarg'a tag'i'lg'an janapay atlar 30% di' g'ana tutatug'i'nli'g'i'n ani'qlag'an.[147] Bul jag'day qaraqalpaq h'ayal-qi'zlari' laqaplari'nda da bayqaladi'.

Uluwma alg'anda, Buxara qaraqalpaqlari' turmi'si'nda ushi'rasatug'i'n h'ayal-qi'zlar laqaplari' a'lwan tu'rli. Ko'rsetilgen laqaplar tiykari'nan qaraqalpaq tilinde bolsa, wolardan ayi'ri'mlari' basqa tillerdegi so'zler menen qosi'lg'an *(kalka)* h'ali'nda da jasalg'an. Bul usi'l laqaplardi'n' ta'sirshen'ligin ku'sheytiwde uti'mli' paydalani'lg'an. Soni'n' menen birge, birqatar laqaplar ta'nh'a Buxara qaraqalpaqlari' so'yleminde jumsalatug'i'n so'zlerden do'retilgen boli'p, wol jergilikli so'ylesim wo'zgesheliklerin u'yreniwde u'lken a'h'miyetke iye.

## 3. Laqaplardan jasalg'an toponimler

Belgili izertlewshi E.M.Murzaev: «Yelatli' ma'kanlardi'n' atamalari'nda adam atlari', familiyalari', laqaplari' jiyi ushi'rasi'p woti'radi'», - dep ko'rsetedi.[148] Bul qubi'li's antroponimlerdin' toponimler worni'na da jumsali'wi'na da'lil boladi'.

Buxara qaraqalpaqlari' jasaytug'i'n aymaqlarda da laqaplar tiykari'nda payda bolg'an jer-suw atamalari'ni'n' bar yekenligi ko'zge tu'sedi. Wo'ytkeni,

---

[147] Абдрахманова Т.М. Қазақ, орыс, неміс тілдеріндегі лақап есімдердің ерекшелігі // Тілтаным. – Алматы, 2004. -№4. – Б. 129.

[148] Мурзаев Э.М. Тюркские географические названия. – М.: Восточная литература, 1996. – С. 153.

bul u’lkede jasawshi’ qaraqalpaqlardi’n’ basi’m ko’pshiligi awi’lli’q wori’nlarda turi’wi’na baylani’sli’ wo’zleri jasap ati’rg’an jerdegi h’a’r qoni’sli’q, h’a’r ken’islik, h’a’r to’be, h’a’rbir to’beshik te atawsi’z qalmag’an. Usi’nday atamalar arasi’nda laqaplar tiykari’nda ju’zege kelgen toponimler de ushi’rasi’p woti’radi’ h’a’m wolardi’n’ birazi’nda etnonimlerdin’ ta’siri seziledi.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qurami’nda laqap tiykari’nda ju’zege kelgen etnonimler ko’plep tabi’ladi’. Solardi’n’ biri – *u’shbas* etnonimi. U’shbaslar Buxara xanli’g’i’nda usi’ at penen dan’q shi’g’arg’anli’g’i’ sebepli wolardi’n’ laqabi’ uri’w atamasi’na aylang’an.[149] «U’shbas» laqabi’n alg’an bul u’sh bati’r: Xojanazar, Su’yindik, To’les – tariyxi’y tulg’a Beke biydin’ a’wladlari’ boli’p, wolardi’n’ da’wju’rekligi, ayri’qsha qa’siyeti jo’ninde Berdaq shayi’rdi’n’ «Shejire» shi’g’armasi’nda da bayanlang’an.[150] Buxara qaraqalpaqlari’ni’n’ ti’g’i’z jasaytug’i’n jeri tariyxi’y Sari’bel aymag’i’ boli’p, usi’ atamadag’i’ shirket xojali’g’i’ wornalasqan aymaqta U’shbas degen jer atamasi’ h’a’zirge shekem saqlani’p qalg’an. Bul U’shbas atamasi’ni’n’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ usi’nday laqapli’ bati’rlari’ ismi menen baylani’sli’ yekenligi boyi’nsha isenimli mag’luwmatlar bar.[151] Ayi’ri’m jag’daylarda bunday toponimler *etnotoponimler* dep te ataladi’.

Buxara qaraqalpaqlari’ jasaytug’i’n aymaqlarda laqapli’q etnonimlerden payda bolg’an etnotoponimler ko’pshilikti quraydi’. Mi’sali’, *Qarako’kirek, Jaman shu’yit, Qoti’rqi’shlaq,*[152] *U’shqara, Mayli’, Qi’n’i’r, Ali’wshi’, Qulqudi’q* h’a’m t.b. Bul toponimlerdin’ h’a’r biri wo’z tariyxi’na iye.

Laqaplardan jasalg’an jer atamalari’ni’n’ ko’pshiligi etnotoponimler boli’p keledi. Soni’n’ menen birge, etnotoponimlerdin’ barli’g’i’n da laqaplarg’a

---

[149] Әбдирахманов Қ. «Үшбас» лақаплы батырлар // Еркин Қарақалпақстан. – Нөкис, 2005. -№97.

[150] Бердақ. Шежире. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. – Б. 22.

[151] Бабашев Ш. Тауелібайдың тарихы тереңде // Нұрлы жол. – Ташкент, 2005. -№93; Ayi’mbetov Y. U’shbas to’be tariyxi’ // Qarli’g’ash. 2013. -№6. – B. 12.

[152] **Qoti’rqi’shlaq** – Begmurat ji’raw Jorabay uli’ tuwi’li’p-wo’sken ma’kan.

qosi'wg'a bolmaydi'. Mi'sali' ushi'n Buxara qaraqalpaqlari' jasaytug'i'n aymaqtag'i' wolardi'n' uri'w-taypa atlari'nan qa'liplesken *Mami'qshi', Jetiqurt, Qatag'an, Toqman'g'i't, Qaraman'g'i't, Bu'rkitli, Yeshkili, Tuyaqli', Tobi'qli', Ti'rnaqli', Serkesh, Shi'lji'wi't, Jamansha* h'a'm t.b. da ju'zlegen atamalar bir da'wirdin' yemes, birneshe a'sirlerdin' jemisi. Bul atamalar basqa millet wa'killeri ushi'n laqap ta'rizinde tuyi'lg'ani' menen wolardi'n' kelip shi'g'i'wi'nda yertedegi milliy-qa'wimlik tutasli'qti'n' belgisi barli'g'i' bayqaladi' h'a'm ko'rsetilgen etnotoponimler tek usi' aymaqta yemes, tiykari'nan qaraqalpaqlar jasag'an jerlerdin' barli'g'i'nan da gezlesip woti'radi'. Sonli'qtan da biz joqari'da son'g'i' da'wirlerde tikkeley laqaplardan jasalg'an sanawli' toponimdi g'ana ko'rsetip wo'ttik.

## Yekinshi bap boyi’nsha juwmaq

Qaysi’ xali’qti’n’ bolsa da tariyxi’nda millet maqtani’shi’ bolg’an tulg’alar az emes h’a’m wolardi’n’ ismi de, wolarg’a berilgen ataqlar menen laqaplar da jurtshi’li’qti’n’ yesinde uzaq ji’llar saqlanadi’. Biz tariyxi’y adam atlari’na baylani’sli’ laqaplarg’a sholi’w jasag’ani’mi’zda, Buxara qaraqalpaqlari’ tariyxi’ndag’i’ usi’nday tulg’alardi’n’ laqaplari’ni’n’ kelip shi’g’i’w sebeplerine itibar berdik. Tariyxi’y adam atlari’ni’n’ laqaplari’ wo’z da’wirine tiyisli tariyxtan g’ana xabar berip qoymastan, tildegi tariyxi’y leksikani’ saqlawi’ menen de a’h’miyetli yekenligine kewil bo’ldik.

Tariyxi’y tulg’alar menen an’i’zli’q h’a’m a’psanawiy adam atlari’nan kelip shi’qqan eponimlerdin’ de worni’n ko’rsetip wo’ttik. Soni’n’ menen qatar, h’ayal-qi’zlarg’a baylani’sli’ laqaplarg’a h’a’m wolardi’n’ wo’zgesheliklerine toqtadi’q. A’dette, er adamlarg’a qarag’anda h’ayal-qi’zlarg’a laqap ko’p qoyi’la bermeydi. Buni’n’ sebebi, wolardi’n’ mu’mkin bolg’ani’nsha iybelilik saqlap, ishki h’a’m si’rtqi’ kemshiligin bildirmeytug’i’ni’ menen baylani’sli’ yekenligi an’lanadi’. Sonli’qtan da yer adamlarg’a qarag’anda h’ayal-qi’zlar arasi’nda laqap ali’wshi’lar az ushi’rasadi’. Ha’tteki, h’a’r a’sirdin’ tariyxi’y iskerleri qatari’ndag’i’ h’ayal-qi’zlar ishinde de laqabi’ menen atalatug’i’nlari’ shende-shen ushi’rasadi’. Soni’n’ menen qatar, jeke adamg’a h’a’m adamlar topari’na qoyi’lg’an laqaplardi’n’ ko’pshiligi h’ayal-qi’zlar ta’repinen qoyi’ladi’. Laqaplardan basqa tabu menen baylani’sli’ janapay atlardi’n’ da da’stu’r boyi’nsha h’ayal-qi’zlar si’nshi’lli’g’i’na tiyisli ekenligi belgili. Bulardi’n’ barli’g’i’ wolardi’n’ bayqag’i’shli’q qa’biletin ko’rsetedi.

Bul bapta tariyxi’y laqaplar menen baylani’sli’ bolg’an toponimlerge de sholi’w jasadi’q. Toponimler qurami’ndag’i’ etnotoponimlerdin’ etnonimge qatnasi’ menen laqapli’q si’patqa iye boli’w h’alatlari’na da di’qqat awdardi’q.

# III. BUXARA QARAQALPAQLARI’ TİLİNDEGİ LAQAPLARDI’N’ FONETİKALI’Q HA’M GRAMMATİKALI’Q WO’ZGESHELİKLERİ

Til du’zilisine ta’n tutasli’qti’ quraytug’i’n da’rejeler menen yaruslardi’n’, yag’ni’y fonetikali’q, morfologiyali’q, leksikali’q, sintaksislik basqi’shlardi’n’ h’a’rqaysi’si’ wo’z sistemasi’na iye. Til sistemasi’ wo’zara sha’rtles h’a’m bir-biri menen baylani’sli’ birtekles elementlerdin’ birligi. S.D.Kacnelson: «Til sistemasi’ni’n’ jeke da’rejeleri birine-biri qatan’ tu’rde belgilengen ta’rtip penen wornalasqan boladi’»,[153] - degen edi. Usi’ sistemali’li’q arqali’ tildegi qubi’li’slar h’a’m tildin’ ta’biyati’ ani’qlanadi’.

Laqaplar da tildin’ bir ko’rsetkishi boli’p tabi’ladi’. Tilde umi’ti’lg’an ayi’ri’m bir so’zler yamasa atamalar laqaplarda saqlanadi’. A’sirese, tildin’ tariyxi’y qa’lpin ko’rsetiwshi seslik wo’zgeshelikler menen bazi’bir grammatikali’q kategoriyalar laqaplarda qollani’ladi’. Buxara qaraqalpaqlari’ laqaplari’ni’n’ fonetikali’q h’a’m grammatikali’q wo’zgesheliklerinde de usi’nday belgilerdin’ bar yekenligi ma’lim boldi’. Bul ko’rsetilgenler jeke-jeke toqtap wo’tiwdi talap yetedi.

## 1. Fonetikali’q wo’zgeshelikler

Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi dawi’sli’ h’a’m dawi’ssi’z sesler h’a’zirgi qaraqalpaq a’debiy tilindegi dawi’sli’ h’a’m dawi’ssi’z seslerden ayi’ri’m si’patlari’ boyi’nsha ayi’ri’li’p turadi’. Biraq, bul wo’zgeshelikler qaraqalpaq tilinin’ dialektleri menen wo’zara sa’ykesliklerge iye. Buxara qaraqalpaq tilindegi laqaplarda ushi’rasatug’i’n dawi’sli’ h’a’m dawi’ssi’z seslerdin’ almasi’w qubi’li’si’nda da usi’nday wo’zgeshelikler bar.

---

[153] Кацнельсон С.Д. О теории лингвистических уровней // Вопросы общего языкознания. – М., 1964. – С. 32.

**Dawi’sli’ seslerdin’ almasi’w qubi’li’si’**

***a~i’* seslerinin’ almasi’wi’.** Xali’qti’n’ awi’zeki so’ylew tilinde jeke so’zlerde jiyi almasatug’i’n *a~i’* sesleri laqaplar jasawda da bayqaladi’: Z**i’**qqi’ *(zaqqi’)*, I’rj**i’**n’bay *(i’rjan’bay)*, Short**i’**q *(shortaq)*.[154]

***a’~a* seslerinin’ almasi’wi’.** Qaraqalpaq tilindegi *a’* dawi’sli’si’ so’ylesimde qollani’latug’i’n laqaplarda *a* sesi menen almasadi’: **A**jdarh’a *(a’jdarh’a)*, **A**nayi’ *(a’neyi)*, **A**wmalaq *(a’wmelek)*, Sh**a**mshi’l *(sha’mshil)*.

***e~a’* seslerinin’ almasi’wi’**. Buxara qaraqalpaqlari’ tilinde a’debiy tildegi *e* fonemasi’ worni’na *a’* sesi jiyi qollani’ladi’: G**a’**wekbas *(gewekbas)*, L**a’**pirme *(lepirme)*, P**a’**ri *(peri)*, K**a’**sapat *(kesapat)*, S**a’**rke *(serke)*.

***u’~i* seslerinin’ almasi’wi’**. So’ylesimde *u’* fonemasi’ni’n’ *i* sesi tu’rinde ayti’li’wi’ gu’zetiledi: **İ**nemkesh *(u’nemkesh)*, **İ**ndemes *(u’ndemes)*, **İ**pildirik *(u’pildirik)*.

***u~i’* seslerinin’ almasi’wi’**. A’debiy tildegi *u* fonemasi’ orni’na *i’* sesinin’ yesitiliwi jiyilikke iye: **I’**yalshaq *(uyalshaq)*, **I’**mi’tshaq *(umi’tshaq)*, B**i’**zawbas *(buzawbas)*, Sh**i’**barbet *(shubarbet)*.

***u~o* seslerinin’ almasi’wi’**. A’debiy tildegi ayi’ri’m so’zlerde so’z wortasi’nda keliwshi *u* sesi Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplarda da *o* fonemasi’na awi’sadi’: J**o**malaq *(jumalaq)*, T**o**balaq *(tubalaq)*, Q**o**ri’ldawi’q *(quri’ldawi’q)*. Bul awi’si’wlar jergilikli so’ylesimdegi jeke so’zlerde de ayqi’n seziledi.

**Dawi’ssi’z seslerdin’ almasi’w qubi’li’si’**

***b~p* seslerinin’ almasi’wi’.** Tu’rkiy tillerde *b~p* seslerinin’ wori’n almasti’ri’wi’ jiyi ushi’rasadi’. A’debiy til menen sali’sti’rg’anda bul wo’zgeshelik Buxara qaraqalpaqlari’ tilinde de bayqaladi’: **P**i’qsi’may *(bi’qsi’may)*, **P**i’t-shi’t *(bi’t-shi’t)*, Ta**p**abet *(tababet)*.

---

[154] Mi’sallar «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги», «Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги» ha’m a’debiy tildegi basqa da materiyallar menen sali’sti’ri’li’p berildi.

***j~dj***[155] **seslerinin' almasi'wi'.** Buxara qaraqalpaqlari' tilinde qaraqalpaq a'debiy tili ushi'n ta'n bolmag'an affrikat *dj (җ)* sesi laqaplar jasawda wo'nimli qatnasadi': **Dj**adi'kesh *(**j**adi'kesh)*[156], **Dj**alpaq *(**j**alpaq)*, **Dj**i'pi'li'q *(**j**i'pi'li'q)*.

***j~sh*** **seslerinin' almasi'wi'.** Laqaplarg'a baylani'sli' so'zlerde siyrek jag'dayda bolsa da *j~sh* seslerinin' almasi'wlari' wori'n alg'an: Bi'l**sh**i'raq *(bi'l**j**i'raq)*, Qi'l**sh**aqbas *(qi'l**j**aqbas)*, Shi'n**sh**aw *(shi'n**j**aw)*.

***g'~q*** **seslerinin' almasi'wi'.** A'debiy tilde og'uz topari' tilleri ta'sirinde qa'liplesken so'z basi'ndag'i' *g'* sesi worni'na Buxara qaraqalpaqlari' so'ylesiminde qi'pshaq tillerinde so'z basi'nda keletug'i'n *q* fonemasi' saqlani'p qalg'an: **Q**ari'qi'z *(**g'**arri'qi'z)*, **Q**oshshaq *(**g'**oshshaq)*.

***q~t*** **seslerinin' almasi'wi'.** Siyrek jag'dayda bolsa da *q* sesinin' *t* sesi menen almasi'li'wi' seziledi: Qi'y**t**i'w *(qi'y**q**i'w)*, Qi'l**t**an *(qi'l**q**an)*[157].

***d~t*** **seslerinin' almasi'wi'.** Tu'rkiy tillerdegi si'yaqli' Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplarda da *d~t* seslerinin' almasi'wlari'n ko'riw mu'mkin: **T**a'yeksiz *(**d**a'yeksiz)*, **T**on'g'i'l *(**d**on'g'i'l)*[158], **T**ug'i'ji'm *(**d**ug'i'ji'm)*.

***n~m*** **seslerinin' almasi'wi'.** Tu'rkiy tillerinin' jergilikli wo'zgeshelikleri menen sali'sti'rg'anda *n~m* seslerinin' so'z son'i'nda almasi'p keliw qubi'li'si' qaraqalpaq tilinin' usi' so'ylesimine g'ana ta'n boli'p tabi'ladi': Shaqqa**m** *(shaqqa**n**)*, Arqayi'**m** *(arqayi'**n**)*.

***n'~g/g'*** **seslerinin' almasi'wi'.** Qaraqalpaq a'debiy tiline qarag'anda Buxara qaraqalpaqlari' tilinde *g/g'* dawi'ssi'zlari'ni'n' worni'na *n'* sesi jiyi jumsaladi': Da**n'**aza[159] *(dag'aza)*, Ke**n'**irdek *(ke**g**irdek)*, Qa**n'**i'rlaq *(qa**g'**i'rlaq)*.

---

[155] Kirillshe **«җ»** *(дж)* fonemasi'n tamg'alaw ushi'n qollani'ldi'.

[156] Насыров Д., Доспанов О. Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. – Б. 114.

[157] **Qi'lqanaq / qi'lqanli' su'yek** – bul jerde: kesir.

[158] **Don'g'i'l** – miyrimsiz. Ko'rsetilgen miynet. – B. 104.

[159] Bul so'z wo'zin-wo'zi ko'z-ko'z yetip ju'retug'i'n dan'qqumar ha'm dabi'rlaq adamg'a qollani'ladi'.

***s~sh* seslerinin' almasi'wi'.** Qaraqalpaq tili dialektlerinde *s~sh* seslerinin' almasi'wi' jiyi bayqaladi'. Bul qubi'li's Buxara qaraqalpaqlari' tilinde de ayri'qsha ko'zge taslanadi': Bo**sh** *(bos)*, E**sh**irik *(esirik)*, Ma**sh**qarapaz *(masqarapaz)*.

***sh~ch* seslerinin' almasi'wi'.** Buxara qaraqalpaqlari' tilinde affrikat *ch* sesinin' qollani'li'w jag'daylari' da ushi'rasadi'. Bul qubi'li'sti' A.Pirekeeva da ko'rsetip wo'tken.[160] Affrikat *ch* sesi a'debiy tildegi *sh* fonemasi' worni'na jumsaladi': **Ch**in'kildek *(**sh**in'kildek)*, **Ch**o'kelek *(**sh**o'kelek)*, **Ch**u'rego'y *(**sh**u'rego'y)*.

Dawi'sli' h'a'm dawi'ssi'z seslerde bayqalatug'i'n bul qubi'li'slar Buxara qaraqalpaqlari' so'ylesimlerin ayi'ri'm jag'daylarda Arqa, ayi'ri'm h'allarda Qubla dialektke jaqi'nlasti'radi'. Laqaplar jasawda ***dj*** *(җ)* h'a'm ***ch*** *(ч)* seslerinin' qollani'li'w jag'daylari' tiykari'nan ekspressivlik-emocionalli'q xi'zmet atqaradi'. Affrikat ***dj*** (*җ), **ch** (ч)* seslerinin' qollani'li'w h'alati' qaraqalpaqlardi'n' yerteden oaziste jasap kiyati'rg'an qatlamlari'ni'n' so'ylew tilinde bayqaladi'. Bul qubi'li's wolardi'n' tilindegi yeski tu'rkiy elementlerdin' saqlani'wi'nan h'a'm qon'si'las wo'zbek, ta'jik xali'qlari' menen uzaq a'sirlik aralasi'wlari'nan kelip shi'qqan wo'zgeris yekenligi seziledi.

**Seslerdin' turaqsi'zli'q h'alati'**

Tu'rkiy tillerdin' dialektlerinde fonetikali'q prosessler menen baylani'sli' ayi'ri'm qubi'li'slar bar. Bul qubi'li'slar qaraqalpaq tili ushi'n da ta'n.[161] Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplarda *epenteza, proteza, apokopa, metateza* qubi'li'slari' da bayqaladi'.

**Epenteza.** Sesler arali'g'i'na qosi'msha dawi'sli' sestin' kirigiwi sebebinen payda bolatug'i'n epenteza qubi'li'si' wo'zge tillerden wo'zlestirilgen

[160] Пирекеева А. Конимех қорақалпоқлари шеваси. Филол. фан. ном. дисс. …автореф. – Нукус, 2012. – Б. 9.

[161] Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили *(фонетика)*. – Нөкис: Билим, 1999. – С. 340-347.

so’zler menen sol tiykarda jasalg’an laqaplarda ushi’rasadi’: G**u’**ru**w**ppa *(Gruppa sheshey)*[162], K**i**ley[163] *(Kley quda)*, K**i**ran[164] *(Kran qudasha)*.

**Proteza.**

So’zge arti’qsha sestin’ qosi’li’wi’ tiykari’nda ju’zege keletug’i’n proteza qubi’li’si’ da ko’binese basqa tilden kirgen adam atlari’ menen atamalardan jasalg’an laqaplarda ushi’rasadi’: **İ**sta’lin *(Stalin Jumabay)*, **İ**zveno *(Zveno kelin)*, **I’**radiyo *(Radio qudag’ay)*, **I’**skori’y *(Skori’y qudag’ay)*. Sonday-aq, bul qubi’li’sti’ tu’pkilikli so’zlerden do’relgen laqaplardan da bayqaw mu’mkin: **I’**laqqi’ *(laqqi’)*, **H**a’disgo’y *(a’disgo’y)*.

**Apokopa.**

Tilde so’z son’i’nda keletug’i’n geypara seslerdin’ tu’sirilip qaldi’ri’li’w jag’dayi’ laqaplarda da ushi’rasadi’. Bul qubi’li’s ayi’ri’m laqap iyelerinin’ a’wladlari’na baylani’sli’ da qollani’ladi’: Ga’r *(ga’**ren’**/ger**en’**)*, Qasqi’ *(Qasqi’**r**)*, Qi’yt *(Qi’yt**i’w**)*, Qi’yqi’ *(Qi’yqi’**m**)*, San’i’r *(san’i’r**aw**)*.[165]

**Metateza.**

So’z qurami’ndag’i’ seslerdin’ wori’n awi’si’wi’ arqali’ payda bolatug’i’n metateza qubi’li’si’ laqaplarda jiyi ushi’rasadi’: Ja**n’al**ayaq *(ja**lan’**ayaq)*, Wo’**pk**eshil *(wo’**kp**eshil)*, Se**kp**ilbet *(se**pk**ilbet)*, Mi’**g’z**i’may *(mi’**zg’**i’may)*.[166]

**Qondi’rma seslerdin’ jumsali’wi’**

Qaraqalpaq tilinin’ awi’zeki so’ylew tilinde so’z wortasi’ndag’i’ qondi’rma seslerdin’ ushi’rasi’p woti’ri’wi’ ta’biyiy qubi’li’s. Wolar tiykari’nan dawi’ssi’z seslerden jasaladi’. Bul jag’day dialektlerde de ani’qlang’an.[167] Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi jeke so’zlerde de, laqaplarda da qondi’rma

---

[162] Mayi’pli’q na’paqasi’n ali’wshi’.

[163] Jabi’sqaq, jarmasqi’sh.

[164] Uzi’n, boyshan’.

[165] Men’irew, geren’.

[166] **Mi’zg’i’may** – tez ko’zi ilingish uyqi’shi’l adam.

[167] Насыров Д., Доспанов О. Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1983. – Б. 384.

sesler qollani'ladi': Gu'**pp**i *(gu'pi)*[168], Wo**pp**i'r *(wopi'r)*,[169] Sa**ss**i'q *(sasi'q)*, Ti'**rr**i'q *(ti'ri'q)*[170].

## 2. Grammatikali'q wo'zgeshelikler

Qaraqalpaq tili so'ylesimlerindegi grammatikali'q wo'zgeshelikler san jag'i'nan ko'p emes. So'ylesimlerdin' morfologiyali'q quri'li'si' menen a'debiy tildin' morfologiyali'q quri'li'si' bir-birine jaqi'n. Buxara qaraqalpaqlari' so'ylesimlerinde de usi' jag'day gu'zetiledi. A'debiy tildegi grammatikali'q kategoriyalar Buxara qaraqalpaqlari' so'ylesimlerinde de bar. So'ylesimlerdegi morfologiyali'q wo'zgeshelikler tek grammatikali'q kategoriyalardi'n' ishindegi geypara formalardi'n' wo'zgeriwi boyi'nsha wo'zgeshelenedi.

Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplarda qaraqalpaq tilindegi so'z jasali'w wo'zgesheligi saqlang'an. Qaraqalpaq tilindegi so'zler tiykari'nan morfologiyali'q, leksika-sintaksislik, morfologiya-sintaksislik h'a'm leksika-semantikali'q usi'llar boyi'nsha jasaladi'.[171] Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplar da usi' usi'llar boyi'nsha jasalg'an.

### 1. Morfologiyali'q usi'l boyi'nsha jasalg'an laqaplar

Morfologiyali'q usi'l qaraqalpaq tilindegi wen' o'nimli usi'l boli'p yesaplanadi'. Bunda morfemalardi'n' tu'rine h'a'm qosi'li'w wo'zgesheligine qaray wol u'shke bo'linedi: *1) affiksaciya; 2) so'zlerdin' qosi'li'wi'; 3) abbreviaciya.*

### Affiksaciya.

Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplardi'n' basi'm ko'pshiligi affiksaciya usi'li' tiykari'nda jasalg'an. Laqaplar jasawda ayi'ri'm affikslerdin' a'debiy tilge qarag'anda da wo'nimlirek qollani'lg'anli'g'i'n ko'riwge boladi'. Bul wori'nda biz yen' ko'p laqap jasawshi' h'a'm jan'a ma'niler do'retiwshi affikslerdi g'ana keltirip wo'temiz:

---

[168] **Gu'pi** – qi'sqi' kiyim. Bul atama laqap iyesine usi' kiyimdi qi'si'-jazi' kiyiwine baylani'sli' qoyi'lg'an.

[169] **Wopi'r** – jermen, wopi'rg'i'sh.

[170] **Ti'rri'q** – azg'i'n, ari'q-ti'ri'q.

[171] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. – Б. 4.

**– *bay* affiksi.** Bul affiks a'dettegishe da'stu'riy adam atlari'n jasawshi' qosi'mta si'pati'nda emes, al laqaplar jasawshi' affikslerdin' de biri. Buxara qaraqalpaqlari'nda quw adamlarg'a ***Tu'lkibay***, isi shalag'ay, alag'ayi'm adamlarg'a ***Shalabay***, denesi a'wdiygen aldam-qaldam adamlarg'a ***A'wipbay***, al an'qaw adamlarg'a ***Qazaqbay*** degen laqaplar qoyi'lg'an. Bul affiksten basqa da to'mendegi laqaplar jasalg'an: **Bi'ji'qbay** *(**bi'ji'q:** bi'ji'ldaq, mi'lji'n'),* **Da'ydibay** *(**da'ydi:** qan'g'i'rmashi', gezbe),* **Di'n'g'i'rbay** *(**di'n'g'i'r:** di'n'g'i'rlaq, so'ylemshek),* **Yediren'bay** *(**yediren':** yedirewik, yelewremey),* **Qodi'ran'bay** *(**qodi'ran':** qodiren', a'beshiy),* **La'yliwbay** *(**la'yliw:** jen'iltek, ushqalaq),* **Ma'dibay** *(**ma'di:** puqta,bekkem),* **Shorti'wbay** *(**shorti'w:** shortaq, olaq),* **I'rban'bay** *(**i'rban':** i'rbi'q, i'rbaqay),* **I'rjan'bay** *(**i'rjan':** i'rjaqay, i'rjalaq)* h'a'm t.b. İtibarli'si' sonda, ***– bay*** affiksi wo'zinin' basqa si'n'arlasi'na iye yemes.

***– daq, – dek* affiksleri.** **Dan'qi'ldaq** *(**dan'qi'l:** dan'g'i'r, dan'g'i'l),* **Zuwi'ldaq** *(**zuwi'l:** zuwlama, zuwi'ldi'),* **Qori'ldaq** *(**qori'l:** quri'l, quri'ldi'),* **Taqi'ldaq** *(**taqi'l:** taqi'ldi', taq-taq),* **Sharti'ldaq** *(**sharti'l:** shart, shartlaq),* **Shuwi'ldaq**[172] *(**shuwi'l:** shuw, shuwi'ldi')* h'a'm t.b. Qaraqalpaq tili dialektlerinde ***– daq*** qosi'mtasi'nan jasalg'an ***pan'qi'ldaq, zan'qi'ldaq, warqi'ldaq, darqi'ldaq*** si'yaqli' jeke so'zler menen laqaplar da ushi'rasadi'. ***–daq*** affiksinin' jin'ishke varianti' bolg'an ***– dek*** suffiksinen de laqaplar jasalg'an: **Gu'n'kildek** *(**gu'n'kil:** gu'n'kildi).* Na'zerimizdegi ***– daq, – dek,*** affikslerinen kelbetlikke ta'n bolg'an ***– i'l, – il*** interfiksleri ja'rdeminde laqaplar jasaladi'. Bul affikslerden jasalg'an laqaplar xali'q yerteklerinde de ushi'rasadi': Tog'i'z **Ton'qi'ldaq**, bir **Shin'kildek**.[173]

***– may, – mey* affiksleri.** **Laqi'may** *(**laqi':** laqqi'),* **Pan'qi'may** *(**pan'qi':** pan'qi'ldi'),* **Suwqi'may** *(**suwqi':** suwayt, suwqi'yt).* Mi'sallardag'i' ***laqi', pan'qi', suwqi'*** si'yaqli' leksikali'q birlikler so'ylesim wa'killeri qollani'si'nda jeke turg'anda da ma'nige iye h'a'm bul so'zlerden usi' h'alati'nda da laqaplar jasalg'an.

---

[172] Bul laqap jeke adamnan ti'sqari' ko'pshilikke de qollani'ladi'.

[173] Қарақалпақ фольклоры. II т. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. – Б. 274-279.

Qaraqalpaq tilinin' arqa dialektinde so'ylewshiler tilinde **– *may*** affiksinen do'relgen ***qan'g'i'may*** *(gezende),* ***qi'lqi'may*** *(jermen),* ***si'rg'i'may*** *(jalatay),* ***h'arlamay*** *(yoshli')* h'a'm t.b. so'zler menen laqaplar jiyi ushi'rasadi'. Yu.Xojalepesova miynetindegi **Parlamay**[174] laqabi'n da usi'lar qatari'na qosi'wg'a boladi'. Sonday-aq, **–** ***may*** affiksinin' jin'ishke varianti' bolg'an **–** ***mey*** suffiksinen **Yelirmey** *(yelirme),* **La'pirmey** *(lepirme)* ta'rizli laqaplar ju'zege kelgen.

Bizin' baqlawi'mi'zsha, Buxara qaraqalpaqlari' so'ylesimlerinde affiksasiya joli' menen laqaplar jasawshi' tiykarg'i' h'a'm wo'nimli qosi'mtalar usi'lar boli'p tabi'ladi'. Basqa qosi'mtalar h'a'rekettegi so'zlerge tayar laqapli'q ma'niler ju'kleydi: **– aq, – ek – i'q, – ik** *(alaq, serek, ji'ri'q, mu'rik),* **– awi'q, – ewik** *(mi'ri'ldawi'q, din'kildewik),* **– go'y** *(ba'digo'y, ju'zego'y),* **– kesh** *(naskesh, shi'li'mkesh),* **– qay, – key** *(qomaqay, tersekey*[175]*),* **– qaq, – kek** *(qorqaq, u'rkek),* **– qar, – ker, – g'ar, – ger** *(mashaqar,*[176] *tejemker,*[177] *zarg'ar,*[178] *ta'neger*[179]*),* **– qaw** *(go'rqaw, mi'lqaw),* **– laq, – lek** *(baqalaq, sho'kelek),* **– li'q, – lik** *(shi'qi'li'q, likilik),***– man, – men** *(ji'layman, wo'lermen),* **– namay, – nemey** *(wa'liynamay, ko'rnemey*[180]*),* **– shaq, – shek** *(maqtanshaq, yerinshek),* **– shi', – shi** *(da'ldalshi', tilenshi),* **– paz** *(qati'npaz, qumarpaz),* **– taq** *(taltaq, shaltaq),* **– tan'** *(jaltan', qaltan'),* **– si'z, – siz** *(woysi'z, jetesiz),* **– su'rey** *(ma'n'gu'rsu'rey, wo'lisu'rey),* **– xan** *(duwaxan, woqi'wxan*[181]*),* **– xor** *(juwi'ndi'xor, h'aramxor)* h'a'm t.b. Bulardi'n' ishinde **– qaq, – kek** affikslerinin' variantlari' bolg'an **– g'aq, – gek** affiksleri g'ana jan'a laqaplar jasag'an: **Shon'g'aq** *(**shon'** – u'lken, zon'g'aq),* **Din'gek** *(**din'** – biyik, zorri'q).*

---

[174] Хожалепесова Ю. Прозвища в системе каракалпакской антропономии. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Нукус, 1995. – С. 18.

[175] **Tersekey** – tirsek, terisputaq, terisqaytqan.

[176] **Mashaqar** – joli' jen'il hayal. Bul so'z qosi'mtasi'z «маsha» tu'rinde de ayti'ladi'.

[177] **Tejemker** – pi'si'q, u'nemshil.

[178] **Zarg'ar** – nali'nshaq, nalago'y.

[179] **Ta'neger** – bul jerde: basqishi'l, da'lkekshil.

[180] **Ko'rnemey** – ko'rmedik, ko'rgensiz, ko'rnemek.

[181] **Woqi'wxan** – qara duwadan paydalani'wshi', ma'kir-si'yqi'r qollani'wshi'.

Affiksaciya usi’li’ menen affikslerdin’ jalg’ani’wi’nan ti’sqari’ so’z basi’nda keliwshi prefikslerden jasalg’an laqaplar da ushi’rasadi’: ***Biydari’q*** *(jo’nsiz)*, ***Biyopa*** *(wopasi’z)*, ***Biysawda*** *(sawdasi’ sa’tsiz)* h’a’m ***Ba’dtirnek*** *(nasaz perzent)*, ***Na’shu’kir*** *(h’a’siy)*. Biraq, bunday usi’lda jasalg’an laqaplar ko’p yemes.

**So’zlerdin’ qosi’li’wi’.**

Laqaplardi’n’ bul tu’ri qospa so’zlerden jasaladi’. Ha’zirgi qaraqalpaq til biliminde qospa so’zler bes tu’rge bo’lip qaraladi’: *1) sostavli’ so’zler 2) jup so’zler 3) ta’kirar so’zler 4) birikken so’zler 5) qi’sqarg’an so’zler*.[182]

***Sostavli’ so’zlerden jasalg’an laqaplar.*** Birneshe so’zdin’ birigip kelip, bir leksikali’q ma’nige iye boli’wi’ tiykari’nda sostavli’ so’zler do’reledi. Laqaplar da usi’nday jol menen jasaladi’. Ma’selen, ***Ayg’a balta i’laqti’rg’an*** *(aqko’z)* laqabi’ Aralboyi’ h’a’m Buxara qaraqalpaqlari’ arasi’nda sostavli’ so’zlerden jasalg’an toparli’q laqap tu’rinde belgili. Bul laqap qon’i’rat ari’si’ qoldawli’ taypasi’ni’n’ ku’lkixojaq uri’wi’na qollani’ladi’. Sonday-aq, jeke adamg’a qatnasli’ ***Boy wo’seri bar*** *(wog’i’ri’ uzi’n)*, ***Joqari’ qarag’an*** *(qaqay)* degen laqaplar da sostavli’ laqaplar tu’rinde bir yemes, birneshe adamlar ismine qosi’msha si’pati’nda ayti’ladi’. Sostavli’ so’zlerden jasalg’an laqaplar dara h’ali’nda jazi’ladi’: ***Ala sabi’r*** *(shala, asi’g’i’s)*, ***Aydaw qara*** *(qara dumalaq, qulpa’ren’)*, ***Ashi’q awi’z*** *(an’qaw, sada)*, ***Juwan judi’ri’q*** *(zor, mushti’m[183])*, ***Ka’lle bas si’yraq*** *(ma’hmadana, bilewik)*, ***G’i’rt jalt*** *(nag’i’z wo’tirikshi, g’i’rt jalg’anshi’)*, ***Qara dawi’l*** *(gu’rildek, iri dawi’s)*, ***Qara shala*** *(miynetkesh, pidayi’)*, ***Sapi’rma Sari’*** *(wo’sekshi, jen’ilawi’z)*, ***I’si’ri’p salar*** *(h’a’kki, sum)* h’a’m t.b. Usi’lar qatari’na laqaplarg’a aylani’p ketken eponimlerdi kirgiziwge de boladi’: ***Asan qayg’i’*** *(uwayi’mshi’l, h’azarshi’l)*, ***Aldar ko’se*** *(quwaqi’, sum)*, ***Alan’g’asar A’lip da’w*** *(an’go’dek, pati’rlaq)*, ***Telibay tenti*** *(yoshli’,*

---

[182] Da’wletov A., Da’wletov M., Qudaybergenov M. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tili.– No’kis: Qaraqalpaqstan, 2010. – B. 39.

[183] **«Mushti’m»** so’zi qarqalpaq tilinin’ Shi’mbay so’ylesiminde laqapli’q ma’nide de qollani’ladi’.

*xoshkewil), **Shi'qbermes Shi'g'ay** (si'qmar, zi'qna).* Bul eponimler h'a'zirgi waqi'tta usi'nday xarakterdegi adamlarg'a laqap si'pati'nda da, qa'liplesken sostavli' so'z tu'rinde de ayti'la beredi.

***Jup so'zlerden jasalg'an laqaplar.*** Jup so'zlerden jasalg'an laqaplar xali'q tilinde da'nekersiz qollani'lg'an birgelikli ag'zalardi'n' yamasa ma'nileri bir-birine jaqi'n bolg'an ag'zalardi'n' yekew ara juplasi'p qollani'li'wi' na'tiyjesinde payda boladi'. Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplarda qaraqalpaq a'debiy tilinde qollani'latug'i'n h'a'm tek sol so'ylesimge ta'n bolg'an jup so'zlerden de laqaplar do'relgen: ***Alalay-bulalay*** *(ushqalaq, jen'iltek),* ***Api'rash-shapi'rash*** *(ashaq, qi'li'y),* ***Arasan-qorasan*** *(jolkershi, ziyaratgo'y),* ***A'mpey-ja'mpey*** *(tiltapqi'sh, u'yirshil),* ***A'ste-aqi'ri'n*** *(jaybasar, arqayi'n),* ***A'shir-na'shir*** *(bezengish, sa'nshil),* ***A'were-sarsan'*** *(a'biger, sergizdan),* ***Bi'lq-si'lq*** *(nazli', kerbaz),* ***Jin-shaytan*** *(alba-dulba, salaq),* ***Laqi'r-luqi'r*** *(jen'il, saldamsi'z),* ***Lawlaw-g'awg'aw*** *(lawi'ldaq, g'awqi'ldaq),* ***Woran'-soran'*** *(wog'ataysi'z, wolaq),* ***Pati'r-puti'r*** *(shalag'ay, alag'ayi'm),* ***Saldi'r-gu'ldir*** *(ala pasi'rli', shawqi'mli').* Bul laqaplar xali'q tilinde birneshe a'sirler dawami'nda qa'liplesken tu'sinikler tiykari'nda kelip shi'qqan.

***Ta'kirar so'zlerden jasalg'an laqaplar.*** Xali'qti'n' so'ylew tilinde bir so'zdin' yeki ma'rte qaytalani'p ayti'li'wi'nan jasalg'an ta'kirar so'zler basi'm wori'ndi' iyeleydi. Wo'z gezeginde usi'nday ta'kirar so'zlerden de h'a'm ayi'ri'm jag'daylarda ta'kirarlanbaytug'i'n so'zlerdin' ta'kirarlawi'nan da laqaplar jasalg'an. Sonli'qtan bunday laqaplar usi' topar qurami'nda qarasti'ri'ldi': ***Boldi'-boldi'*** *(asi'g'i's),* ***Bi'di'r-bi'di'r*** *(tu'siniksiz),* ***G'i'yt-g'i'yt*** *(ayqayshi'l),* ***Gijin'-gijin'*** *(jag'i'msi'z),* ***Dalan'-dalan'*** *(jelpildek),* ***Du'k-du'k*** *(ton'qi'ldaq),* ***Ji'lt-ji'lt*** *(jalatay),* ***Ji'rq-ji'rq*** *(ku'lkishil),* ***İh'i-ih'i*** *(jo'telgish),* ***Lik-lik*** *(jelpildek),* ***Ma'ma'-ma'ma'*** *(ma'mesek)*[184], ***Maqul-maqul*** *(tilalg'i'sh),*

---

[184] Da'stiyarli' halg'a kelgende de anasi'ni'n' aytqani'n' aytqani menen ju'rip-turatug'i'n **«mamashi'l»** balani' rus tilinde **«мамсик»** dese, buxarali' qaraqalpaqlar tilinde woni'n' **«ma'mesek»** degen ekvivalenti bar ha'm **«ma'ma'-ma'ma'»** tu'rindegi laqapli'q varyanti' da qollani'li'p kelmekte.

***Mi’j-mi’j*** *(yezbe),* ***Shaq-shaq***[185] *(shaqqan),* ***Si’lan’-si’lan’*** *(sa’ten’),* ***Si’lq-si’lq*** *(wo’tirik ku’lgish),* ***Wax-wax*** *(wo’kingish),* ***Yaxshi’-yaxshi’*** *(i’rayshi’l).*

***Birikken so’zlerden jasalg’an laqaplar.*** Birikken so’zler yeki yamasa birneshe tu’bir yaki tiykarlardi’n’ birqansha waqi’tlar dawami’nda birge qollani’li’p, ti’g’i’z birigip ketiwinen jasalg’an. Sol tiykarda wolar jan’a ma’ni payda yetedi. Laqaplar arasi’nda da bul ta’rizde birikken laqaplar ushi’rasadi’. Mi’sal ushi’n xali’q arasi’nda si’qmar, mayda adamlarg’a qollani’latug’i’n ***So’ksanar***, wo’tkir, alg’i’r adamlarg’a qarati’la ayti’latug’i’n ***Jerteser*** laqaplari’ usi’lar qatari’na kiredi. Bunday laqaplar birikken so’z tu’rinde qosi’li’p jazi’ladi’. Laqaplar jasawda wolar adamni’n’ qollanatug’i’n so’zi yamasa is-h’a’reketi menen baylani’sli’ kelip shi’qqan: ***Aquday*** *(a quday),*[186] ***Ag’ashquyri’q*** *(quwaqi’),* ***Aqqoybag’ar*** *(ataqli’ shopan),* ***Aqpaqulaq*** *(shaymiy),* ***Aqi’rzaman*** *(qapi’ltqi’sh),* ***A’perbaqan*** *(gu’dibuzar),*[187] ***Besatar*** *(suqli’),* ***Birtartar*** *(ilgir),* ***Go’jepalwan*** *(qomaqay),* ***Jalan’to’s*** *(da’wju’rek),* ***Jinuri’q*** *(tentek),* ***Kisikiyik***[188] *(jekkelengish),* ***Ko’goyaz*** *(shala),* ***Ko’kjambas*** *(shaytanlag’i’sh),* ***Qarasi’yraq*** *(miynetkesh),* ***Qoyag’oysh*** *(qoya g’oyshi’),*[189] ***Qumka’lle*** *(gewekbas, shaymiy),* ***Mesqari’n*** *(semiz, ko’mpek),* ***Tasmiytin*** *(shi’g’i’msi’z, pes),* ***Terisqaytqan*** *(na’kas, baqi’l),****Tisqaqqan*** *(sum)* h’a’m t.b.

***Qi’sqarg’an qospa so’zlerden jasalg’an laqaplar.*** Qi’sqarg’an qospa so’zlerden jasalg’an laqaplar adam atlari’na qosi’msha h’a’m etnonimlerge baylani’sli’ da ayti’ladi’. Qi’sqarg’an so’zler si’yaqli’ bul tu’rdegi laqaplar da da’slepki h’a’riplerdin’ qi’sqarti’li’wi’nan jasaladi’. Ma’selen,

---

[185] Bul laqap ha’zilkesh adamlarg’a da berilgen. Biraq wol «**shaq-shaq**» so’zi si’yaqli’ jeke-dara bo’ip-bo’lip ayti’li’p yemes, al «**shaqshaq**» yamasa «**shaqshaqi’**» tu’rinde ayti’ladi’.

[186] Bul atama balajan adamlarg’a qoyi’ladi’.

[187] Bul so’z darali’q laqap tu’rinde de, toparli’q laqap tu’rinde de ushi’rasadi’. Toparli’q laqap tu’rinde man’g’i’tlardi’n’ qi’lqali’ uri’wi’ni’n’ bir topari’na qollani’ladi’.

[188] «**Jabayi’ adam**» so’zinin’ sinonimi si’pati’nda qollani’latug’i’n «**kisikiyik**» atamasi’ laqap si’pati’nda wo’z aldi’na bo’leklenip shiytkip ju’retug’i’n, ko’pshilikti jati’rqaytug’i’n tarti’nshaq adamlarg’a qarati’la ayti’ladi’.

[189] Nazli’ hayallardi’n’ so’ylew salti’nan kelip shi’qqan tu’sinik.

Qaraqalpaqstang'a belgili ali'm Genjemurat Shamuratovti' wo'z ka'siplesleri **«GSh»** *(gi-shi)* dep atawi' sebepli bul laqap ken'nen belgili boli'p ketken. Tamdi'dan shi'qqan ataqli' shopan, yeki ma'rte Miynet qah'armani', sharwashi'li'q tarawi' boyi'nsha akademik Jabay Bali'ymanovti' zamanlas adamlari' «**JB»** *(ji'-bi')* dep qi'sqarti'p atag'an. Bunday laqaplar Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nda h'a'r awi'lda, h'a'r ja'ma'a'tte qa'liplesken. Ha'tteki, ayi'ri'm mekteplerdegi oqi'wshi'lardi'n' wo'z mug'allimlerine de usi'nday laqaplar qoyi'p alg'anli'g'i'ni'n' gu'wasi' boldi'q. Biraq, bunday laqaplar tar ko'lemde paydalani'latug'i'nli'qtan wolardi'n' h'a'rqaysi'si'na jeke-jeke toqtap woti'rmadi'q.

Bunday kriptonimlik usi'l boyi'nsha qa'liplesken qi'sqarti'wlar toparli'q laqaplarg'a ko'birek ta'n boli'p keledi. Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' awi'zeki so'ylesiminde **«qaraqalpaq»** atamasi'n **«QQ»** *(qi'-qi')* dep atasa, **«ta'jik»** milletinin' ati'n **«TJ»** *(ti-ji)* dep ataw h'allari' ushi'rasadi'. Bulardan ti'sqari' qaraqalpaqlardi'n' iri uri'w-qa'wimlik birlespelerinin' atamalari' da usi'lay qi'sqarti'li'p ayti'ladi': **qon'i'rat** – **«QN'R»** *(qi'-n'i'-r),* **qi'pshaq** – **«QPSh»** *(qi'-pi'-shi'),* **qi'tay** – **«QT»** *(qi'-ti'),* **mu'yten** – **«MT»** *(mi-ti),* **keneges** – **«KS»** *(ki-si),* **man'g'i't** – **«MN'G'»** *(mi'-i'n'-g'i').* Ayi'ri'm jag'daylarda kishi uri'wlar ati'nda da qi'sqarti'wlar ushi'rasi'p qaladi': **ko'rpe** – **«KRP»** *(ki-ri-pi),* **ma'jek** – **«MJ»** *(mi-ji).* Wo'ytkeni, son'g'i' yeki etnonim wa'killeri Buxara qaraqalpaqlari' qurami'nda ko'pshilikti quraydi'. Usi' atamalar mariginal etnonimlerge baylani'sli' da qollani'ladi': **xoja** – **«XJ»** *(xi'-ji'),* **to're** – **«TR»** *(ti-ri)* h'a'm t.b.

Bunday atamalar tek jazi'wdi'n' shi'g'i'wi' menen baylani'sli' bolmay, tabu tu'rinde de yerteden-aq ju'zege kelgenligi seziledi. Sebebi, ayi'ri'm atamalar xali'q arasi'nda buri'nnan-aq usi'lay ayti'li'p kelgen. Tamdi' aymag'i'nda qon'i'ratlardi'n' tariyxi'y qoni'sli'g'i' yelege shekem **Qi'n'i'r** *(QN'R)* dep ayti'ladi' h'a'm bul awi'l wo'tken a'sirde iri sharwashi'li'q xojali'g'i'ni'n' worayi' bolg'an. Buxara qaraqalpaqlari' arasi'nda qon'i'ratlar usi'layi'nsha «**QN'R»** dep atalsa, Shi'mkent qalasi'ni'n' do'gereginde **«QT»**

dep ataladi'. Wo'ytkeni, Tu'rkstan u'lkesi (Tu'slik Qazaqstan) xalqi'ni'n' basi'm ko'pshiligin qon'i'ratlar quraydi' h'a'm wolar sol aymaqti'n' tu'pkilikli turg'i'nlari' boli'p tabi'ladi'. Al, Buxara qaraqalpaqlari' qurami'nda **«Q»** h'a'ribi menen atalatug'i'n bir g'ana **qon'i'ratlar** emes, **qi'tay** h'a'm **qi'pshaq**lardi'n' da bar boli'wi' sebepli, wolar jeke-jeke seslik qi'sqarti'wlar menen atalg'anli'g'i' an'lasi'ladi'.

Xali'q tilinde de adam atlari'na baylani'sli' **Ma'ke**, **Sa'ke**, **Sha'ke** si'yaqli' qi'sqarti'wlardi'n' wori'n ali'p kelgenligi belgili.[190] Wolardi'n' bunday atali'wlari'na adamni'n' ati'ni'n' da'slepki h'a'ribi tiykar yetip ali'nsa, geyde h'u'rmetlew worni'nda isletiletug'i'n **«a'ke»** so'zinin' birinshi h'a'ripke qosi'li'p ayti'li'wi'nan da kelip shi'qqanli'g'i' ma'lim.[191] Qaraqalpaq xalqi'ni'n' awi'zeki so'ylew tilinde ismnin' usi'layi'nsha qi'sqarti'li'p ayti'li'wi'na **«jarnaq at»** h'a'm **«jarnat»** dep ayti'ladi'. Buxara qaraqalpaqlari' so'ylesimlerinde tiykari'nan **«jarnat»** termini isletiledi. Xali'q leksikasi'na ta'n bolg'an **«bo'lshek»**, **«jarnaq»**, **«jarti'»**, **«jari'»**, **«jari'n»** degen so'zler bir-birine jaqi'n ma'nilerde qollani'ladi'. Usi' tiykarda ju'zege kelgen **«jarnat»** tu'sinigi wori's tilindegi **«полуимена»** terminine sa'ykes boli'p, xali'q tilindegi qi'sqarg'an atamalarg'a qollani'li'p kiyati'r. Bul jag'day xali'q tilindegi qi'sqarti'wshi' so'zlerdin' tek jazi'wdi'n' shi'g'i'wi' menen g'ana payda bolmay, buri'nnan bar da'stu'riy usi'l yekenligin ko'rsetedi.

Soni' da ko'rsetip wo'tiw lazi'm, xali'q arasi'nda antroponimlerdin' basqa da tu'rlerine baylani'sli' atamalardi'n' bar yekenligi ma'lim. Alayi'q, adamni'n' ati'n tergew mu'na'sibeti menen beriletug'i'n ***si'nat*** *(si'n at yaki si'nal at)* termini Buxara qaraqalpaqlari'ni'n' tariyxi'y leksikasi'nda ***si'ng'at*** *(si'nalg'i' at)* tu'rinde qollani'li'p kelgen. Tabu tu'rinde ju'zege kelgen bunday ***si'n atlar*** *(si'ng'atlar yaki si'namay atlar)* jan'a tu'sken kelinnin'

---

[190] Da'wletov A., Da'wletov M., Qudaybergenov M. Ha'zirgi qaraqalpaq a'debiy tili.– No'kis: Qaraqalpaqstan, 2010. – B. 43.

[191] Сайымбетов О. Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис: Билим, 2000. – Б. 46.

si’nshi’lli’g’i’n, at tan’lawda adamni’n’ si’n-si’pati’na qaray si’n beriw sheberligin de an’latqan. Ha’tte, si’natlar ishinde de laqaplarg’a aylani’p ketkenleri bar. Sonli’qtan bunday atlar da laqaplarg’a jaqi’n yekenligin ko’rsetip wo’tiwimiz za’ru’r. Xali’q arasi’nda bunday atamalardi’n’ basqa da tu’rleri bar. Jeke adamlar menen etnonim atamlari’ni’n’ janapay h’a’m jalg’an ati’ si’pati’nda qollani’li’p kiyati’rg’an laqaplar da bar. Mi’sali’, *mayli’balta* etnoniminin’ janapay ati’ **«shapqi’»** dep atalsa, *ko’rpe*[192] uri’wi’n **«shag’atay»** *(«bo’petay»)* degen atama menen de ju’ritedi. Bul atamalar h’a’zirgi waqi’tta qollani’li’wdan qali’p barati’rg’an tu’sinikler si’pati’nda u’yreniliwi za’ru’r boli’w menen birge, antroponimiya tarawi’ni’n’ tariyxi’y qatlami’n izertlewde de u’lken a’h’miyetke iye.

---

[192] Qi’tay ari’si’ni’n’ qayshi’li’ taypasi’na kiretug’i’n uri’w.

## U’shinshi bap boyi’nsha juwmaq

Bul bapta tiykari’nan Buxara qaraqalpaqlari’ tilindegi laqaplardi’n’ fonetikali’q h’a’m grammatikali’q wo’zgeshelikleri qarap shi’g’i’ldi’. Laqaplardi’ u’yreniw bari’si’nda Buxara qaraqalpaqlari’ni’n’ seslik sistemasi’ndag’i’ wo’zgesheliklerge itibar berildi. Buxara qaraqalpaqlari’ni’n’ so’ylew tilinde a’debiy tilge ta’n bolmag’an ***dj*** *(жç)*, ***ch*** *(ч)* fonemalari’ni’n’ bar yekenligi mi’sallar menen ko’rsetildi. Bul fonemalar tiykari’nan ekspressivlik-emocionalli’q ma’nide jumsaladi’. Al ayi’ri’m wori’nlarda wo’zbek h’a’m ta’jik tilleri ta’siri sebebinen so’ylesim wa’killeri so’yleminde toli’q h’ali’nda da qollani’ladi’.

Tilde fonetikali’q prosessler sebebinen ju’zege keletug’i’n epenteza, proteza, apokopa, metateza qubi’li’slari’ da u’yrenildi. Bul qubi’li’slarg’a baylani’sli’ seslik o’zgeshelikler laqaplarda da saqlani’p qalg’an. Bunday wo’zgeshelikler qaraqalpaq tilinin’ basqa da so’ylesimlerinen bayqaladi’.

Laqaplardi’n’ jasali’wi’ndag’i’ grammatikali’q wo’zgesheliklerdi tallag’ani’mi’zda, so’zlerdin’ qosi’li’wi’nan ju’zege keletug’i’n qospa so’zlerdin’ laqaplar du’zilimi ushi’n da ta’biyiy yekenligi ani’qlandi’.

Uluwma alg’anda, laqaplardi’n’ fonetikali’q h’a’m grammatikali’q wo’zgesheliklerin u’yreniw bari’si’nda milliy tildin’ rawajlani’wi’ndag’i’ birqansha qubi’li’slardi’n’ ju’zege kelgenligi ani’qlandi’. Laqaplar boyi’nsha ji’ynalg’an bul materiallar keleshekte til tariyxi’n, xali’qti’n’ a’sirler boyi’ saqlani’p kiyati’rg’an qa’diriyatlari’n u’yreniwdin’ da’regi boli’p xi’zmet yetetug’i’nli’g’i’ so’zsiz. Soni’n’ menen birge, tu’rkiy xali’qlardi’n’ bir-biri menen ma’deniy baylani’slari’ni’n’ teren’ tami’rlari’n, ata til to’rkinlerin de ashatug’i’nli’g’i’ ani’q. Sonli’qtan da bul ma’seleni izertlewdi h’a’r ta’repleme h’a’m ken’ ko’lemde dawam yettiriw za’ru’r dep yesaplaymi’z.

# J U W M A Q

Buxara qaraqalpaqlari' tili boyi'nsha birinshi boli'p baqlaw ju'rgizgen izertlewshi H.Ha'midov «Qaraqalpaqlardi'n' tiykarg'i' massasi'n quraytug'i'n Xorezm[193] qaraqalpaqlari'nan bo'linip ketkenine a'sirler boli'wi'na qaramastan buxarali' qaraqalpaqlar wo'zlerinin' milliy seziwin, a'dewir basi'm da'rejede, wo'zlerinin' negizgi ana tili bolg'an qaraqalpaq tilin usi' ku'nge shekem saqlap kelgen. Duri's, biraz wori'nlarda qon'si'las woti'rg'an wo'zbek h'a'm qazaq tilleri menen aralasi'wi' h'a'm a'ste-aqi'ri'n jaqi'nlasi'w prosesi bayqaladi', bul – ta'biyg'i'y jag'day. Degen menen qaraqalpaq tili basqa tiller arasi'nda joyi'li'p ketpey, bizin' a'debiy tilimizge ju'da' jaqi'n bolg'an h'ali'nda da wo'z keleboyi'n saqlap qalg'an»[194], - dep bah'a bergen yedi.

Buxara qaraqalpaqlari' tilinde lokal wo'zgesheliklerdin' boli'wi' menen birge, qaraqalpaq tili belgilerinin' basi'm yekenligi h'aqqi'nda D.Nasi'rov,[195] S.Tolstova,[196] T.Qanaatov,[197] Q.Bekbergenov,[198] J.Ubaydullaev,[199]

---

[193] Ha'zirgi «Aralboyi'» ha'm «Tu'slik Aralboyi'» atamalari' worni'nda qollani'lg'an.

[194] Ҳамидов Ҳ. Бухара қарақалпақларының тили бойıынша бақлаўлар // ӨзРИА ҚҚФ Хабаршысы. – Нөкис, 1964. -№3. – Б. 147.

[195] Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. –Нукус-Казань: Каракалпакстан, 1976. – С. 284-288.

[196] Насыров Д., Толстова Л. Этническое и языковое развитие локальных групп каракалпаков *(бухарской, ферганской, самаркандской)* // Этнические процессы у национальных групп Средней Азии и Казахстана. – М.: Наука, 1980. – С. 231-233.

[197] Қанаатов Т. Қарақалпақ тили Тамды сөйлесиминиң айырым лексикалық өзгешеликлери // XVI-ой научно-теоретической конференсии студентов Каракалпакский государственный университет им. Бердаха. – Нукус, 1992, 19-22 апрель; Сол автор: Тамды қарақалпақлары тилине тəн лексикалық белгилер // ӨзРИА ҚҚБ Хабаршысы. – Нөкис, 2007. – Б. 128-131.

[198] Бекбергенов Қ., Убайдуллаев Ж. Елибай қарақалпақлары тилинен материаллар // Респ. науч.-практ. конф. – Наука Каракалпакстана: вчера, сегодня, завтра. Мат. тез. – Нукус, 2009. – Б. 118-119.

[199] Убайдуллаев Ж. Үшқудық қарақалпақлары тили бойынша шолыўлар // Межд. науч.-практ. конф. – Национальный фольклор народов Центральной Азии и проблемы духовного обновления общества: Мат. докл. – Нукус. 2008. – Б. 184-185; Сол автор: Мурынтаў қарақалпақлары тилинен этюдлер // Халықар. ил.-теор. конф. – Орта Азия өркенияты: өтмиши ҳəм келешеги: Материал. топл. – Нөкис, 2012. - Б. 208-209.

A.Pirekeevalardi'n'[200] izertlewlerinde de ayi'ri'm pikirler keltirilip wo'tilgen. Ko'rsetilgen miynetlerde itibarg'a ali'ng'an qaraqalpaq tiline ta'n xarakterli belgiler laqaplarda da ayqi'n bayqaladi'.

Son'g'i' waqi'tlarda tildin' lingvoma'deniy a'h'miyetine de ken' kewil bo'line basladi'. Usi' bag'darda *til* h'a'm *ma'deniyat* tutasli'g'i'n izertlewge arnalg'an jumi'slar ju'zege keldi.[201] Amerikali' izertlewshi E.Sepir bul ma'selede «... adamlar belgili da'rejede wo'z tiline g'a'rezli boladi', til minez-quli'q normalari'na ta'sir etedi, xali'qti'n' ma'deniy da'rejesin, woni'n' tilin izertlemey turi'p tu'sindiriw mu'mkin emes, til ja'miyetlik shi'nli'qti' tu'sindiriwdin' jetekshi qurali'» dep tasti'yi'qlaydi'.[202] Tildegi usi'nday wo'zgesheliklerdi saqlaytug'i'n bir taraw antroponimiya yekenligi belgili. Sebebi, h'a'rbir xali'qqa ta'n adam atlari' da, wolarg'a qoyi'lg'an laqaplar da sol xali'qti'n' woylawi', du'nyatani'mi' menen ti'g'i'z baylani'sli' boladi'. Bul milliy mentalitettin' tildegi ko'rinislerinin' biri.

Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplarda da uluwma qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'zine ta'n si'patlar, til stereotipleri saqlani'w menen birge, dialektlik wo'zgeshelikler de ju'zege kelgen. Lekin laqaplardi'n' payda boli'wi'nda da belgili bir ni'zamli'li'qlar bar yekenligi ko'zge taslanadi'. Woni'n' ayqi'n bir ko'rinisi, etnonimlerge qoyi'lg'an laqaplardi'n' jan'adan-jan'a si'n'arlari'ni'n' payda boli'p woti'ri'wi'nda ko'rinedi. Ju'zege kelgen laqaplar leksikali'q ma'nisi boyi'nsha g'ana yemes, fonetikali'q h'a'm grammatikali'q wo'zgeshelikleri boyi'nsha da wo'zgeshelenedi.

Jumi'sta usi' ma'seleler lingvogrammatikali'q h'a'm tariyxi'y etnografiyali'q tallaw tiykari'nda qarasti'ri'ldi'. Usi' tiykarda Buxara qaraqalpaqlari' tilindegi laqaplar birinshi ma'rte u'yrenildi. Wolardi' analizlew

---

[200] Пирекеева А. Конимех қорақалпоқлари шеваси. Филол. фан. ном. дисс. …автореф. – Нукус, 2012. – Б.19.

[201] Маслова В.А. Введение в ингвокультурологию. – М.: Наследие, 1997; Маслова В.А. Лингвокультурология. – М.: Искусство, 2001.

[202] Сепир Э. Избранные труды по языкознанию и культурологию. – М.: Наука, 1998. – С. 98.

bari'si'nda uzaq a'sirler boyi' qa'liplesken Buxara qaraqalpaqlari' laqaplari'ni'n' qaraqalpaqlardi'n' uluwma xali'qli'q so'ylew tili tiykari'nda do'retilgenligi h'a'm usi' da'stu'rdin' yele de dawam yetip kiyati'rg'anli'g'i' ani'qlandi'. Ha'tteki, qaraqalpaqlar menen aralas jasap kiyati'rg'an millet wa'killerine de jergilikli so'ylesimnin' ta'siri bolg'anli'g'i' ko'rsetildi.

Laqaplardi' klassifikaciyalawda til bilimi tarawi'ndag'i' son'g'i' ilimiy jetiskenlikler menen ta'jiriybeler basshi'li'qqa ali'ndi'. Sol bag'darda *darali'q* h'a'm *toparli'q laqaplar* qaraqalpaq antroponomiyasi' ushi'n ta'n yekenligi h'a'm bul terminlerdin' milliy terminologiyada paydalani'w za'ru'rligi da'lillendi.

Laqaplardi' u'yreniw menen baylani'sli' antroponimlerdin' basqa da tu'rlerine di'qqat awdari'ldi' h'a'm wolar arasi'nda jaqi'nli'qlar itibarg'a ali'ndi'. Antroponimlerdin' laqaplarg'a jaqi'n bolg'an tu'rlerin jeke-jeke izertlew ma'selesi wo'z aldi'na jumi's bolg'anli'qtan wolarg'a qi'sqa g'ana toqtap wo'tildi.

Qullasi', tildin' lingvoma'deniy sistemasi'na kiretug'i'n laqaplar da a'yyemgi da'wirlerden berli xali'qti'n' so'ylew salti'nda saqlani'p kiyati'rg'an informasiyali'q da'neker xi'zmetin atqari'p kelgen h'a'm tariyxi'y da'wirlerdin' sa'wlesin til kodlari' arqali' qa'liplestirgen. Bunday etnoma'deniy si'patti'n' saqlani'p qali'wi', dawam ettiriliwi tildegi arxetiplik simvollardi'n' xi'zmeti menen baylani'sli'. Wol xali'qti'n' ruwxi'y du'nyasi'ni'n' ba'rqulla ana til menen birge rawajlani'p woti'ratug'i'nli'g'i'n ko'rsetedi. Solay yeken, laqaplar – millet tilinin' qa'liplesiwindegi h'a'm rawajlani'wi'ndag'i' tariyxi'y-etnikali'q, lingvoma'deniy da'rek h'a'm du'nyatani'mli'q qubi'li's boli'p yesaplanadi'. Bul qubi'li's V.Gumboldttin' «Millettin' wo'zine ta'n, ishki rawajlani'wshi' ruwxi' bar, sol ruwxti'n' wo'zgesheligin si'rtqa shi'g'ari'p, saqlap, a'wladtan-a'wladqa jetkerip beriwshi ku'sh – til»[203] degen si'patlamasi'n toli'g'i' menen tasti'yi'qlaydi'.

---

[203] Гумбольдт В. Язык и философия культуры. – М.: Прогресс, 1985. – С. 17.

Usi'ni' inabatqa alsaq, bul jumi'sti' izertleniw bari'si'nda ju'zege kelgen na'tiyjeler de usi'nday ta'repleri menen itibarg'a i'layi'q boli'p, qaraqalpaq laqaplari'ni'n' jergilikli wo'zinsheliklerin, woni'n' tariyxi'y tiykarlari'n tani'wda ayri'qsha a'h'miyetke iye. Dissertaciya materiallari'nan qaraqalpaq antroponimiyasi' boyi'nsha joqarg'i' woqi'w wori'nlari', worta arnawli' h'a'm ka'siplik bilimlendiriw ma'kemeleri, ka'sip-wo'ner kolledjleri, liceyler, uluwma bilim beriw mektepleri ushi'n sabaqli'qlar menen woqi'w-metodikali'q qollanbalar, bag'darlamalar jazi'wda, dialektologiya, lingvistika, lingvoma'deniyattani'w bag'darlari'nan fakultativ kurslar, seminarlar sho'lkemlestiriwde, izertlew jumi'slari'n ali'p bari'wda, qaraqalpaq laqaplari'ni'n' arnawli' so'zligin du'ziwde paydalani'w mu'mkin.

# Qos?’msha

## Informatorlar dizimi

**Abi’lova Da’riyxa**. 1951 j.t. qaraqalpaq (qi’tay, qamshi’li’, a’lseyit, sayaq). Za’repshan qalasi’, Jan’a Za’repshan ma’hallesi, 1-woram, 14-jay.

**Alpi’sbayev Ku’ntuwar**. 1963 j.t. qaraqalpaq (qi’pshaq, bayi’rli’, jabi’). Tamdi’ aymag’i’, Jan’a Tamdi’ qalashasi’, 16-jay.

**A’bdireyimov Qosanbay**. 1936 j.t. qaraqalpaq (qi’pshaq, bayi’rli’, jabi’). Tamdi’ aymag’i’, Aqqabaq awi’li’.

**A’biwova Qarshi’g’ay**. 1956 j.t. qaraqalpaq (qi’tay, qayshi’li’, qi’di’r, toqa). Za’repshan qalasi’, 12-kishirayon, 24-jay, 36-u’y.

**A’zimbayev Atamurat**. 1956 j.t. qaraqalpaq (man’g’i’t, tu’lkiman’g’i’t). Keni’mi’q aymag’i’, Tog’i’zto’be awi’l’i’.

**A’welbekova Turg’angu’l**. 1949 j.t. qaraqalpaq (mu’yten, alpi’lar, baqshaq). Kenimi’q qalashasi’, Shorto’be worami’.

**Bazarbayeva Aqshayi’**. 1954 j.t. qaraqalpaq (qi’tay, qayshi’li’, qi’di’r, toqa). Za’repshan qalasi’, Jan’a Za’repshan ma’hallesi, 1-woram, 25[a] jay.

**Basharova Aqtuli’m.** 1941 j.t. qaraqalpaq (qi’pshaq, baltali’, mayli’balta). Tamdi’ aymag’i’, Kerizbulaq awi’li’.

**Berdiyev Nartay**. 1936 j.t. qaraqalpaq (qon’i’rat, i’rg’aqli’, qaratonli’). Kenimi’q aymag’i’, Baymurat awi’li’.

**Boranbayeva A’wes.** 1932 j.t. qaraqalpaq (qi’tay, qayshi’li’, ko’rpe). Za’repshan qalasi’, 7-kishirayon, 4-jay, 44-u’y.

**Dosatov Ali’qul**. 1934 j.t. qaraqalpaq (man’g’i’t, gu’rman’g’i’t, tamg’ali’). Kenimi’q qalashasi’, Qurama worami’.

**Dosqabi’lov Jari’lqasi’n**. 1955 j.t. qaraqalpaq (qi’tay, qayshi’i’, ma’jek, sir). Tamdi’ aymag’i’, Ayaqqudi’q awi’li’.

**Jan’abergenova Baqti’gu’l.** 1951 j.t. qaraqalpaq (qon’i’rat, qi’yat, balg’ali’). U’shqudi’q qalasi’, 11-kishirayon, 80-jay, 21-u’y.

**Jorabayev Yesqabi'l.** 1961 j.t. qaraqalpaq (qon'i'rat, qi'yat, u'shtamg'ali'). Keni'mi'q aymag'i', Jan'aqazg'an awi'li'.

**Jumayeva Wo'tegu'l.** 1957 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qazayaqli', ko'pusta, to'len). Nur Ata aymag'i', Qosqudi'q bo'limi.

**Imamnazarova Sholpan**. 1935 j.t. qaraqalpaq (qon'i'rat, qazayaqli', ko'legen). Tamdi' aymag'i', Aqqabaq awi'li'.

**Kenbayev Berdali'**. 1971 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qayshi'li', qi'di'r, sas). Keni'mi'q qalashsasi', Berdaq ko'shesi, 15-jay.

**Qayi'pova Tan'su'li'w**. 1965 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qayshi'li', ko'rpe). Muri'ntaw qalashasi', 5-woram, 65-jay, 4-u'y.

**Qanaatova Dilaram**. 1938 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qi'ri'qtamg'ali', yeshkili). Kenimi'q qalashasi', T.Ari'slanbayev ko'shesi, 1-jay.

**Qanaatova Patshagu'l**. 1947 j.t. qaraqalpaq (qi'pshaq, baltali', mayli'balta). Kenimi'q qalashasi', Shorto'be worami'.

**Men'liyeva Ra'ziya**. 1945 j.t. qaraqalpaq (man'g'i't, yesman'g'i't, temirxoja). Za'repshan qalasi', Jan'a Za'repshan ma'hallesi, 3-woram, 32-jay.

**Polatov Ma'mireyim**. 1943 j.t. qaraqalpaq (man'g'i't, yeseman'g'i't, yesebay). Keni'mi'q aymag'i', Tog'i'zto'be awi'li'.

**Sa'ttarova Toygu'l**. 1951 j.t. qaraqalpaq (xoja, qorasan, qazaqqarag'an). Gi'jduwan aymag'i', Ko'kshe awi'li'.

**Tag'aymuratov Shadman**. 1955 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qanjarli', ta'nke, anna). Nur Ata aymag'i', Qosqudi'q bo'limi.

**Tan'atarov A'bdirahman**. 1947 j.t. qaraqalpaq (qi'tay, qazayaqli', to'len'git). Tamdi' aymag'i', Jan'aqala worami'.

**Worazbayeva Sheker.** 1952 j.t. qaraqalpaq (man'g'i't, aqman'g'i't, balta). Za'repshan qalasi', Jan'a Za'repshan ma'hallesi, 1-woram, 32-jay. 62-u'y.

**Wo'mirbayev Womar**. 1940 j.t. qaraqalpaq (qon'i'rat, qoldawli', beskempir). Kenimi'q aymag'i', Qali'mbet gu'mbez ma'kani'.

**Shernazarov A'liysher**. 1970 j.t. qaraqalpaq (man'g'i't, teliman'gi't, telimi'n'). Kenimi'q qalashasi', Shorto'be worami'.

# A’DEBIYATLAR DIZIMI

## Wo’zbekstan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimovti’n’ miynetleri

1. Каримов И. Асарлар. 6 жилдлик, 2-жилд. – Тошкент: Ўзбекистон, 1996.
2. Каримов И. Жаңаша ойлаў – дәўир талабы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1997.
3. Каримов И. Идеология – это объединяющий флаг нации, общества, государства. – Ташкент: Ўзбекистон, 1998.
4. Каримов И. Туркестан – наш общий дом. – Ташкент: Ўзбекистон, 1995.

## Tiykarg’i’ a’debiyatlar

1. Антропонимика. – М.: Наука, 1970.
2. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык. том I. – М.: Изд. АН СССР, 1951.
3. Бахамова А.Г. Уйгурские прозвища и их этнолингвистическая характеристика. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Алматы, 2004.
4. Бегжанов Т. Қарақалпақ диалектологиясының мәселелеринен. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1971.
5. Бегматов Э. Антропонимика узбекского языка. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Ташкент, 1965.
6. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.
7. Воробьев В.В. Лингвокультурология (теория и методы). – М.: РУДН, 1997.
8. Воронцова Ю.Б. Коллективные прозвища в русских говорах. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Екатеринбург, 2002.
9. Гордлевский В.А. Избранные сочинение. том IV. – М.: Изд-во восточной литературы, 1968.
10. Гумбольдт В. Язык и философия культуры. – М.: Прогресс, 1985.

11. Даль В.И. Толковый словарь живого великорусского языка. Т. III. – М.: ГИИНС, 1956.

12. Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили *(фонетика)*. – Нөкис: Билим, 1999.

13. Da’wletov A., Da’wletov M., Qudaybergenov M. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tili.– No’kis: Qaraqalpaqstan, 2010.

14. Досжанов Б.Ә. Қазақ тіліндегі көне тұлғалы антропонимдер: филол. ғыл. канд. дис. автореф. – Астана, 2001.

15. Доспанов О. Қарақалпақ тили қубла диалектиниң лексикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.

16. Жанұзақов Т. Қазақ есімдерінің тарихы. – Алматы: Ғылым, 1971.

17. Историческое лексики тюркских языков. – М.: Изд-во АН СССР, 1961.

18. Кайдаров А.Т. Развитие современного уйгурского литературного языка. Т. I. – А.-А: Наука, 1969.

19. Каппелер А. Мазепинцы, малороссы, хохлы: украинцы в этнической иерархии Российской империи // Россия – Украина: история и взаимоотношений. – М.: Школа «Язык русской культуры», 1997.

20. Ковалев Г.Ф. Этнос и имя. Воронеж: ВГУ, 2003.

21. Кульдеева Г.И. Антропонимия казахов г. Кзыл-Орды и его окрестностей *(на материале личных имен)*. Автореф. дис. ... канд. ист. наук. – Казань, 1994.

22. Қанаатов Т. Таўелибай тарийхынан там-тум сыр. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.

23. Қарақалпақ тилиниң орфографиялық сөзлиги. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.

24. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1982.

25. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. II том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1984.

26. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
27. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
28. Маслова В. Введение в лингвокультурологию. – М.: Наследие, 1997.
29. Маслова В.А. Лингвокультурология. – М.: Искусство, 2001.
30. Мурзаев Э.М. Тюркские географические названия. – М.: Восточная литература, 1996.
31. Мусаева Р.А. Кумыкская антропонимика: прозвища и полуимена. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Махачкала, 2008.
32. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. – Нукус-Казань: Каракалпакстан, 1976.
33. Насыров Д., Доспанов О. Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1983.
34. Никонов В.А. Имя и общество. – М.: Наука, 1974.
35. Пашаев А. Прозвища в азербайджанском языке. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Баку, 1987.
36. Пахратдинов Қ., Бекбергенов Қ. Қарақалпақ тилиндеги қысқарған қоспа сөзлер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2011.
37. Пирекеева А. Конимех қорақалпоқлари шеваси. Филол. фан. ном. дисс. …автореф. – Нукус, 2012.
38. Російсько-український словник. – Київ: Головна редакція Української радянської енциклопедії, 1979.
39. Русско-киргизский словарь. – М.: Гос-ное изд-во ин.-ных и национальных словарей, 1957.
40. Сайымбетов О. Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис: Билим, 2000.
41. Селищев А.М. Происхождение русских фамилий, личных имен и прозвищ. Вып. 128. кн. 1. – М.: Ученые записки МГУ, 1948.

42. Сепир Э. Избранные труды по языкознанию и культурологи. – М.: Наука, 1998.

43. Типы наддиалектных форм языка. – М.: Наука, 1981.

44. Толстова Л.С. Каракалпаки за пределами Хорезмского оазиса в XIX-начале XX в. – Нукус-Ташкент: ККГИЗ, 1963.

45. Толстова Л.С. Жоқарғы қарақалпақлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1975.

46. Ҳамидов Ҳ. Ески қарақалпақ тилиниң жазба естеликлери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1985.

47. Хожалепесова Ю. Прозвища в системе каракалпакской антропономии. Автореф. дис. ... канд. филол. наук. – Нукус, 1995.

48. Шәмшетов Ж. Исмиңиздиң мәнисин билесиз бе? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1997.

49. Щетинин Л.М. Имена и названия. – Ростов-на-Дону: Изд-во Ростовского университета, 1958.

50. Энциклопедический словарь. Т. XIV. Калаки-кардамъ. – С.-Петербург: Типо-литография И.А.Евфрона, 1895.

## Qosi'msha a'debiyatlar

1. Аимбетов К. Каракалпакские народные сказители. Автореф. дис. ... докт. филол. наук. – Ташкент, 1965.

2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1968.

3. Айымбетов Қ. Өткен күнлерден елеслер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1972.

4. Айтмуратов Д. Тюркские этнонимы. – Нукус: Каракалпакстан, 1986.

5. Ахмедов Б. Историко-географическая литература Средней Азии XV-XVIII вв. – Ташкент: Фан, 1985.

6. Балапанов Н. Қыдыр-Тоқалар *(шежире)*. – Зәрепшан, 2008.

7. Бердақ. Шежире. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.

8. Дәўен Е. Нәсепнама. – Зәрепшан: Атамура, 1993.

9. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. – М.-Л.: Изд. АН СССР, 1950.
10. Жыраў намалары // Басп. таяр. Адамбаева Т. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991.
11. Есбергенов Х., Хошниязов Ж. Этнографические мотивы в фольклоре каракалпаков. – Ташкент: Фан, 1988.
12. Қаз дауысты Қазыбек би // Құрастырушы С.Дәуітов. – Алматы: ҚАЗақпарат, 2011.
13. Қанаатов Т. Дала дилўары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1996.
14. Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
15. Қарақалпақ фольклоры. II т. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
16. Мамырұлы Д. Кенимех *(қысқаша тарихи очерк және деректер)*. – Кенимех: Кенимех баспаханасы, 2002.
17. Мәмбетов К. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.
18. Мөңке батыр // ӨзРИА ҚБ Илимий китапханасының қолжазбалар қоры. Р-585, Инв. №180079.
19. Пайзуллаева Ш. Аз емесдур қарақалпақ көп. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1994.
20. Султанов К. Өмир дәптери. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991.
21. Таўелибай әңгимелери. – Зәрепшан: Атамура, 1995.
22. Тилеўмуратов М. Бердақтың шығармаларындағы тарийхый дәреклер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1968.

## Da’wirlik basi’li’mlar h’am toplamlar

1. Абдрахманова Т.М. Қазақ, орыс, неміс тілдеріндегі лақап есімдердің ерекшелігі // Тілтаным. – Алматы. 2004. -№4. -129 б.

2. Алымов Ә., Маликова У. Мурынтаў баўрайын жырға бөлеген... // Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының илим, билимлендириў ҳәм тәрбия мәселелерин раўажландырыўдағы орны. Респ. ил.-теор. конф. мат.-ры. II бөлим. – Нөкис. 2010.

3. Әмирлан С. Тамды тамашалары // Саза. – Нөкис, 2013. -№4.

4. Байғосынова Г. Лақап ат туралы // Тіл тарихы және сөз табиғаты. – Алматы, 1997.

5. Байниязов Ә. Нур қарақалпақлары // Сәният. – Нөкис, 2009. -№1-2.

6. Байниязов Қ. «Шынғыз ҳаслы кимнен болған...?» *(қыят тайпасы шежиресине байланыслы гейпара дәреклер)* // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2004. -№1.

7. Бекбергенов Қ., Убайдуллаев Ж. Елибай қарақалпақлары тилинен материаллар // Респ. науч.-практ. конф. – Наука Каракалпакстана: вчера, сегодня, завтра. Мат. тез. – Нукус. 2009.

8. Гордлевский В.А. К личной ономастике у османцев // Древности восточное. – СПб., 1913.

9. Жданко Т.А. Каракалпаки Хорезмского оазиса // Труды Хорезмского экспедиции. - 1962.

10. Камалов Қ. Нөкис көз алдымызда көркеймекте // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2003. -№1-3.

11. Кацнельсон С.Д. О теории лингвистических уровней // Вопросы общего языкознания. – М., 1964.

12. Қанаатов Т. Төлеңгитлер кимлер?.. // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1999. -№5-6.

13. Қанаатов Т. Ерназар алакөз ҳәм оның қошадарлары // Респ. ил.-теор. конф. – Ерназар алакөз – халық қаҳарманы: Баян. тез. – Нөкис. 2007.

14. Қанаатов Т. Бухара қарақалпақларының балаларды генеалогиялық саналылыққа бағдарлаў салты // ҚМУ хабаршысы. – Нөкис. 2009, -№3.

15. Қанаатов Т. Қарақалпақ тарийхының кең жийеклери // Әмиўдәрья. – Нөкис, 2007. -№1.

16. Қанаатов Т. Тамды қарақалпақлары тилине тән лексикалық белгилер // ӨзРИА ҚҚБ Хабаршысы. – Нөкис, 2007. -№3.
17. Мақсетов Қ. Бухарадағы қарақалпақ жыраў-бақсылары // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1960. -№6.
18. Мамыр-улы Ә. Кенимық қарақалпақлары тарийхынан қысқа дәреклер // Сәният. – Нөкис, 2006. -№1-2.
19. Моллабай-улы К. Туўысқанларымызды тапсақ еди... // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2002. -№7.
20. Мунис и Агехи. Фирдаусу-ль икбаль // Материалы по истории каракалпаков – Труды института востоковедения, Т. VII. – М.-Л., 1935.
21. Найымов Х. Қарақалпақлардың миллий мәмлекетиниң қәлиплесиўи // Қарақалпақстан муғаллими. – Нөкис, 1992. -№1.
22. Насыров Д.С., Толстова Л.С. Этническое и языковое развитие локальных групп каракалпаков *(бухарской, ферганской, самаркандской)* //
23. Этнические процессы у национальных групп Средней Азии и Казахстана. – М.: Наука, 1980.
24. Олжабаев С. Түркистан үлкесиниң байырғы халқы ҳәм олардың этномәдений жағдайы // Сб. Международная научно-практическая конференция – Национальный фольклор народов Центральной Азии и проблема духовного обновления общества. – Нукус. 2008, 27-28 ноябрь.
25. Омар-улы А. Ерназар Алакөздиң Түркистандағы урпақлары // Қарақалпақ халық қаҳарманы Ерназар Алакөздиң туўылғанына 200 жыл толыўына арналған республикалық илимий-теориялық конференция материаллары. – Нөкис, 2007.
26. Орынбаев Қ. Шаңарақ турмысы менен байланыслы шағын сөзлик // Саза. – Нөкис, 2012. -№9-10.
27. Пайзуллаева Ш. Әбдираман биртартар // Ғумша. – Нөкис, 1992. -№1.
28. Печерских Т.А. Вторичные топонимы типа Камчатка // Вопросы ономастики. – Свердловск, 1974. -№8-9.
29. Полатов Х. Буқыш бий әўладлары // Әмиўдәрья. – Нөкис, 2010. -№5.

30. Покровская Л.А. Термины родства в тюркских языках // Сб. Историческое развитие лексики тюркских языков. – М.: Изд-во АН СССР, 1961.

31. Поротников П.Т. Групповые и индивидуальные прозвища в говорах Талицкого района Свердловской области //Антропонимика. – М.: Наука, 1970.

32. Пирекеева А. О локальном говоре каракалпакского языка // Вестник Челябинского государственного университета. Филология. – Челябинск, 2011. -№3 (218).

33. Пирназаров М. Қарым-қатнас жүзесинен келип шыққан сөзлер ҳәм мәнилер // Саза. – Нөкис, 2013. -№1.

34. Райымбеков Н. «Қаратерең» дегенде қарақалпақтың тарийхы шығады // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1992. -№4-5.

35. Султанов А. Бухаралы қарақалпақлар // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1991. -№2.

36. Толстова Л.С. Некоторые сведения о бухарских каракалпаках // Вестник ККФАН РУз ССР. – Нукус, 1961. -№1.

37. Төренияозова Ж. Қарақалпақ тилиниң Шымбай сөйлемине тән сөзлер // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2004. -№1.

38. Тилеўбаев С. Бердақ ҳәм Алыўшы батыр // Респ. ил.-теор. конф. – Қарақалпақ жазба әдебияты ҳәм халық мийрасын үйрениў мәселелери: Баян. тез. – Нөкис, 2007.

39. Ҳайдаров Б. Бухары ҳәм Бухар қарақалпақлары // Халықар. ил.-теор. конф. – Орта Азия өркенияты: өтмиши ҳәм келешеги: Материал. топл. – Нөкис. 2012.

40. Ҳамидов Ҳ. Бухара қарақалпақларының тили бойынша бақлаўлар // ӨзРИА ҚҚФ Хабаршысы. – Нөкис, 1964. -№3.

41. Шамамбетов Б. Қарақалпақстаннан сырттағы қарақалпақлар тарийхының изертлениў жағдайлары // ӨзРИА ҚҚБ Хабаршысы. – Нөкис, 2004. -№7.

42. Шихиев А. Бухара областындағы түркмен говорларының гейпара лексикалық өзгешеликлери ҳәм оның қарақалпақ тилине қатнасы туўралы // ӨзРИА ҚҚФ Хабаршысы. – Нөкис, 1974. -№4.
43. Шубов Л.И. Практическая транскрипция и эпономические термины // Топонимика и транскрипция. – М.: Наука, 1964.
44. Убайдуллаев Ж. Үшқудық қарақалпақлары тили бойынша шолыўлар // Межд. науч.-практ. конф. – Национальный фольклор народов Центральной Азии и проблемы духовного обновления общества: Мат. докл. – Нукус. 2008.
45. Убайдуллаев Ж. Қарақалпақ тили сөйлесимлериндеги сәйкесликлер // Материалы Межд. науч.-практ. конф. – Устойчивое развитие Южного Приаралья. – Нукус. 2011.

## Dawamli' basi'li'mlar

1. Айымбетов Е. Телибай тенти // Мәденият ҳәм спорт. – Нөкис, 2013. -№3.
2. Ахмет-улы Б. Тарийхымызға көбирек кеўил бөлинсе... // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2002. -№3.
3. Аян А. Сыйқым султан ким болған? // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2002. -№1.
4. Аян А. Төбесинде булт айланған батырлар // Ақмаңғыт таңы. – Ақмаңғыт, 2006. -№17-18.
5. Аян А. Бөри руўхлы Буқыш бий // Кенимех таңы. – Кенимех, 2012. -№9.
6. Әбдирахманов Қ. «Үшбас» лақаплы батырлар // Еркин Қарақалпақстан. – Нөкис, 2005. -№97.
7. Әмирлан С. Туреке ғаўқым // Ақмаңғыт таңы. – Ақмаңғыт, 2011. -№21.
8. Бабашев Ш. Тауелібайдың тарихы тереңде // Нұрлы жол. – Ташкент, 2005. -№93.
9. Бабашев Ш. Ала атлы Аманбай // Нөкис ҳақыйқаты. – Нөкис, 2006. -№27.

10. Байниязов Қ. Генжебай батырдың әўладлары // Еркин Қарақалпақстан. – Нөкис, 1992. -№163-164.

11. Қарақалпақ *(шежирелик дүзилме)*. – Нөкис: «Әмир Едиге сарайы» китапханасы, 2009.

12. Қанаатов Т. Алыўшы батыр // Қарақалпақстан жаслары. – Нөкис. 1993, 9-январь. -№3.

13. Қанаатов Т. Ер Есимниң баласы Буқыш еди... // Қарақалпақстан ҳаўазы. – Нөкис, 1996. -№5.

14. Масабаева Н. Шанқай жиров ижоди // Аму тонги. – Нукус, 2001. -№26.

15. Мәмбетова З. Таўелибай қарақалпақлары ҳаққында не билесиз? // Қарақалпақстан жаслары. – Нөкис, 1994. -№13.

16. Полатова Г. Айланбас шабандоз ҳаққында // Шымбай ҳаўазы. – Шымбай, 2009. -№13.

18. Рейимов А., Хожаназаров Ә. Қарақалпақлар етекли ел болған... // Ақмаңғыт таңы. – Ақмаңғыт, 2006. №13-14.

19. Сийпатдинов Ш. Атам айтқан бир ўақыя // Жипек жолы. – Нөкис, 2007. -№12-17.

21. Тілеумұратов М. Алты алашқа танымал батыр // Нұрлы жол. – Ташкент, 2007. -№31.

22. Тұрдымұратов Ж. Қарақалпақ билерінің қоғамда тұтқан орны // Қазақтың ата заңдары. Х т. – Алматы: Жеті жарғы, 2008.

## Internet saytlari’

1. http://www.kazakh.ru/talk/mmess.phtml?idt=35027

2. https://ru.vikipedia.org

3. http://www.ast.uz/ru/catalog.php?bid=638sid=518aid=245

4. http: // www.balto-slavica.com

5. http//malech.narod.ru/fakt39.html

6. http//ladomer.livejournal.com